

***MORFOLOGI TEMBUNG-TEMBUNG BASA JAWI KINA ING NOVEL
KIRTI NJUNJUNG DRAJAT ANGGITANIPUN R. TG. JASAWIDAGDA***

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



Dening
Tuti Wulandari
NIM 09205244056

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Morfologi Tembung-tembung Basa Jawi Kina ing Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R. Tg. Jasawidagda menika saged dipun-uji awit sampun angsal palilah dening pembimbing.



Yogyakarta, 14 November 2014
Pembimbing I

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Drs. Hardiyanto".

Drs. Hardiyanto, M.Hum.
NIP 19561130 198411 1 001

Yogyakarta, 14 November 2014
Pembimbing II


A handwritten signature in black ink, appearing to read "Avi Meilawati".

Avi Meilawati, S.Pd., M.A.
NIP 19830502 200912 2 003

PANGESAHAAN

Skripsi kanthi irah-irahan Morfologi Tembung-tembung Basa Jawi Kina ing Novel Kirty Njunjung Drajat anggitanipun R. Tg. Jasawidagda menika sampaun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging Dewan Penguji ing tanggal 21 November 2014 saha dipuntetepaken lulus.


DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		22 - 12 - 2014
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		22 - 12 - 2014
Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.	Penguji I		17 - 12 - 2014
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Penguji II		17 - 12 - 2014

Yogyakarta, 21 November 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta



WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Tuti Wulandari**
NIM : 09205244056
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika damelan kula piyambak. Samangretos kula wosing *karya ilmiah* menika beda kaliyan *karya ilmiah* ingkang sinerat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha *etika* nyerat *karya ilmiah* ingkang umum sarta dipunserat wonten kapustakan.

Wedharan menika dipunserat kanthi saestu. Manawi wonten kasunyatnipun samangke wedharan menika boten leres, sadayanipun dados tanggel jawab kula.

Yogyakarta, 21 November 2014

Kula pun,



Tuti Wulandari

NIM 09205244056

SESANTI

Aja dumeh (Adiwijaya, 2011:10)

(pandoming ngagesang supados sampun ngantos sombong tumrap kapinteran,
kadigdayan, kasugihan lan sapanunggalanipun)

PISUNGSUNG

Kanthy raos syukur dhumateng Allah SWT, *karya ilmiah* menika panyerat pisungsungaken dhumateng Bapak Tugino kaliyan Ibu Eti Astuti minangka tiyang sepuh, ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestu ingkang tanpa kendhat. Awit saking menika panyerat ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa upami.

PRAWACANA

Alhamdulillah wa Syukurillah konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, satemah skripsi kanthi irah-irahan “*Morfologi Tembung-tembung Basa Jawi Kina ing Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R. Tg. Jasawidagda*” menika sampun paripurna anggenipun nyerat. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat angsal gelar *Sarjana Pendidikan*.

Panyerat ngaturaken agung panuwun dhumateng sadaya ingkang sampun mbiyantu saha nyengkuyung dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agung panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, MA. M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula sinau wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring panjurung anggen kula sinau wonten ing Fakultas Bahasa dan Seni;
3. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom anggen kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
4. Bapak Drs. Hardiyanto, M.Hum. minangka pembimbing I saha Ibu Avi Meilawati, S.Pd., M.A. minangka pembimbing II, ingkang sampun kersa paring bimbingan saha ngelmu ingkang migunani satemah *skripsi* menika saged dipunpungkasi kanthi sae;
5. Bapak Mulyana, M.Hum. minangka dosen pembimbing akademik ingkang tansah paring bimbingan saha pamrayogi salebetipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
6. Bapak Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat;

7. Staff karyawan FBS UNY ingkang sampun mbiyantu tumrap panyerat, mliginipun ing wekdal panyerat ngayahi pandadaran *skripsi* pramila lampahipun pandadaran saged lancar;
8. Bapak, Ibu, Esti, Khozin, Lina, sarta sadherek-sadherek ingkang sampun paring panjurung saha donga tumrap kula;
9. Tulus saha Echa minangka kanca kang kinasih ingkang tansah suka panjurung saha donganipun satemah *skripsi* menika saged paripurna;
10. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2009 sarta sadaya pihak ingkang boten saged dipunsebutaken satunggal mbaka satunggal ingkang sampun suka panjurung saha donganipun tumrap panyerat satemah *skripsi* menika saged kaimpun.

Temtu kemawon *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi *skripsi* menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 21 November 2014

Kula pun,



Tuti Wulandari

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
WEDHARAN	iii
SESANTI	iv
PISUNGUNG	v
PRAWACANA	vi
DAFTAR ISI	viii
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR CEKAKAN	xiii
DAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARINGING PANALITEN	xv
 BAB I PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prakawis	3
C. Watesaning Prakawis	4
D. Wosing Prakawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangretosan	6
 BAB II GEGARAN TEORI	 8
A. Dhasaring <i>Teori</i>	8
1. Pangretosan Tata Tembung	10
2. Pangretosan <i>Semantik</i>	10
3. Pangretosan Basa Jawi Kina.....	11
4. Pangretosan Basa Jawi Enggal	14
5. Pangretosan Tembung	15
6. Wujud Tembung.....	17

a. Tembung Lingga.....	17
b. Tembung Andhahan.....	18
7. Jinis Tembung	26
a. Tembung Aran	26
b. Tembung Kriya.....	29
c. Tembung Kahanan.....	31
d. Tembung Katrangan.....	33
e. Tembung Wilangan.....	36
f. <i>Partikel</i>	38
8. Tegesing Tembung.....	40
9. <i>Novel Kirti Njunjung Drajat</i>	41
10. Pamilihipun <i>Data</i>	43
B. Panaliten ingkang Jumbuh	44
C. Nalaring Panaliten	46
 BAB III CARA PANALITEN	48
A. Jinising Panaliten.....	49
B. <i>Data</i> saha Sumberipun <i>Data</i>	49
C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	49
D. Piranti Panaliten	50
E. Caranipun <i>Analisis Data</i>	51
F. <i>Validitas</i> saha <i>Reliabilitas</i>	53
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	55
A. Asiling Panaliten	55
B. Pirembagan	62
1. Wujudipun Tembung saking Basa Jawi Kina ing <i>Novel KND</i> anggitanipun R. Tg. Jasawidgda	62
a. Tembung Lingga	63
b. Tembung Andhahan.....	66
1) Tembung Andhahan mawi Ater-Ater	66
2) Tembung Andhahan mawi Seselan	69

3) Tembung Andhahan mawi Panambang	70
4) Tembung Andhahan mawi <i>Konfiks</i>	72
5) Tembung Andhahan mawi <i>Simulfiks</i>	74
6) Tembung Rangkep.....	76
2. Jinisipun Tembung saking Basa Jawi Kina ing <i>Novel KND</i> anggitanipun R. Tg. Jasawidgda	79
a. Tembung Aran	80
b. Tembung Kriya	84
c. Tembung Kahanan	89
d. Tembung Katrangan.....	89
e. Tembung Wilangan.....	94
f. <i>Partikel</i>	97
3. Tegesipun Tembung saking Basa Jawi Kina ing <i>Novel KND</i> anggitanipun R. Tg. Jasawidgda	100
a. Tegesipun Tembung Aran.....	100
b. Tegesing Tembung Kriya.....	104
c. Tegesing Tembung Kahanan.....	109
d. Tegesing Tembung Katrangan.....	111
e. Tegesing Tembung Wilangan.....	113
f. Tegesing <i>Partikel</i>	115
BAB V PANUTUP	119
A. Dudutan	119
B. Pamrayogi	119
C. <i>Implikasi</i>	120
KAPUSTAKAN	121
LAMPIRAN	123

DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1: Kertu <i>Data Morfologi</i> Tembung-tembung Basa Jawi Kina ing <i>Novel KND</i> anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.....	51
Tabel 2: Tuladha Kertu <i>Data Wujud</i> , Jinis saha Tegesing Tembung-tembung Basa Jawi Kina ing <i>Novel KND</i> anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.....	52
Tabel 3: Wujud, Jinis saha Tegesipun Tembung-tembung Basa Jawi Kina ing <i>Novel KND</i> anggitanipun R. Tg. Jasawidagda	55

DAFTAR CEKAKAN

- KND : *Kirti Njunjung Drajet*
A : Tembung Andhahan
Ar : Tembung Aran (*Nomina*)
Kr : Tembung Kriya (*Verba*)
Kt : Tembung Katrangan (*Adverbia*)
L : Tembung Lingga
Pr : *Partikel*
Wl : Tembung Wilangan (*Numeralia*)
Kh : Tembung Kahanan (*Adjektiva*)
k : kaca
DL : *Data Lampiran*
R : *Reduplikasi*

DAFTAR LAMPIRAN

Kaca

Lampiran 1: *Analisis Wujud, Jinis saha Tegesing Tembung saking Basa Jawi Kina
ing Novel KND anggitanipun R. Tg. Jasawidagda..... 123*

**MORFOLOGI TEMBUNG-TEMBUNG BASA JAWI KINA ING NOVEL
KIRTI NJUNJUNG DRAJAT ANGGITANIPUN R. TG. JASAWIDAGDA**

Dening: Tuti Wulandari

NIM 09205244056

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken wujud, jinis, saha tegesipun tembung saking basa Jawi Kina ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* panaliten inggih menika ngengungi wujud, jinis, saha tegesipun tembung-tembung basa Jawi Kina. Sumber *data-nipun* inggih menika *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. *Data* panaliten menika dipuntliti kanthi *analisis morfologi*. Caranipun ngempalaken *data* inggih menika kanthi cara maos saha nyathet. *Data* dipun-*analisis* ngginakaken *teknik deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas triangulasi teori*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*.

Data ngengungi tembung saking basa Jawi Kina ingkang dipun-*analisis* saged dipunandharaken kados makaten: (1) wujuding tembung saking basa Jawi Kina. Wujuding tembung saking basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken wonten kalih warni, inggih menika (a) tembung lingga, saha (b) tembung andhahan. Saking kalih wujud tembung saking basa Jawi Kina ingkang langkung kathah kapanggihaken inggih menika tembung lingga. Lajeng ingkang kaping (2) jinis tembung saking basa Jawi Kina. Jinising tembung saking basa Jawi Kina kaperang dados nem warni, inggih menika; (a) tembung aran, (b) tembung kriya, (c) tembung kahanan, (d) tembung katrangan, (e) tembung wilangan, saha (f) *partikel*. Jinis tembung saking basa Jawi Kina ingkang kathah kapanggihaken inggih menika jinis tembung kriya. (3) tegesing tembung saking basa Jawi Kina. Tegesing tembung saking basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken wonten nem, inggih menika tegesing tembung ing (a) tembung aran, (b) tembung kriya, (c) tembung kahanan, (d) tembung katrangan, (e) tembung wilangan, (f) *partikel*.

Pamijining tembung: tembung saking basa Jawi Kina, *novel, Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Pamigunaning basa Jawi ingkang awujud seratan saged kapanggihaken ing karya sastra. Basa ingkang dipunginakaken ing karya sastra beda kaliyan ingkang dipunginakaken ing pagesangan padintenan. Basa ing karya sastra menika mujudaken basa ingkang mirunggan. Pamigunaning basa ing karya sastra sampun kaolah dening panganggit satemah ngasilaken *efek estetis* utawi kaendahan. Kaendahaning basa saged dipunwujudaken kanthi cara ingkang maneka warni ing antawisipun pamigunaning *majas* utawi pamilihing tembung ingkang trep. Tuladhanipun inggih menika pamigunaning basa Jawi *ragam* krama ing karya sastra. Salah satunggalipun karya sastra ingkang ngginakaken basa Jawi *ragam* krama inggih menika *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

Novel Kirti Njunjung Drajat menika dipunpilih adhedhasar babaraning *novel* ingkang cithakan kapisan ing taun 1924, satemah kalebet karya sastra ingkang sampun dangu. Bab menika ingkang dados satunggal bedanipun kaliyan *novel* ing jaman samenika mliginipun ing bab pamigunaning basa. Dipunsengkuyung dening andharan ing pambuka *novel* inggih menika “Para maos badhe manggihaken tetembungan Jawi ingkang sampun awis dipunginakaken ing jaman menika”. Menika pratandha bilih ing salebetung *novel* ngewrat pinten-pinten tembung ingkang sampun dangu, ing bab menika panyerat nggayutaken kaliyan tembung saking basa Jawi Kina.

Sinaosa basa Jawi *ragam* krama kalebet ing basa Jawi Enggal, wonten mapinten-pinten tembung saking basa Jawi Kina ingkang magepokan kaliyan basa Jawi *ragam* krama. Bab kasebut dipunsengkuyung pamanggihipun Wedhawati (2006:11), ingkang ngandharaken “*Embrio* basa Jawi Enggal *ragam* krama sampun kaginakaken wiwit ing jaman Kina ing salebeting basa Jawi Kina”. Gayutanipun basa Jawi *ragam* krama kaliyan basa Jawi Kina saged katitik saking wujudipun tembung utawi tegesipun tembung ingkang sami. Kanthi ngginakaken *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* kaliyan *Baoesastra Djawa* saged dipunpadosi tetembungan Jawi Kina ingkang gadhah wujud saha teges ingkang sami kaliyan basa Jawi *ragam* krama. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

Wanci jam **gangsal sonten**, kareta **latu** ingkang saking Semarang dhateng Ngayogyakarta, ... (Jasawidagda, 2012:11)

Tembung-tembung ingkang kacithak kandel ing nginggil menika tuladhaning tembung saking basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal *ragam* krama. Tembung *gangsal* menika salah salah satunggal tembung Jawi *ragam* krama ingkang gayut kaliyan tembung Jawi Kina. Miturut *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* anggitanipun L. Mardiwarsito (1981: 185) tembung *gangsal* tegesipun ‘lima’ (nedahaken tembung wilangan), makaten ugi miturut *Baoesastra Djawa* anggitanipun W. J. S. Poerwadarminta (1939: 132).

Tembung *sonten* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 536), tegesipun ‘sore’, makaten ugi tegesipun tembung *sonten* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 579). Tembung *gangsal* saha *sonten* menika tuladhaning tembung ingkang boten ngalami ewah-ewahan wujud menapa dene teges ing basa Jawi Enggal. Tembung *latu* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 312)

tegesipun ‘kembang geni’, dene tegesipun *latu* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 263) tegesipun ‘geni sapelik’. Ajeg ing wujudipun tembung, nanging ewah sakedhik ing tegesipun tembung.

Tembung-tembung ingkang wujud saha tegesipun ingkang sami antawisipun basa Jawi *ragam krama kaliyan* basa Jawi Kina ing *novel Kirti Njunjung Drajat*, dipunperang miturut jinisipun tembung. Jinisipun tembung saged katitik saking papanipun ing ukara sarta pamigunaning wuwuhan. Tembung ingkang rinaket kaliyan wuwuhan tegesipun sampun ewah saking tembung lingganipun. Dene satunggal jinis tembung saged awujud tembung lingga utawi tembung andhahan.

Wonten ingkang naliti *teks-teks* abasa Jawi Kina, naliti pamigunanipun basa Jawi Kina ing rapal mantra, menapa dene naliti ewah-ewahaning basa Jawi Kina ing basa Jawi enggal. Ananging, panyerat dereng sumerep panaliten bab basa Jawi Kina ing *novel*. Bab menika ingkang narik kawigatosan panyerat kangge manggihaken menapa kemawon jinis, wujud, saha tegesipun tembung-tembung basa Jawi Kina ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar saking dhasaring panaliten ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil, lajeng tuwu mapinten-pinten prakawis ing ngandhap menika.

1. Wujud tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
2. Jinis tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
3. Ewah-ewahanipun teges basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal *ragam krama* ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
4. Tegesipun tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
5. *Fungsi sintaksis* tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

C. Watesaning Prakawis

Sadaya prakawis ing nginggil narik kawigatosan manawi dipuntliti, nanging ngeneti kekajengan (*minat*), kasagedan (*kemampuan*), wekdal ingkang winates, sarta supados angsal *pengalaman* ingkang saestu, pramila saking prakawis-prakawis ing nginggil lajeng dipunwatesi. Dene watesaning prakawis saged kapratelakaken kados makaten.

1. Wujudipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
2. Jinisipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
3. Tegesipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

D. Wosing Prakawis

Adhedhasar watesaning prakawis ing nginggil, saged kaandharaken wosing prakawisipun. Wondene wosing prakawis ingkang dipunrembag kados ing ngandhap menika.

1. Kadospundi wujudipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda?
2. Menapa kemawon jinisipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda?
3. Kadospundi tegesipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda?

E. Ancasing Panaliten

Ancasipun panaliten menika kedah jumbuh kaliyan wosing prakawis ing nginggil. Wondene ancasing panaliten kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken wujudipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
2. Ngandharaken jinisipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
3. Ngandharaken tegesipun tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

F. Paedahing Panaliten

Paedahing panaliten menika kaperang dados kalih warni. Ingkang sapisan inggih menika paedah *teoritis*, ingkang kaping kalihipun paedah *praktis*.

1. Paedah *Teoritis*

Asiling pirembagan panaliten menika kaangkah saged ngrembakakaken kawruh saha ngandharaken bab menika ingkang saged kaginakaken kange panaliten salajengipun ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan *morfologi*, mliginipun bab tembung-tembung basa Jawi Kina.

2. Paedah *Praktis*

Paedah *praktis*-ipun inggih menika saged dipunginakaken minangka sumber pasinaon basa Jawi. Panaliten menika kaangkah supados suka pambiyantu dhateng para pamaos supados mangretosi kados pundi wujud, jinis, saha tegesipun perangan *morfologi* basa Jawi Kina.

G. Pangretosan

Mangretosi tembung-tembung ingkang mirungan menika wigatos kange panaliti ugi pamaos, utaminipun kange nyawijkaken cara pikir supados sami. Awit saking menika prelu dipunsukani andharan *istilah* ingkang gayut kaliyan panaliten menika. Wondene pangretosan saking *istilah-istilah* wonten ing panaliten menika saged kawedharaken kados menika.

1. Basa Jawi Kina

Basa Jawi Kina inggih menika tembung-tembung basa Jawi Enggal ragam krama ingkang wujud saha tegesipun sami kaliyan basa Jawi Kina ing *novel KND*

kacocogaken adhedhasar *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* anggitanipun L. Mardiwarsito kaliyan *Baoesastrā Djawa* anggitanipun W. J. S. Poerwadarminta.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Dhasaring Teori

Panaliten menika sampun naliti bab pamigunaning tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Inggih menika ngrembag bab wujud, jinis saha tegesipun tembung. Mila mbetahaken pangretosan-pangretosan saking ngelmu ingkang gayut kaliyan panaliten menika, ing antawisipun pangretosan tata tembung, *semantik*, basa Jawi Kina, Basa Jawi Enggal, tembung, jinisipun tembung, wujudipun tembung, teges, saha pamilihipun *data*. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken pangretosan tata tembung, *semantik*, basa Jawi Kina, Basa Jawi Enggal, tembung, jinisipun tembung, wujudipun tembung, makna, saha pamilihipun *data*.

1. Tata Tembung

Ing bab menika tata tembung ing ngelmu basa sami kaliyan *morfologi*. Mulyana (2007:5-6) ngandharaken, tembung *morfologi* saking basa Inggris *morphology* ingkang tegesipun perangan ngelmu basa ingkang nyinau peranganing tembung magepokan kaliyan *struktur gramatikal*. Tembung *morfologi* kadhapuk saking tembung *morphe 'bentuk'* saha *logos 'ilmu'*, ingkang tegesipun ngelmu basa ingkang nyinau bab pandhapuking tembung, ewahing tembung, saha ewahing tembung-tembung ingkang ndayani ewahing teges saha jinisipun tembung. Saking menika, saged dipunmangretosi bilih *morfologi* ngrembag sadaya bab ingkang gayut kaliyan tembung. *Morfologi* menika ngrembag bab pandhapuking tembung saha ewah-ewahanipun.

Wondene Verhaar (2008:97) ngandharaken pangretosan *morfologi* inggih menika satunggaling ngelmu basa ingkang ngrembag bab *satuan-satuan* dhasaring basa minangka *satuan gramatikal*. *Satuan gramatikal* menika ingkang dipunwastani *morfem*. Jumbuh kaliyan bab menika, Moeliono (2001:755) ngandharaken pangretosan *morfem* inggih menika satunggaling wujud basa ingkang paling alit, tegesipun ajeg, saha boten saged kapantha dados perangan-perangan langkung alit malih. Adhedhasar pamanggih para *ahli* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih morfologi menika *cabang linguistik* ingkang nyinau wujud saha *proses* pandhapuking tembung.

Saperangan pamanggih saking para ahli ingkang sampun kaandharaken ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun ngengingi *morfologi* utawi tata tembung. Inggih menika perangan ngelmu basa (*kajian linguistik*) ingkang ngrembag peranganing basa minangka *satuan gramatik* inggih menika ingkang awujud tembung saha *morfem*, sarta ngelmu ingkang nyinau utawi ngrembag bab tembung antawisipun pandhapuking tembung, dumadosing tembung, saha ewah-ewahanipun.

Magepokan kaliyan panaliten menika, panaliten bab pamigunaning tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda dipun-analisis kanthi *morfologi*. *Data-data* ingkang kapendhet ing panaliten menika tetembungan saking basa Jawi Kina. Pramila dipunbetahaken seserepan bab basa Jawi Kina supados *data* ingkang kapanggihaken jumbuh kaliyan *teori* basa Jawi Kina. Wondene pangretosan bab basa Jawi Kina kaandharaken ing ngandhap menika.

2. *Semantik*

Semantik kapendhet saking basa Yunani *semainem* 'teges'. Tegesipun tembung menika sami kaliyan tembung *semantique* wonten ing basa Perancis. *Semantik* inggih menika *subdisiplin* ngelmu basa ingkang ngrembag bab teges (Pateda, 2001:7). Makaten ugi miturut pamanggihipun Verhaar (1981:9) ingkang ngandharaken bilih *semantik* inggih menika perangan *linguistik* ingkang mengretosi tegesing basa wonten ing masarakat. Sarining pangretosan ngenggingi *semantik* ing nginggil inggih menika ngelmu ingkang ngrembag bab teges.

Chaer (1995:6) ngandharaken bilih *semantik* kaprinci dados sakawan jinis. Ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

- a) *Semantik leksikal* inggih menika *semantik* ingkang *objek* panalitenipun awujud *leksikon* (tembung).
- b) *Semantik gramatikal* inggih menika *semantik* ingkang *objek* panalitenipun awujud makna *gramatikal* ing tataran *morfologi*.
- c) *Semantik sintaktikal* inggih menika *semantik* ingkang ancas panalitenipun wonten gayutanipun kaliyan *sintaksis* (*frase*, *klausa*, saha ukara).
- d) *Semantik maksud* inggih menika *semantik* ingkang magepokan kaliyan wujud *gaya bahasa* kados ta *metafora*, *ironi*, *litotes*, lan sapanunggalanipun.

Analisis teges ing panaliten menika ngginakaken *semantik leksikal* saha *semantik gramatikal*. *Semantik leksikal* inggih menika semantik ingkang mliginipun ngrembag tegesing tembung (Pateda, 2001:74). Pangretosan *semantik* magepokan kaliyan makna *leksikal*. Suwandi (2008:68) ngandharaken bilih makna *leksikal* (*lexical meaning*, *semantic meaning*, *external meaning*) inggih

menika tegesipun tembung ingkang kawrat ing tembung, wujudipun tembung lingga saha tegesipun kirang langkung sami kados ing bausastra (*kamus*). Ing *kamus linguistik* Kridalaksana (1993:133) ngandharaken bilih makna *leksikal* inggih menika tegesipun tembung minangka tandha aran kahanan, prastawa, saha sanesipun ingkang boten dipuntingali saking *konteks-ipun*.

Semantik gramatikal inggih menika *semantik* ingkang ngrembag bab makna *gramatikal* ing tataran *morfologi* saha *sintaksis* (Mulyana, 2008:5). *Morfologi* (tata tembung) ngrembag tataraning tembung saha cara pandhapuking tembung. *Sintaksis* ngrembag bab gayutipun tembung kaliyan tembung sanes ing tataran *frase*, *klausa*, utawi ukara. Makna *gramatikal* ing panaliten menika kawujudaken saking asiling tembung ingkang ngalami *afiksasi*, *reduplikasi*, saha *konjungsi*. *Analisis semantik* igkang dipunginakaken ing tembung-tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda inggih menika *semantik leksikal* saha *semantik gramatikal*. Tembung lingga dipunpadosi tegesipun mawi makna *leksikal* adhedhasar bausastra, lajeng tembung andhahan minangka asiling *proses morfologi* dipunpadosi tegesipun mawi *makna gramatikal*.

3. Basa Jawi Kina

Wedhawati (2006:2) ngandharaken, basa Jawi Kina dipunginakaken masarakat Jawi wiwit abad I dumugi abad XV Masehi. Nalika abad I Masehi, basa Jawi Kina namung dipunginakaken ing basa lesan. Basa Jawi Kina kathah angsal pangaribawa tambahan *kosakata* saking basa Sansekerta. Cacahing *kosakata* saking basa Sansekerta kirang langkung 46% (7400) saking sadaya *kosakata*

(16000) basa Jawi Kina (Mardiwarsito & Kridalaksana, 2012:25). Basa Jawi Kina dipunginakaken ing basa lesan menapa dene kaserat wiwit saking abad ka-7 dumugi abad ka-15 kanthi swasana kabudayan Hindu-Budha-Jawa. Pamigunaning basa Jawi Kina ingkang awujud seratan paling dangu kapanggihaken wonten ing Prasasti Sukabumi taun 726 Šaka (25 Maret 804 Masehi). Karya sastra ingkang paling enggal dipun-sadur ing basa Jawi Kina kanthi aksara Jawa Kina wonten ing abad ka-19 inggih menika *Rāmāyaṇa* kaliyan *Mahābhārata* saking India.

Basa Jawi Kina menika salah satunggaling basa ingkang kalebet basa Austronesia (Wedhawati, 2006:9). Basa Jawi Kina dipunginakaken tiyang Jawi saking abad wolu dumugi gangsal welas Masehi. Kanyatan menika kabukten saking kapanggihaken karya sastra ingkang irah-irahanipun *Cañdarakarana*, prawacanipun ngginakaken basa Jawi Kina. Wosing karya sastra *Cañdarakarana* inggih menika asma raja-raja Syailendra ingkang sampun mbangun candi Kalasan kirang langkung taun 700 Šaka utawi 778 Masehi (Mardiwarsito & Kridalaksana, 2012:15).

Hadiwidjana (1967:39) mratelakaken tembung Kina inggih menika tembung-tembung Jawi ingkang dipunginakaken ing serat-serat, nanging samenika sampun boten kapanggihaken, sampun boten dipunginakaken. Andharan kasebut ugi dipunsengkuyung kaliyan pamanggihipun Subaldinata (1994: 1), basa Jawi Kina inggih menika basa Jawi ingkang kapanggihaken ing wohing kasusastran kina dipunwiwiti nalika jaman Mataram Kina, abad sadasa, ngantos dumugi jaman Majapahit (abad XIV). Pamanggih ing nginggil saged

dipunpendhet sarining pangretosan basa Jawi Kina inggih menika basa Jawi ingkang dipunginakaken masarakat Jawi wiwit abad I Masehi dumugi abad XV Masehi ingkang dipunginakaken wonten ing serat-serat sarta kasusastran kina.

Zoetmulder saha Poedjawijatna (1992:1) ngandharaken bilih basa Jawi Kina dumados saking swanten a, ā, ē, ö, i, ī, u, ū, r, ḫ, e, ai, o (au), k, kh g, gh, ng (ṅ), c, ch, j, jh, ñ, t, th, d, dh, n, ṭ, ṭ h, ḍ, ḍ h, ḥ, p, ph, b, bh, m, y, r, l, w, ś, §, s, h. Kabedakaken ing swanten *vokal* ingkang dumados saking swanten a, ā, ē, ö, i, ī, u, ū, saha ḫ. Swanten *konsonan* ingkang dumados saking swanten k, g, ng, c, j, t, ṭ, d, ḍ, n, ḥ, p, b, m, y, r, l, w, h. Dene swanten *konsonan* ingkang dumados saking rangkepan swanten h inggih menika swanten kh, gh, ch, jh, ṭ h, ḍ h, th, dh, ph, saha bh. Sasanesipun menika wonten swanten *desis* ingkang dumados saking swanten ś (ç), §, saha s. Antawisipun swanten-swanten menika wonten swanten ingkang sami ing Jawi Enggal inggih menika swanten k, g, c, j, ṭ, ḍ, t, d, p, saha b. Saking sadasa swanten ingkang sami menika wonten ingkang kaserat kanthi ngrangkep swanten h.

Abdullah saha Handayani (2007:36) ngandharaken bilih swanten ing basa Jawi Kina kapantha dados kalih jinis inggih menika swanten *vokal* kaliyan swanten *konsonan*. Swanten *vokal* wonten sadasa inggih menika /a/, /ā/, /é/, /ē/, /ö/, /i/, /ī/, /o/, /u/, /ū/. Dene swanten *konsonan* kapantha dados pitung jinis inggih menika (1) swanten *konsonan velar* inggih menika /k/, kh/, /g/, /gh/, /ng/, (2) swanten *konsonan palatal* inggih menika /c/, /sh/, /j/, /jh/, /ñ/, (3) swanten *konsonan alveolar* inggih menika /t/, /ṭ h/, /d/, /ḍ h/, /ṇ/, (4) swanten *konsonan dental* inggih menika /t/, /th/, /d/, /dh/, /n/, (5) swanten *konsonan labial* inggih

menika /p/, /ph/, /b/, /bh/, /m/, (6) swanten *konsonan setengah harkat* inggih menika /y/, /r/, /l/, /w/, (7) swanten *konsonan desis* inggih menika /č/, /š/, /s/. Basa Jawi Kina angsal pangaribawa saking basa Sansekerta. Pangaribawa menika saged dipuntingali saking caranipun ngeja, tuladhanipun ing bab mbedakaken *vokal* panjang kaliyan cekak (kalambangaken kanthi aksara *a-ā*, *i-ī*, *u-ū*), *(*bh*, *dh*, *kh*, *ph*, *th*, lan sapanunggalanipun.), swanten *desis apikal* saha *palatal* (ş kaliyan ſ).*

Panaliten menika naliti bab tembung-tembung saking basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami kaliyan basa Jawi Enggal ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Pramila saking menika kangge nyocogaken *data* ingkang dipunkajengaken dipunbetahaken seserepan bab basa Jawi Enggal. Ngengingi basa Jawi Enggal kaandharaken ing ngandhap menika.

4. Basa Jawi Enggal

Basa Jawi Enggal inggih menika basa ingkang dipunginakaken dening tiyang Jawi saking abad ka-16 Masehi dumugi samenika. Kasunyatan menika kabuktekaken saking kapanggihaken *teks Dewaruci Tembang Gedhe* jaman Raja Sultan Agung (taun 1613-1645), ingkang wosipun serat awujud pangandikanipun Pandheta Durna, Dewa Ruci kaliyan Bima. Wosipun *teks* menika prawacanipun ngginakaken basa Jawi Enggal (Wedhawati, 2006:11). Dhasaring basa Jawi Enggal ingkang dipunginakaken samenika saking basa Jawi Kina. Pangrembakaning basa Jawi dumugi samenika saged katingal saking swanten ing basa Jawi Enggal.

Miturut Mulyani (2008:22-38), swanten basa Jawi Enggal adhedhasar wonten menapa botenipun *proses artikulasi* kaperang dados kalih inggih menika swanten *vokal* saha swanten *konsonan*. Swanten vokal ing basa Jawi Enggal wonten wolu inggih menika /i/, /e/, /a/, /ɑ/, /ə/, /u/, /o/, saha /ɔ/. Swanten *konsonan* ing basa jawi Enggal kapantha dados sadasa inggih menika (1) *konsonan bilabial* inggih menika /p/, /b/, /m/, (2) *konsonan labio dental* inggih menika /w/, (3) *konsonan apiko dental* inggih menika /t/, /d/, (4) *konsonan apiko alveolar* inggih menika /n/, /l/, /r/, (5) *konsonan apiko palatal* inggih menika /ʈ/, /ɖ/, (6) *konsonan lamino alveolar* inggih menika /s/, (7) *konsonan medio palatal* inggih menika /c/, /j/, /ñ/, /y/, (8) *konsonan dorso-velar* inggih menika /k/, /g/, /ŋ/, /ɣ/, (9) *konsonan laringal* inggih menika /h/, (10) *konsonan glottal stop* inggih menika /?/.

Swanten basa ing nginggil lajeng dipuntata satemah ngasilaken satunggaling wujud basa ingkang dipunsebut tembung. Awit panaliten menika naliti bab tembung, ing ngandhap menika dipunandharaken bab tembung.

5. Tembung

Seserepan bab tembung menika kaandharaken dening mapinten-pinten tiyang ingkang winasis. Wiwit pamanggihipun Ramlan (1987:33) ingkang ngandharaken, tembung inggih menika *satuan* wujud basa ingkang dumados saking satunggal utawi pinten-pinten *morfem*. Tembung saged kadadosan saking satunggal *morfem* utawi gandhengan *morfem*. Salaras kaliyan pamanggihipun Nurlina (2004:8), ingkang ngandharaken bilih tembung inggih menika *satuan*

basa ingkang saged madeg piyambak, dumados saking *morfem tunggal* utawi *morfem gabung*. Tembung ingkang kadadosan saking satunggal *morfem* dipunsebut tembung lingga, dene tembung ingkang kadadosan langkung saking satunggal *morfem* dipunsebut tembung andhahan (*morfem turunan* utawi *morfem bentukan*).

Chaer (1994:162) ngandharaken, tembung inggih menika *satuan* basa ingkang ngewrat satunggal teges utawi larikan aksara ingkang dipunapit dening kalih *spasi* kaliyan ngewrat satunggal teges. Pamigunanipun spasi kalih miturut Chaer menika dipuntingali saking papanipun ing salebetung ukara. Saperangan, satunggal tembung saged ngewrat teges langkung saking satunggal, nanging pamanggihipun Chaer bab tembung menika winates ing satunggal teges inggih menika tegesipun tembung ingkang gayut kaliyan *kontenks* ukaranipun. Dipunsengkuyung pamanggihipun Wedhawati (2006:37) ingkang mahyakaken, *kata* inggih menika *satuan lingual* ingkang wujudipun paling alit wonten ing tata ukara.

Sasangka (1989:28) ngandharaken, tembung inggih menika swanten ingkang kaucap dening lesan saha sampun dipunmangretosi suraosipun. Tembung ing pangretosan menika sadaya swanten ingkang medal saking lesan kaliyan saged dipunmangretosi suraos tegesipun. Saking mapinten-pinten pangretosan, saged dipundudut bilih tembung inggih menika *satuan lingual* ingkang dumados saking *morfem tunggal* utawi *morfem ikat* ingkang dipunwatesi kaliyan let (*spasi*) ing kalih sisihipun saha sampun dipunmangretosi suraosnipun.

Saking sadaya tembung ingkang sinerat menapa kalesanaken, kapantha miturut wujudipun. Makaten ugi tembung-tembung ingkang sinerat ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Andharan bab wujudipun tembung kaandharaken ing ngandhap menika.

6. Wujudipun Tembung

Wonten mapinten-pinten wujud tembung miturut para winasis. Pamanggihipun Suhono (1960:33), dhapukaning tembung dipunperang dados kalih golongan, inggih menika tembung lingga kaliyan tembung ingkang sampun ewah saking asalipun. Salaras kaliyan pamanggihipun Suhono ing nginggil, Hadiwidjana (1967:19), ingkang ugi ngandharaken wujudipun tembung wonten kalih inggih menika tembung wod utawi lingga saha tembung andhahan. Pamanggihipun ngengingi wujudipun tembung ing nginggil, boten sadayanipun sami antawisipun pamanggih satunggal kaliyan sanesipun. Sinaosa makaten, tembung ingkang badhe dipuntaliti trep kaliyan pamanggih Suhono kaliyan Hadiwidjana ingkang sampun kaandharaken, inggih menika tembung lingga kaliyan tembung andhahan. Dene pandhapuking tembung andhahan kaperang dados 3 proses inggih menika *afiksasi*, *reduplikasi* (tembung rangkep), kaliyan *komposisi* utawi *majemuk* (tembung camboran). Tembung ingkang dipuntaliti kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Tembung Lingga

Pokok kata inggih menika dhasaring tembung ingkang limrahipun dumados saking kalih wanda (Wojowasito, 1982:7). Salaras kaliyan menika

Hadiwidjana (1967:18) ngandharaken bilih tembung lingga inggih menika tembung ingkang kaanggep taksih wungkul nanging sampun langkung saking sakecap. Dene Sasangka (1989:28) ngandharaken bilih tembung lingga utawi *kata asal* (*kata dhasar*) inggih menika tembung ingkang taksih wetah dereng rinaket ing wuwuhan (ater-ater, seselan, panambang). Saking pamanggih bab pangretosan tembung lingga saged dipunpendhet dudutanipun bilih tembung lingga inggih menika tembung ingkang taksih wungkul/wetah boten rinaketan wuwuhan. Tuladhanipun tembung *dagang* ing ukara ngandhap menika.

Ingatasipun ***dagang*** pancenipun bingah ningali sesadeyanipun pajeng laris.” (Jasawidagda, 2012:16).

Tembung *dagang* kalebet ing tembung lingga amargi dereng rinaketan wuwuhan. Tembung *dagang* kalebet tembung lingga ingkang gadhah wujud saha teges ingkang sami antawisipun basa Jawi Kina saha basa Jawi Enggal. *Dagang* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:145) tegesipun adol. *Dagang* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:63) tegesipun nindakaken padamelan sade-tinumbas.

Kajawi tembung lingga, wonten ugi tembung-tembung ingkang sampun rinaketan wuwuhan. Tembung menika dipunwastani tembung andhahan. Andharan bab tembung andhahan kaandharaken ing ngandhap menika.

b. Tembung Andhahan

Kata bentukan utawi tembung andhahan inggih menika tembung ingkang dumados saking *pokok kata* ingkang rinaket kaliyan ater-ater, panambang, utawi seselan (Wojowasito, 1982:7). Salaras kaliyan pamanggihipun Sasangka (1989:31), ngandharaken bilih tembung andhahan menika tembung ingkang

sampun ewah saking lingganipun. Tembung andhahan ugi saged dipunsebut tembung lingga ingkang sampun dipunrimbag. Pangrimbagipun tembung lingga dados tembung andhahan kanthi ngraketaken wuwuhan utawi *afiks* ing tembung lingga. Jinis pangrimbaging tembung andhahan saged awujud wuwuhan, tembung rangkep, kaliyan tembung camboran. Ing ngandhap menika kaandharaken tembung andhahan ingkang kawujudaken ing wuwuhan, tembung rangkep, kaliyan tembung camboran.

1) Tembung Andhahan mawi Wuwuhan

Wuwuhan inggih menika *satuan gramatik* ingkang rinaketan tembung lingga saha mujudaken tembung ingkang enggal (Ramlan, 1997:55). Adhedhasar papanipun, wuwuhan basa Jawi Kina wonten 4 jinis. Jinisipun wuwuhan basa Jawi Kina inggih menika *prefiks/ater-ater*, *sufiks/panambang*, *infiks/seselan*, *konfiks*, saha *simulfiks* (Abdullah saha Handayani, 2007:43).

a) Ater-ater

Ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang papanipun ing ngajeng tembung lingga (Sasangka, 1989:31). Ater-ater ing basa Jawi Kina cacahipun kathah, antawisipun inggih menika: {a-}, {apa-}, {api-}, {N-}, {aN-}, {ma-}, {mapa-}, {maN-}, {ka-}, {pa-}, {paha-}, {pinaha-}, {pri-}, {paki-}, {paN-}, {sa-}, {saka-}, {pinaka-}, {pi-}, {piN}-, {piha-}, {pina-}, {pini-}, {kapi-}, {kami-}, {maha-}, {maka-}, {kama-}, {kuma-}, {pami-}, {pati-}, {paka-}, {kapa-}, kaliyan {kina-}. Tuladhanipun pamigunipun ater-ater {aN-} ing basa Jawi Kina ing ukara *ya ta hetu ning anangis* ‘menika sebabipun kula nangis’ (Zoetmulder

saha Poedjawijatna, 1992:42). Tembung *anangis* saking tembung lingga *tangis* angsal ater-ater {aN-}.

Wuwuhan ingkang kalebet ing ater-ater basa Jawi Enggal inggih menika ater-ater anuswara {N-(ny-, m-, ng-, n-)}, ater-ater tripurusa (dak-, kok-, di-), {sa-}, {pa-}, {pe-}, {pi-}, {paN-}, {pi-}, {pra-}, {ka-}, {ke-}, {a-}, {ma-}, {kuma-}, {kapi}, {tar-/ter-}, {mi-}, {mer-}. Tuladhanipun tembung *numpak* ing ukara ngandhap menika.

Nanging ing sawenehipun gerbong klas tiga Jawi, jebul ingkang **numpak** boten kathah,...” (Jasawidagda, 2012:11).

Tembung *numpak* saking tembung lingga *tumpak* angsal ater-ater {N-}. Wujud tembung {N-L} minangka titikaning tembung kriya. *Tumpak* (Mardiwarsito, 1981:618), tegesipun nunggang, lenggah, ndherek. *Toempak* (Poerwadarminta, 1939: 613), tegesipun nunggang. *Numpak* tegesipun nindakaken padamelan nunggang (sepur).

b) Seselan

Seselan utawi *sisipan* (*infiks*) inggih menika wuwuhan ingkang mapan ing satengahing tembung (Sasangka, 1989:43). Seselan ing basa Jawi Kina cacahipun wonten sakawan inggih menika {-um-}, {-in-}, {-er-}, kaliyan {-el-}. Tuladhanipun pamigunanipun seselan {-in-} ing basa Jawi Kina ing ukara *tinakwanan ta de sang guru* ‘dipuntakeni dening sang guru’ (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:61). Tembung *tinakwanan* saking tembung lingga *takwan* angsal seselan {-in-} saha panambang {-an}. Dene tuladhanipun seselan {-um-} ing basa Jawi Enggal kaandharaken ing ngandhap menika.

Tumunten **lumampah**, nyelaki Ki Mas Nayapada, lajeng ngadeg alendhetan cindhela,...” (Jasawidagda, 2012:17).

Tembung *lumampah* saking tembung lingga *lampah* angsal seselen {-um}.

Tembung *lampah* saderengipun angsal seselen {-um} kalabet ing jinis tembung aran. Ananging sasampunipun angsal seselen {-um} ewah ing jinis tembung kriya amargi seselen {-um-} mujudaken teges ngandharaken padamelan kados dene ingkang kasebut ing tembung lingganipun, satemah tembung *lumampah* ngandharaken teges nindakaken padamelan inggih menika *lampah*.

c) Panambang

Seserepan bab panambang dipunandharaken dening Sasangka (1989:46), ingkang ngandharaken panambang inggih menika wuwuhan ingkang papanipun wonten ing sawingkinging tembung lingga. Panyeratipun boten saged dipunpisah, kedah rinaketan tembung lingga. Jumbuh kaliyan bab menika, Mulyana (2007:26) ngandharaken proses ngraketaken *afiks* ingkang wujudipun panambang kaliyan tembung lingga menika dipunwastani *sufiksasi*. Panambang ing basa Jawi Kina cacahipun kathah, kados ta: {-en}, {-nen}, {-a/-na}, {-ana}, {-ta}, {-nta}, {-anta}, {-an}, {-ken}, {-aken}, {-akena}, {-akna}, {-i/-ni}, {*kligit*/-ku}. Tuladhanipun pamigunaning panambang {-an} ing basa Jawi Kina ing ukara *ikana dunungan sang Garuda* ‘menika papan ingkang dipuntuju Garuda’ (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:82). Tembung *dunungan* saking tembung lingga *dunung* angsal panambang {-an}. Dene tuladhanipun panambang {-an} ing basa Jawi Enggal kaandharaken ing ngandhap menika.

Wekasan Darba nudingi **templekan** alit sangnginggiling konten,...” (Jasawidagda, 2012:17).

Tembung *wekasan* saking tembung lingga *wekas* angsal panambang {-an}.

Tembung *templekan* saking tembung lingga *templek* angsal panambang {-an}.

d) *Konfiks*

Seserepan bab *konfiks* kandharaken dening Gummere kaliyan Horn, (lumantar Mulyana, 2007:38-41) ingkang mahyakaken bilih *konfiks* menika wuwuhan ingkang ater-ater saha panambangipun boten saged dipunpisah. *Proses ngraketaken* ater-ater wonten ing sangajenging utawi kiwanipun tembung lingga saha panambang wonten ing sawingkingipun utawi tengenipun kanthi sesarengan menika kasebut *konfiksasi*. Ginanipun wuwuhan menika maneka warni inggih menika mujudaken *verba*, *nomina*, *verba* kaliyan *nomina*, sarta sanesipun *verba* kaliyan *nomina* (Mulyana, 2007:28).

Konfiks ing basa Jawi Kina wujudipun wonten gangsal inggih menika *konfiks* {ka-an/-n}, {ka-en}, {ke-an}, {ka-aken}, {pa-an/pa-n}. Tuladhanipun pamigunaning *konfiks* {ka/-an} ing basa Jawi Kina ing ukara *mahyun ta sang Bhīṣ ma wihikana ri kawidagdhan ira sowang-sowang* ‘Bisma badhe mangretosi kawidagdanipun piyambak-piyambak’ (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:88). Tembung *kawidagdhan* saking tembung lingga *widagdha* angsal *konfiks* {ka/-an}. Wuwuhan {ka/-an} menika mujudaken tembung aran. Tembung *widagda* dhasaripun saking jinis tembung kahanan, kawujudaken ing tembung aran amargi rinaketan *konfiks* {ka-/an}.

Konfiks kadadosan saking kalih perangan inggih menika ater-ater kaliyan panambang ingkang nyawiji dados satunggal wuwuhan wetah ingkang boten saged kapisahaken. Wujudipun *konfiks* meh sami kaliyan *simulfiks*. Bedanipun

pamigunaning *konfiks* menika boten saged kapisahaken, tuladhanipun tembung *kapinteran*. Tembung *kapinteran* dumados saking tembung *pinter* angsal wuwuhan {ka-an}. Wuwuhan {ka-an} menika kedah dipunginakaken sesarengan. Manawi kapisahaken ing wujud *kapinter* menika ewah ing teges saha *struktur gramatikal*-ipun. Satemah wujud tembung *kapinter* menika boten limrah dipunginakaken.

e) *Simulfiks*

Simulfiks inggih menika gabunganipun ater-ater kaliyan panambang utawi seselan ing tembung lingga (Mulyana, 2007:40). *Proses simulfiks* magepokan kaliyan bab wujud kaliyan makna. Titikanipun *simulfiks* inggih menika salah satunggal wuwuhanipun saged dipunpisah saking wujud dhasaripun tanpa ngewahi utawi ngrisak tata tembung kaliyan boten ngewahi tegesipun tembung, sinaosa kalamangsanipun ewah nanging boten ngewahi kanthi *gramatikal*.

Wujudipun *simulfiks* ing basa Jawi Kina inggih menika {sa-/L/-n}, {pi-/L/-n/-an}, {ka-/in-/L/-an/-aken}, {pi-/L/-aken}, {-in-/L/-aken}, {aN-/L/-aken}, {L/-in/-an}, {N-/L/-aken}, {L/-um/-aken}, {mi-/L/-i}, {(m)a-/L/-i}, kaliyan {dak-/L/-e/zero/-nya}. Tuladhanipun tembung *daktulise*, salah satunggal wuwuhanipun saged dipunpisah dados *daktulis*. Sinaosa tembung *daktulise* kaliyan tembung *daktulis* beda tegesipun, nanging kanthi *gramatikal* wujudipun tetep *gramatikal*.

2) Tembung Rangkep

Antunsuhono (1960:58) ngandharaken bilih tembung rangkep inggih menika tembung ingkang dipunucapaken ambal kaping kalih. Tembung ingkang

dipunambali menika saged saperangan utawi sadayanipun. Wedhawati (2006:41) ngandharaken bilih tembung rangkep inggih menika *proses* pandhapuking tembung kanthi ngambali sadaya utawi saperangan saking tembung lingga (wujud dhasar). Bab pangretosan *reduplikasi* dipunandharaken dening Wedhawati, wondene Mulyana (2007:42-43) ngandharaken jinising *reduplikasi* wonten ingkang ajeg ing swantenipun, wonten ugi ingkang ngalami ewah-ewahan. Tembung rangkep utawi *reduplikasi* ing basa Jawi Kina cacahipun wonten tiga inggih tembung dwilingga (*kata berulang penuh*), dwilingga salin swara, saha tembung dwipurwa (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:110). Tuladhanipun tembung dwilingga inggih menika tembung *tunggal-tunggal, salawang-salawang, bolak-balik, lilima, tatali*.

Zoetmulder saha Poedjawijatna (1992:110) ngandharaken bilih tembung rangkep ngewrat makna nggamblangaken prakawis ingkang ngandharaken kathah, makaping-kaping, nyagetaken solah bawa utawi sipat. Tuladhanipun *reduplikasi penuh* ing basa Jawi Kina ing ukara *rūg kayu-kayunya* ‘rubuh kajeng-kajengipun’ (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:110). Tembung *kayu-kayunya* ngandharaken teges kathahipun barang.

Tuladhanipun *reduplikasi penuh* (dwipurwa) ing basa Jawi Enggal kaandharaken ing ukara *Kok ora temu-temu ta?* (Jasawidagda, 2012:22). Tembung *temu-temu* saking tembung lingga *temu* ingkang dipunrangkep. Tembung *temu* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:597), tegesipun pinanggih. Dene tembung *temu* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:

691), tegesipun panggih. Tembung *temu-temu* kalebet ing tembung rangkep dwilingga (*reduplikasi penuh*).

3) Tembung Camboran

Tembung camboran inggih menika tembung ingkang kadadosan saking pamoring kalih tembung ingkang sampun nilaraken makna aslinipun (Ramlan, 1997:76). Titikanipun tembung camboran miturut Ramlan (1997:79), inggih menika tembung ingkang *unsur-unsur-ipun* boten saged dipunpisahaken utawi boten saged dipungantos *struktur-ipun*. Titikan menika ingkang mbedakaken tembung camboran kaliyan *frasa*.

Wonten ing *morfologi* basa Jawi kapanggihaken 7 cara kangge ngiket tembung camboran, inggih menika; (1) tuwuhipun makna enggal ingkang boten saged dipunwangslaken ing makna dhasaripun, (2) tuwuhipun makna enggal ingkang taksih ngewrat makna wujud dhasaripun, (3) tuwuhipun makna utawi wujud *fonemik* antawisipun wujud dhasar, (4) kawontenanipun wujud dhasar ingkang *prakategorial*, (5) kawontenanipun wujud dhasar ingkang awujud *unsur unik*, (6) kawontenan wujud pedhotan minangka wujud dhasar, saha (7) kawontenan wujud *onomatope* minangka wujud dhasar (Sudaryanto, 1992:46-47).

Tuladhanipun tembung camboran ing Basa Jawi Kina inggih menika tembung *karuṇabuddhi*, *swargaprpta*, saha *patemu-tangan*. Tembung camboran *karunyabuddhi* (gadhah manah welas asih) saking tembung *karuṇa* ingkang tegesipun ‘welas asih’, kaliyan tembung *buddhi* ingkang tegesipun akal, raos, manah, kahanan, sipat, tabiat, maksud. Tembung *swargaprpta* (sampun dugi surga) saking tembung *swarga* (surga) kaliyan tembung *prapta* (dugi). Tembung

patemu-tangan (kawin) saking gabunging ater-ater pa- kaliyan tembung *temu* (panggih) kaliyan tembung *tangan* (tangan).

Andharan bab wujudipun tembung ing nginggil nedahaken wujud tembung ingkang taksih lingga menapa dene ingkang wujud andhahan. Tembung andhahan tegesipun tembung ingkang sampun ngalami ewah-ewahaning wujud ingkang kawujudaken kanthi *proses afiksasi, reduplikasi, utawi pemajemukan*. Wujud tembung lingga utawi tembung andhahan, saged dumados saking jinis tembung ingkang beda-beda. Pramila panaliten menika naliti bab jinisipun tembung. Pangretosan bab jinis tembung kaandharaken ing ngandhap menika.

7. Jinis Tembung

Jinisipun tembung wonten ing basa Jawi Kina miturut Mardiwarsito saha Kridalaksana (2012:45), kaperang dados nem inggih menika *nomina, verba, ajektiva, adverbia, numeralia*, kaliyan *partikel*. Tegesipun panaliten menika naliti sadaya jinis tembung saking basa Jawi Kina ingkang dipunginakaken ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Mila dipunbetahaken ngelmu bab jinisipun tembung. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken bab jinisipun tembung inggih menika tembung aran/*nomina*, tembung kriya/*verba*, tembung kahanan/*ajektiva*, tembung katrangan/*adverbia*, tembung wilangan/*numeralia*, kaliyan *partikel* (Mardiwarsito saha Kridalaksana, 2012:45).

a. Tembung Aran

Pangretosan tembung aran ing Jawi Kina kaandharaken dening Zoetmulder saha Poedjawijatna ing andharan *kata sebut*. *Kata sebut* inggih menika tembung utawi kelompok tembung ingkang ngandharaken bab ingkang dipunsebut ingkang madeg piyambak utawi dipunanggep madeg piyambak (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:4). Tembung menika ngandharaken samukawis bab ingkang dipunsebut kados nama tiyang utawi nama barang. Salaras kaliyan pamanggih menika, Wedhawati (2006:219) ngandharaken bilih tembung aran inggih menika jinisipun tembung ingkang ngewrat *konsep* utawi teges barang saged asipat *konkret* menapa dene *abstrak*.

Ing bab menika tembung sesulih kalebet ing jinis tembung aran. Tembung sesulih abasa Jawi Kina kaperang dados tiga inggih menika tembung sesulih purusa, tembung sesulih panuduh, saha tembung sesulih pandarbe (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:17). Tembung sesulih purusa inggih menika tembung sesulih ingkang nedahaken tiyang, sato, saha barang. Tuladhanipun tembung *aku*, *sira*, *kita*. Tembung sesulih panuduh inggih menika tembung sesulih kados tembung sesulih purusa ingkang nengenaken panuduh. Tuladhanipun tembung *iki*, *iku*, *ika*. Tembung sesulih pandarbe inggih menika tembung sesulih purusa ingkang nedahaken pandarbe. Tuladhanipun tembung *-ku*, *-mu*, *-ipun*.

Tembung aran saged katitik saking papanipun ing ukara utawi pamigunaning wuwuhan ing tembung. Zoetmulder saha Poedjawijatna (1992:77-85) ngandharaken bilih titikanipun tembung aran basa Jawi Kina ingkang wujudipun {pa-/L}, {L-/an}, {pa-/L/-en}, saha {ka-/L/-an}. Dipunsengkuyung dening Mardiwarsito saha Kridalaksana (2012:46-50) ingkang ngandharaken bilih

titikaning *morfologis* tembung aran ing basa Jawi Kina inggih menika tembung-tembung ingkang wujudipun tembung lingga{L}, {ka-/L}, {ka-/L/-an}, {pa-/L}, {paN-/L}, {pa-/L/-an/en}, {paN-/L/-an}, {sa-/L}, {L/-a}, {L/-an}, {L/-ku/-ta/-nya}, kaliyan {denya-/L}. Tuladhanipun kaandharaken ing ngandhap menika.

..., cangkir tutup gedhe sing nganggo tatakan **salaka** iki,...” (Jasawidagda, 2012: 20).

Tembung *salaka* kalebet ing tembung lingga abasa Jawi Kina. *Salaka* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 494), tegesipun perak, dene *salaka* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:340), tegesipun *logam* warninipun pethak kangge damel arta, lan sapanunggalanipun. Tembung *salaka* ing basa Jawi Kina ngewrat wujud saha teges ingkang sami kaliyan tembung *salaka* ing basa Jawi Enggal.

Wonten ing basa Jawi Enggal tembung aran saged katitik saking wujudipun tembung lingga{L}, {L/-e/-ku/-ipun/-ing}, {Ka-/L/-an}, {R-/L/-an}, {Pa-/L/-an}, kaliyan {L/-an}. Tuladhanipun tembung aran inngih menika tembung *buku*, *tangane*, *kapinteran*, *wong-wongan*, *pepalang*, *padesan*, lan sapanunggalanipun. Wedhawati (2006:219) ngandharaken bilih titikaning tembung aran kanthi *sintaksis* kaandharaken ing ngandhap menika.

- 1) Tembung aran saged dipunwiwiti tembung *dudu/dede*, nanging boten saged dipugandheng kaliyan tembung *ora*. Tuladhanipun ing ukara “..., amargi wonten kula dhateng kaonderan punika dede **kajeng** kula’ (Jasawidagda, 2012: 62).
- 2) Tembung aran saged dipunsarengi tembung ancer-ancer, saged kanthi langsung menapa dene kanthi *pronomina relatif sing* utawi *kang*.

Tuladhanipun tembung aran kaandharaken ing ukara **Tamu** ingkang ageng piyambak. (Jasawidagda, 2012: 25).

- 3) Tembung aran saged gandheng kaliyan tembung aran utawi tembung kriya, saged minangka *pembatas* utawi *modifikator*. Tuladhanipun ing ukara “sadumuginipun **korining** griya,...” (Jasawidagda, 2012:23). Tembung *korining* kaliyan tembung *griya* sami kalebet ing tembung aran.
- 4) Tembung aran saged gandheng kaliyan tembung sesulih purusa utawi kaliyan *enklitik pronominal* {-ku}, {-mu}, minangka *pembatas posesif*.

b. Tembung Kriya (*Verba*)

Tembung kriya inggih menika sadayanipun tembung ingkang ngandharaken salah bawa utawi tandang damel (Suhono, 1960:68). Tembung kriya saged awujud tembung lingga menapa dene tembung andhahan. Tembung kriya ingkang awujud tembung andhahan kathah wujudipun, inggih menika angsal mapinten-pinten wuwuhan kados dene ater-ater, seselan, panambang, kaliyan wuwuhan gabung.

Miturut Mardiwarsito saha Kridalaksana (2012:58-68), titikaning *morfologis* tembung kriya andhahan abasa Jawi Kina dumados saking mapinten-pinten wujud. Inggih menika {a-/aN-/R-/L}, {pa-/R-/L/-an}, kaliyan {ma-/mA-/R-/L}, {a-/ma-/L}, {a-/ma-/L/-an}, {aN-/mA-/L}, {mA-/piN-/L}, {mA-/L/-akēn}, {mA-/L/-an}, {mA-/L/-ni}, {N-/L}, {N-/L/-akēn}, {N-/L/-ana/-an,-a}, {N-/L/-i}, {maka-/L}, {maka-/L/-an}, {pinaka-/L}, {ka-/L}, {ka-/L/-an}, {pa-/L/-akēn}, {paha-/L/-ēn}, {paha/-in-/L}, {paN-/L}, {paN-/L/-akēn}, {mA-/pi(N)-

/L}, {kapi-/L}, {piN-/L}, {L/-um-}, {L/-um-/akēn}, {pa-/L/-um-}, {L/-in-}, {L/-in-/akēn}, {L/-in-/an}, {L/-a}, {L/-akēn}, {L/-ēn}.

Dene titikaning *morfologis* tembung kriya ing basa Jawi Enggal inggih menika tembung-tembung ingkang wujudipun tembung lingga{L}, {di-/L}, {di-/L/-i}, {di-/L/-(a)ke}, {tak-/L}, {tak-/L/-i}, {tak-/L/-(a)ke}, {tak-/L/-ne}, {tak-/L/-ane}, {N-/L}, {N-/L/-i}, {N-/L/-ake}, {Tipurusa-/L}, {Tipurusa-/L/-i}, {Tipurusa-/L/-(a)ke}, {Tipurusa-/L/-ana}, {a-/L}, {ka-/L}, {ke-/L}, {L/-en}, {L/-a}, {L/-na}, {L/-ana}, {ka-/L/-na}, {ka-/L/-ana}, {ke-/L/-an}, {L/-i}, {ma-/L}, {L/-in-}, {L/-in/-an}, {L/-in/-(a)ke}, {ka-/L/-(a)ke}, {mer-/L}, {kuma-/L}, {kapi-/L}, {kami-/L/-en}, {L/-an}, {L/-um-}, {mi-/L/-i}, {R-/L}. Titikaning *sintaksis* tembung kriya miturut Wedhawati (2006:105), kaandharaken ing ngandhap menika.

- 1) Tembung kriya saged dipungadheng kaliyan tembung *ora/boten*, nanging boten saged dipungandheng kaliyan tembung *dudu/sanes*. Tuladhanipun tembung kriya ing ukara “E, Ndara sapunika boten **ngeses**. (Jasawidagda, 2012:36).
- 2) Tembung kriya boten saged dipungandheng kaliyan tembung *dhewe* minangka *makna superlatif*, saha boten saged gandheng kaliyan tembung *paling*. Dados boten wonten wujud kados dene *mbanyu dhewe, ngimpi dhewe, paling mbanyu, paling semaput*.
- 3) Tembung kriya *fungsi* utaminipun minangka wasesa utawi minangka *inti predikat* ing ukara. Tuladhanipun ing ukara “**Mireng** pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun,...”. (Jasawidagda, 2014:14)

- 4) *Verba aksi* boten saged gandheng kaliyan tembung ingkang ngandharaken teges nyagetaken. Dados boten wonten wujudipun tembung kriya kados dene *turu banget, golek banget, ngomong banget*.
- 5) *Verba aksi* saged dipunsarengi *fungsi sintaksis* katrangan ingkang dipunwiwiti tembung *karo* kaliyan tembung *kanthi*. Tuladhanipun ing ukara “Bok Darba **nampik** kanthi panuwun,...” . (Jasawidagda, 2012:106).
- 6) *Verba aksi* saged dipundadosaken wujud pakon, dene tembung kriya *proses* kaliyan kahanan boten saged. Tuladhanipun tembung *Turu!, Adus!, Mlayu!*, boten wonten wujud *Ngimpi!, Lali!, Lara!, Mati!*.
- Jinisipun tembung salajengipun inggih menika tembung kahanan/ajektiva. Andharan bab tembung ajektiva badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

c. Tembung Kahanan

Miturut Mulyana (2007:60), tembung kahanan/ajektiva inggih menika tembung ingkang mratelakaken kahananing samukawis, barang, utawi ingkang dipunanggep barang. Papanipun tembung kahanan limrahipun wonten sawingking tembung ingkang dipunandharaken. Tembung kahanan abasa Jawi Kina saged awujud tembung lingga kaliyan tembung andhahan. Titikaning *morfologis* tembung kahanan andhahan abasa Jawi Kina inggih menika tembung-tembung ingkang wujudipun {a-/ma-/L}, {N-/L}, {R-/L}. Tuladhanipun tembung kahanan inggih menika tembung *anglungid, mageng, cara-cara*.

Titikaning *morfologis* tembung kahanan ing basa Jawi Enggal inggih menika tembung ingkang awujud tembung lingga{L}, {ke-/L/-en}, kaliyan {L/-

an}. Tuladhanipun ing tembung *gedhe*, *keciliken*, *isinan*. Tuladhanipun ukara kaandharaken ing ngandhap menika.

...mratandhani priyantun luhur ing budi, boten **samar** ing patrap agal alus,... (Jasawidagda, kaca 12).

Tembung *samar* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:497) tegesipun samar, boten cetha, dene tegesipun tembung *samar* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:541) inggih menika katingal ramyang-ramyang, boten katingal cetha. Tembung *samar* kalebet ing tembung kahanan amargi tembung *samar* nggambaraken kahanan ingkang boten cetha. Pramila, tembung *samar* kalebet tembung kahanan ingkang wujud saha tegesipun sami antawisipun basa Jawi Kina kaliyan basa Jawi Enggal.

Basa Jawi Enggal kajawi saged katitik saking wujud *morfologi*-nipun, ugi saged katitik saking wujud *sintaksis*-ipun. Titikan *sintaksis* tembung kahanan ingkang dipunandharaken dening Wedhawati (2006:181), inggih menika:

- 1) Tembung kahanan saged dipunwiiti tembung *dhewe/piyambak*, *paling*, *langkung/luwih*, *banget/sanget*, utawi *rada/radi* kangge ngandharaken undhusuk. Tuladhanipun ing ukara “Ing semu Kangjeng Tuwan Asisten boten **rena** sanget” (Jasawidagda, 2012:39), kaliyan ing ukara ‘..., mila ulatipun Mbok Nyapada lajeng radi **padhang** (Jasawidagda, 2012:67).
- 2) Tembung kahanan saged minangka *modifikator nomina* (tembung aran). Tuladhanipun tembung kahanan inggih menika tembung *pethak* minangka *modifikator nomina*/tembung aran *kuluk*, wonten ing ukara “Kejawi punika tiyang wau ngangge kuluk **pethak**,...”. (Jasawidagda, 2012:12).

- 3) Tembung kahanan saged minangka wasesa ing ukara. Tuladhanipun ing ukara “Darba **ageng** manahipun, wiwit nalika punika kepengin badhe maos serat kabar” (Jasawidagda, 2012:37).

Jinisipun tembung sasanesipun inggih menika tembung katrangan utawi *adverbia*. Andharan bab tembung katrangan kaandharaken ing ngandhap menika.

d. Tembung Katrangan

Sasangka (1989:87) ngandharaken bilih tembung katrangan inggih menika tembung ingkang ngandharaken katrangan tumrap tembung kriya, tembung kahanan, tembung wilangan, saha tembung katrangan. Dipunsengkuyung pamanggihipun Wedhawati (2006:329), ingkang mahyakaken bilih tembung katrangan inggih menika tembung ingkang *fungsi-nipun* ngandharaken katrangan tembung kriya, tembung kahanan, tembung aran, tembung sesulih, tembung wilangan, utawi tembung katrangan sanesipun ingkang wujudipun tembung, *frasa*, utawi *klausa*. Titikaning *morfologis* tembung katrangan ing basa Jawi Kina inggih menika tembung ingkang wujudipun tembung lingga{L}, {R-/L}, {N-/L}, {sa-/L}, kaliyan {ka-/L/-en}.

Miturut Mulyana (2007:65), titikaning tembung katrangan adhedhasar kathahing *morfem* ingkang mujudaken tembung katrangan kaperang dados kalih. Inggih menika *adverbia monomorfemis* kaliyan *adverbia polimorfemis*. *Adverbia monomorfemis* inggih menika tembung katrangan ingkang kadadosan saking satunggal morfem. Tuladhanipun inggih menika tembung *luwih*, *banget*, *semu*, *mung*, *wae*, *ora*, lan sapanunggalanipun.

Adverbia polimorfemis inggih menika tembung katrangan ingkang kadadosan saking langkung satunggal *morfem*. Mulyana (2007:66) ngandharaken bilih *adverbia polimorfemis* kawujudaken *morfem* ing ngandhap menika.

- 1) Kanthi ngrangkep tembung lingganipun. Tuladhanipun tembung *gage-gage, alon-alon, mlipir-mlipir*.
- 2) Kanthi ngrangkep tembung lingga kaliyan muwuhi panambang {-an}. Tuladhanipun tembung *entek-entekan, wong-wongan*.
- 3) Kanthi muwuhaken wuwuhan {sa-e}. Tuladhanipun tembung *sarampunge, sawarege, sasuwene*.
- 4) Kanthi ngrangkep tembung lingga kaliyan muwuhaken wuwuhan {sa-e}. Tuladhanipun tembung *sadhuwur-dhuwure, saadoh-adohe*.
- 5) Kanthi ngrangkep wanda ngajengipun (dwipurwa) sarta muwuhaken panambang {-an}. Tuladhanipun tembung *sesidheman, sesingidan*.
- 6) Kanthi ngrangkep tembung lingga sarta muwuhaken ater-ater {ke-}. Tuladhanipun tembung *keponthal-ponthal*.

Kangge mangretosi titikaning tembung katrangan ugi saged dipuntingali wonten ing tuladha tembung katrangan ingkang suka katrangan dhateng tembung kriya, wilangan, kahanan, saha tembung katrangan wonten ing ukara menika.

- 1) Tembung katrangan ingkang suka katrangan tembung kriya. Tuladhanipun: “Tetiyang dhusun sami ajrih ngesuk Mas Bei Mangunripta, dipunpilalah **sami** ngadeg,...” (Jasawidagda, 2012:15). Tembung *sami* kalebet tembung katrangan amargi suka katrangan dening tembung kriya *ngadeg*. Tembung *sami* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:500) tegesipun sadaya, sareng,

- sami. Dene tembung *sami* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:542), tegesipun padha, sami.
- 2) Tembung katrangan ingkang suka katrangan tembung kahanan. Tuladhanipun: "...,ingkang kathah kanca dhusun mentas sesadean dhateng nagari, bebektanipun **sarwa** rowa,..." (Jasawidagda, 2012:14-15). Tembung *sarwa* kalebet tembung katrangan amargi suka katrangan tembung kahanan *rowa*. Tembung pating Tembung *sarwa* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:514) tegesipun sarwi, sadaya. Dene tembung *sarwa* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:547) tegesipun sadaya, sakathahipun.
 - 3) Tembung katrangan ingkang ngandharaken katrangan ing tembung katrangan. Tuladhanipun: "Wanci jam gangsal **sonten**, kareta latu ingkang saking Semarang dhateng Ngayogyakarta,... (Jasawidagda, 2012:11). Tembung *sonten* kalabet ing tembung katrangan inggih menika tembung katrangan ingkang ngandharaken wekdal. Tembung *sonten* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:536) tegesipun sore, dene tembung *sonten* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:579), tegesipun sore.
 - 4) Tembung katrangan ingkang suka katrangan tembung wilangan. Tuladhanipun: "Dhatengipun tamu **sampun** atus,..." (Jasawidagda, 2012:21). Tembung *sampun* kalebet ing tembung katrangan inggih menika tembung katrangan ingkang suka katrangan ing tembung wilangan *atus*. Tembung *sampun* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:501), tegesipun sampun, rampung. Dene tegesipun *sampun* ing basa Jawi Enggal Enggal (Poerwadarminta, 1939:543), tegesipun wis, sampun.

Jinisipun tembung salajengipun inggih menika tembung wilangan. Andharan bab jinisipun tembung wilangan kaandharaken ing ngandhap menika.

e. Tembung Wilangan

Mulyana (2007:70) ngandharaken bilih tembung wilangan inggih menika tembung ingkang ngewrat teges cacah utawi wilangan. Tembung wilangan saged kangge metung gunggungipun tiyang, barang, kewan, lan sapanunggalanipun. Tembung wilangan ing basa Jawi Kina kapantha dados kalih inggih menika *numeralia tak tentu* kaliyan *numeralia tentu* (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:94). *Numeralia tak tentu* inggih menika tembung wilangan ingkang dereng cetha cacahipun. Tuladhanipun *numeralia tak tentu* ing basa Jawi Kina inggih menika tembung *kabeh*. *Numeralia tentu* inggih menika tembung wilangan ingkang sampun cetha wilanganipun. Tuladhanipun ing basa Jawi Kina inggih menika ukara *Lima kweh nikang ratha* ‘kathahipun kreta wonten gangsal’ (Zoetmulder saha Poedjawijatna, 1992:95).

Mulyana (2007:71-72) ngandharaken bilih tembung wilangan ing basa Jawi Enggal kaprinci dados tigang jinis.

- 1) Tembung wilangan babon babon inggih menika tembung wilangan wetah utawi *numeralia pokok*. Tembung wilangan babon kaperang dados kalih jinis inggih menika tembung wilangan kumpulan saha tembung wilangan sadhengah. Tembung wilangan kumpulan ngandharaken wilanganipun barang ingkang awujud kumpulan, tuladhanipun tembung *siji*, *atusan*. Dene wilangan sadhengah menika tembung wilangan ingkang ngandharaken

wilanganipun barang ingkang dereng cetha gunggungipun. Tuladhanipun tembung *kathah, sacuwil.*

- 2) Tembung wilangan susun inggih menika tembung wilangan ingkang ngandharaken undha-usukipun barang. Tuladhanipun tembung *kapindho, kaping papat.*
- 3) Tembung wilangan *pecahan* inggih menika tembung wilangan ingkang gunggungipun boten dumugi cacah satunggal. Tuladhanipun tembung *seprapat, rongprapat, setengah.*

Wedhawati (2006:305) ngandharaken titikanipun *sintaksis* tembung wilangan saged katitik lumantar sipatipun wonten ing wujud *frasa* kaliyan *klausa*. Bab menika saged katitik saking andharan ing ngandhap menika.

- 1) Tembung wilangan saged sesandhingan kaliyan tembung aran. Manawi papanipun ing kiring tembung aran, ngginakaken pangiket (*ligatur*) {-ng/-ang} (kangge tembung wilangan sangandhapipun angka sadasa kajawi enim), ingkang *fungsi*-nipun ngiket gayutan antawisipun tembung wilangan kaliyan tembung aran utawi tembung wilangan kaliyan tembung wilangan. Tembung wilangan ingkang papanipun ing kiring tembung aran (mawi *ligatur*) tuwuhanalika dipunginakaken sareng kaliyan tembung aran panuduh *satuan* ukuran utawi *satuan bilangan*. Tuladhanipun tembung *limang piring, (e)nem bungkus, telung piring*. Manawi papanipun ing kanan tembung aran boten mbetahaken pangiket (*ligatur*). Tuladhanipun tembung *buku telu, gelas pitu, kursi papat.*

- 2) Tembung wilangan saged kawiwitan kaliyan tembung *mbaka*. Tuladhanipun tembung *mbaka siji*, *mbaka sethithik*.
- 3) Tembung wilangan saged kawiwitan tembung *ping/kaping*. Tuladhanipun tembung *kaping wolulas*, *ping papat*.

Jinisipun tembung ingkang pungkasan inggih menika *partikel*. Andharan bab *partikel* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

f. Partikel

Sudaryanto (1992:121) ngandharaken bilih *partikel* inggih menika *satuan lingual* ingkang wujudipun kados dene wuwuhan, nanging sipatipun bebas kados dene tembung ing umumipun. Jinising *partikel* miturut Mardiwarsita saha Kridalaksana (2012:45-46) kaandharaken ing ngandhap menika.

- 1) *Partikel depan* utawi tembung ancer-ancer papanipun wonten ing saderengipun tembung ingkang dipunacer-aceri, ginanipun kangge ngancer-nganceri papan, utawi minangka tali ingkang nggandheng antawisipun tembung satunggal kaliyan tembung sanesipun. Tembung ingkang kalebet ing *partikel depan* inggih menika *ing*, *saka*, *menyang*, *kanggo*, lan sapanunggalanipun.
- 2) *Partikel hubung/konjungsi* ingkang nggandhengaken tembung-tembung, klausa, utawi ukara. Tembung ingkang kalebet *partikel hubung* inggih menika tembung *lan*, *sarta*, *lagi*, *sinambi*, lan sapanunggalanipun.
- 3) *Partikel penanda orang* utawi tembung panyilah ingkang dipunginakaken mliginipun kangge tiyang utawi ingkang dipunanggep tiyang kados dewa, papan, lepen, lan sapanunggalanipun (Zoetmulder saha Poedjawijatna,

- 1992:9). Tembung ingkang kalebet *partikel penanda orang* ing basa Jawi Kina inggih menika tembung *si, sang, hyang*, saha ikang.
- 4) *Partikel seru* (tembung panyeru utawi tembung panguwu) ingkang dipunginakaken kangge medharaken raosing manah wujud swanten, tembung, tetembungan, utawi lok, uni. Tembung menika nggambaraken wedharing raos seneng, raos kaget, raos kuciwa, raos kangelan, raos susah, raos gumun, lan sapanunggalanipun. Tembung ingkang kalebet ing *partikel seru* inggih menika *lah, ah, adhuh, lho*, lan sapanunggalanipun.
 - 5) Tembung sesulih pandarbe ingkang dipunginakaken minangka sulihing satunggal tiyang utawi ingkang langkung satunggal tiyang. Ingkang kalebet ing tembung pandarbe inggih menika *proklitik* {dak-/tak-/ko-} *enklitik* {-ku-/mu/-e/-ipun} lan sapanunggalanipun.
 - 6) *Partikel penunjuk* utawi tembung sesulih panuduh ingkang ngandharaken nama barang utawi ngandharaken samukawis bab. Tuladhanipun tembung *ika, iku, kuwi, niku, nganu, punika, kae*, lan sapanunggalanipun.
 - 7) Tembung sesulih panyilah ingkang kaginakaken minangka sulihing tiyang utawi barang ingkang dereng cetha. Ingkang kalebet tembung sesulih panyilah inggih menika tembung *sawijining, apa-apa, sapa wae, saben wong, sing sapa wae, salah siji*, lan sapanunggalanipun.
 - 8) *Partikel tanya* utawi tembung sesulih pitaken ingkang dipunginakaken sarana pitaken. Ingkang kalebet tembung sesulih pitakon inggih menika tembung *apa, sapa, ngapa, yagene, geneya, endi, kapan, kepiye, pira*, lan sapanunggalanipun.

Saking andharan wujudipun tembung ing nginggil, saben tembung ngewrat teges ingkang beda-beda sinaosa kalebet ing satunggal jinis. Pramila mbetahaken pangretasan bab tegesipun tembung. Ing ngandhap menika kaandharaken bab tegesipun tembung.

8. Teges

Hardiyanto (2008:19) ngandharaken bilih makna inggih menika samukawis ingkang wonten ing salabeting tuturan, utawi *gejala* ing salebeting tuturan. Ing salebeting pocapan ingkang dipunwedharaken pangandikan ngewrat maksud ingkang dipunkajengaken pangandikan. Satunggal tembung ngewrat makna tartamtu, dene ingkang saged nedahaken makna inggih menika dheretaning aksara saking tembungipun piyambak. Dipunsengkuyung pangretasan makna/teges miturut *Baoesastraa Djawa* (1939:399), ingkang ngadharaken teges inggih menika; (1) makna, surasaning tembung; (2) terang, cetha (gampil dipunmangretosi). Dudutanipun, makna inggih menika suraosing tuturan ingkang tegesipun cetha utawi gampil dipunmangretosi pangandikan sanes.

Gayutanipun kaliyan ngelmi *semantik*, tegesipun basa (makna *lingual*) kapantha dados kalih inggih menika makna *leksikal* kaliyan makna *gramatikal/struktural* (Wedhawati, 2006:45). Makna *leksem*, makna *butir leksikal*, utawi makna ingkang kawrat wonten ing saben tembung/*butir leksikal* dipunsebut makna *leksikal*. Dene makna *gramatikal* inggih menika makna ingkang mijil minangka asiling *proses gramatika*, kados ta wuwuhan, tembung rangkep, *komposisi*, *akronimisasi*, kaliyan *proses konversi*. Madosi makna *gramatikal*

dipunwiwiti madosi makna *leksikal*, salajengipun dipunmaknani dipunjumbuhaken kaliyan wuwuhan ingkang rinaket. Wuwuhan boten ngewrat makna piyambak, nanging saged mujudaken jinisipun tembung wonten ing tataran ukara. Tuladhanipun kaandharaken ing ngandhap menika.

Tiyangipun jaler taksih sami mbekta **pikulan**, pamigunanipun salong wonten ingkang namung kathokan thok." (Jasawidagda, 2010:15).

Tembung *pikul'* wonten ing *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* anggitanipun L. Mardiwarsito tegesipun *memikul/mikul* (nedahaken pakaryan), dene teges *pikeul* miturut *Baoesastrā Djawa* anggitanipun W.J.S. Poerwadarminta tegesipun rembat/gegawan ingkang cara mbektanipun ngginakaken pikulan. Manggihaken makna kanthi madosi teges saben tembung ing kamus saged dipunwastani makna *leksikal*. Tembung *pikul* manawi madeg piyambak saged nedahaken tembung kriya menapa dene tembung aran. Ananging, ukara ing nginggil tembung *pikul* angsal panambang {-an} ingkang ginanipun mujudaken tembung aran. Tembung *pikulan* tegesipun gegawan ingkang dipunpikul (nedahaken barang). Ewah-ewahaning teges amargi *proses afiksasi* menika ingkang dipunwastani makna *gramatikal*.

Andharan bab makna ing nginggil naliti tegesipun saben tembung ing *novel*. *Novel* ingkang dipunginakaken inggih menika *novel KND* anggitanipun R.Tg. Jasawidagda. Pangretosan bab *novel KND* kaandharaken ing ngandhap menika.

9. Novel Kirti Njunjung Drajat

Suwondo saha Mardianto (2001:72-73) ngandharaken, saperangan *novel Jawi modern* ingkang kababar saking Balai Pustaka rikala ing taun 1917 dumugi 1942 ngewrat *tema modern* kados ta *penolakan kawin paksa, penolakan tumrap dunya priyantun*, kaliyan wontenipun pikajengan kangege mandiri. *Karya-karya menika antawisipun, Serat Riyanto* (R. B. Sulardi, 1920), *Galuga Salusursari* (M. Ng. Mangoenwidjaja, 1921), *Katresnan* (M. Soeratman, 1923), *Larasati Modern* (Sri, 1938), *Kirti Njunjung Drajet* (Jasawidagda, 1924), kaliyan *Gawaning Wewatekan* (Koesoemadigda, 1928).

Suwondo saha Mardianto (2001:73) ngandharaken bilih satunggal *karya sastra* ingkang saged dipundadosaken *tonggak tuwuhipun karya-karya* ingkang ngewrat *nada menggugat*, mliginipun tumrap tradisi *elit* kapriyayen inggih menika *novel Kirti Njunjung Drajet* (R. Tg. Jasawidagda, 1924). Kanthi *tematik novel Kirti Njunjung Drajet* kalebet *karya* ingkang khas, ingkang beda kaliyan *karya-karya* 20-an sanesipun. Wonten ing *novel* menika Jasawidagda nyugatakaken prakawis ingkang dhasar gegayutan kaliyan dunya priyantun Jawi inggih menika *konsep* saha *nilai-nilai* priyantun ingkang sampun katrapaken wonten ing masarakat Jawi. Salaras kaliyan Suwondo saha Mardianto, Quinn (1992: 23), ngandharaken *novel Kirti Njunjung Drajet* inggih menika *novel* ingkang awujud *autobiografi* ingkang nyariosaken satunggal priyantun ingkang nolak *karier-ipun* ing pamarintahan ingkang sampun ginaris saking katurunanipun.

Lumantar *karya-nipun* piyambakipun paring pambiji bilih udakawis ngantos taun 20-an masarakat Jawi gesang kanthi tradisi ingkang ngagungaken

pangkat kaliyan drajat. Pramila saking menika lumantar *novel* ingkang kadadosan saking 11 bab (59 kaca), piyambakipun gadhah pikajengan supados para priyantun saged mangretosi kanthi satuhu *hakikat*, *makna*, kaliyan *nilai-nilai* kapriyayen. *Gagasan* gayutanipun *penolakan* tumrap pakulinan praktik priyantun ingkang boten laras tegesipun geser saking angger-angger dipungambaraken dening paraga Darba minangka *simbol* priyantun enggal ingkang paham *etika* sarta *nilai-nilai* kapriyantun, dene Mas Bei Mangunripta minangka gambaran priyantun *konservatif* ingkang boten paham *nilai-nilai* kaliyan *etika* priyantun.

10. Pamilihipun Data

Pamilihipun *data* panaliten kangge dipun-analisis ngginakaken *teknik simple random sampling*. *Teknik simple random sampling* inggih menika cara milih *data* kanthi *acak* saking sakathahing *data* tanpa nggatosaken undha-usukipun *data* (Sugiyono, 2010:120). Cara menika dipunginakaken manawi *data* ingkang kapanggihaken asipat *homogen* (boten ngandharaken undha-usuk). *Data* ingkang kapendhet menika *data* ingkang saged makilaken (*representatif*) saking sakathahipun *data* panaliten.

Data-data panaliten menika dipunpilih ingkang saged makilaken *data* ingkang kapanggihaken. Tuladha lampahipun milih *data* ngengingi wujudipun tembung kaandharaken ing ngandhap menika.

- a. Saking sakathahipun *data* ngengingi wujudipun tembung, dipunpilih *data* ingkang saged makilaken wujud tembung lingga saha tembung andhahan.

- b. Tembung andhahan menika kaprinci saking cara pandhapukipun inggih menika tembung andhahan mawi wuwuhan saha tembung andhahan rangkep.
- c. Tembung andhahan mawi wuwuhan kaprinci saking jinis wuwuhan ingkang ngraketi, inggih menika ater-ater, seselan, panambang, *konfiks*, saha *simulfiks*. Pramila dipunpilih *data* ingkang *representatif* ngengingi wujud tembung andhahan ingkang dumados saking tembung andhahan mawi ater-ater, tembung andhahan mawi seselan, tembung andhahan mawi panambang, tembung andhahan mawi *konfiks*, saha tembung andhahan mawi *simulfiks*.
- d. Tembung andhahan rangkep kaprinci dados tiga, inggih menika tembung dwilingga, tembuung dwipurwa, saha tembung dwiwasana. Ananging tembung rangkep ingkang kapanggihaken namung kalih inggih menika tembung dwilingga kaliyan tembung dwipurwa. Pramila pamilihipun *data* dipunpendhet ingkang saged makili tembung dwilingga saha tembung dwipurwa.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten menika jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Abdul Afif Rosyidi kanthi irah-irahan *Penggunaan Bahasa Jawa Kuna dan Bahasa Arab dalam Rapal Mantra Dukun di Kecamatan Larangan Kabupaten Brebes Jawa Tengah* taun 2006, ingkang wosipun panaliten inggih menika naliti bab wujud saha jinis tembung basa Jawi Kina saha basa Arab, sarta naliti kalenggahan tembung-tembung basa Jawi Kina saha basa Arab ing rapal mantra.

Bab ingkang sami saking panaliten menika nun inggih sami anggenipun naliti bab pamigunaning tembung-tembung basa Jawi Kina ing antawisipun bab wujud kaliyan jinis. Wondene bedanipun manawi panaliten ingkang dipuntindakaken Abdul Afif Rosyidi naliti ugi pamigunaning basa Arab, kalenggahaning basa Jawi kina saha basa Arab, saha *fungsi-nipun* basa Jawi kina kanthi *subyek* panaliten rapal mantra dukun Kecamatan Larangan Kabupaten Brebes Jawa Tengah. Dene panaliten menika naliti bab wujud, jinis, saha makna tembung basa Jawi Kina ingkang dipunginakaken ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

Kaping kalih, inggih menika panalitenipun Yunita Anggun Try Wijayanti kanthi irah-irahan *Tembung Kriya Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal* ing taun 2013, ingkang wosipun inggih menika; (1) naliti tembung kriya basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun asmi ing basa Jawi Enggal, (2) tembung kriya basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami nanging tegesipun beda kaliyan basa Jawi Enggal, (3) tembung kriya basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami nanging tegesipun beda kaliyan basa Jawi Enggal, (4) ewah-ewahaning wujud tembung kriya basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal, (5) ewah-ewahaning teges basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal.

Bab ingkang sami ing panaliten menika, sami anggenipun naliti bab jinisipun tembung mliginipun tembung kriya basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami ing basa Jawi Enggal. Manawi panalitenipun Yunita Anggun Try Wijayanti beda ing wosing panaliten ingkang naliti bab jinisipun tembung kriya basa Jawi Kina ingkang wujudipun beda nanging tegesipun sami ing basa Jawi

enggal, naliti ugi jinisipun tembung kriya basa Jawi Kina ingkang wujudipun sami nanging tegesipun beda ing basa Jawi Enggal, sarta naliti ewah-ewahaning wujud kaliyan teges tembung kriya basa Jawi Kina ing basa Jawi Enggal. Dene bedanipun panaliten menika naliti sadaya wujud, jinis, saha tegesipun tembung saking basa Kina ing *novel Kirti Njunjung Drajet* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

C. Nalaring Panaliten

Saking wosing prakawis panaliten inggih menika pamigunaning tembung basa Jawi Kina wonten ing *novel KND* anggintanipun R. Tg. Jasawidagda, pramila pirembagan ing skripsi menika bab wujud, jinis kaliyan tegesipun tembung basa Jawi Kina ingkang dipunginakaken ing *novel KND* anggintanipun R. Tg. Jasawidagda. Basa Jawi Kina inggih menika basa ingkang dipunginakaken tiyang Jawi ing abad 8 Masehi dumugi 15 Masehi. Pamigunanipun tembung saking basa Jawi Kina kaancasaken kangege paring corak supados narik kawigatosan pamaos, kanthi dhasar maksud utawi pesen ingkang badhe kaaturaken dening pengarang saged dipuntampi dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan ugi *nilai rasa* ingkang dipungadhahi pamaos.

Trepipun pamilihing tembung ngrembag bab tembung ingkang saged nuwuhaken ide ingkang trep ing *imajinasi* pamaos, kados dene ingkang dipunraosaken dening panyerat. Trep menapa boten pamilihing tembung wonten ing karya sastra dipunpangaribawani *kosa kata* kaliyan *nilai rasa*. Kalepatan pamilihing tembung saged nuwuhaken rasa ingkang ngganjel dening pamaos.

Wujud tembung kaperang dados kalih inggih menika tembung lingga kaliyan tembung andhahan. Dene tembung andhahan kadadosan saking wujud tembung andhahan mawi wuwuhan, andhahan awujud tembung rangkep, kaliyan andhahan awujud tembung camboran. Jinis tembung kapantha dados nem inggih menika inggih menika tembung aran/*nomina*, tembung kriya/*verba*, tembung kahanan/*ajektiva*, tembung katrangan/*adverbia*, tembung wilangan/*numeralia*, kaliyan *partikel*. Panaliten ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda ngrembag bab wujud kaliyan jinis tembung saking basa Jawi Kina.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinis panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Kanthi cara panaliten *deskriptif*, panaliti kedah saged medharaken *fakta-fakta* utawi *data* ingkang katingal kanthi cara suka andharan utawi *mendeskripsikan*. *Fakta* utawi *data* menika minangka sumber katrangan ingkang dipundadosaken dhasar *analisis* (Siswantoro, 2010: 57). Saking andharan kasebut pramila panaliten *deskriptif* menika langkung trep amargi ingkang dipunrembag wonten ing panaliten menika ngengenggi karya sastra *novel*.

Wonten ing bab menika, panyerat damel *deskripsi* kadospundi wujud, jinis, saha tegesipun tembung basa Jawi Kina ingkang dipunginakaken ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. *Data* panaliten menika awujud tembung ingkang kalebet ing basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami ing basa Jawi Enggal. Cara panaliten *deskriptif* dipunpilih amargi panyerat ngandharaken bab tembung-tembung basa Jawi Kina ingkang dipunginakaken ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Lampahing panaliten menika kanthi cara ngempalaken *data*, *klasifikasi data*, saha *analisis* utawi *ngolah data* kangge madosi saha ngandharaken wujud, jinis, saha tegesipun tembung basa Jawi Kina ingkang dipunginakaken wonten ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

B. Data saha Sumber Data

Data miturut Sudaryanto (1988:9), inggih menika *bahan* panaliten, tegesipun sanes *bahan* mentah nanging *bahan* ingkang sampun cumawis dipunjumbuhaken kaliyan *konteks-ipun*. *Data* ing panaliten menika awujud tembung basa Jawi Kina ingkang wujud saha tegesipun sami kaliyan basa Jawi Enggal ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

Sumber data wonten ing panaliten menika *novel KND* ingkang kababar dening Kiblat ing taun 2012, gunggungipun kaca ing *novel* menika 106. Pamilihing *novel KND* amargi *novel* menika kacithak kapisan dening Balai Pustaka ing taun 1924 satemah kalebet *novel* ingkang sampun dangu. *Novel* menika ngginakaken ragam basa Jawi krama kanthi ejaan enggal satemah nggampilaken panyerat ing kagiyatan *analisis data*.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Cara anggenipun ngempalaken *data* wonten panaliten menika kanthi cara maos saha nyerat. Cara maos inggih menika maos sadaya *data* ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda sarta madosi tembungipun ing kamus *Jawa Kuna-Indonesia* saha *Baoesastrā Djawa* supados saged nemtokaken pamigunaning tembung basa Jawi kina. Salajengipun cara nyerat, inggih menika nyerat sadaya *data* ingkang sampun dipunpanggihaken saking asiling maos *novel* kasebut.

Lampahing panaliti kaping sapisan, maos *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda saha ngecek ing kamus kangge mangretosi ugi manggihaken *data*

ingkang dipunkajengaken. Kaping kalih, inggih menika nyerat. Wonten ing lampah menika panaliti nyathet sadaya *data* ingkang ngemu tembung basa Jawi Kina wonten ing salebeting *novel* kasebut. Salajengipun, lampah ngempalaken *data* dipuntindakaken kanthi makaten.

1. Maos, panyerat maos sadaya *data* salebeting *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda lajeng dipunpadosi tembung-tembung ingkang kalebet ing tembung saking basa Jawi Kina. Proses menika dipuntindakaken kange manggihaken tembung saking basa Jawi kina ingkang gadhah wujud sarta teges ingkang sami ing basa Jawi *ragam krama*.
2. Sasampunipun *data* kapanggihaken, lajeng dipunpadosi wujudipun tembung. Sadaya *data* dipunjumbuhaken kaliyan *teori* ingkang dados landhesan.
3. Sasampunipun *data* wujudipun tembung kapanggihaken, lajeng dipunpadosi jinisipun tembung. Sadaya *data* dipunjumbuhaken kaliyan *teori* ingkang dados landhesan.
4. Salajengipun, madosi bab tegesipun tembung ing bausastra utawi *kamus*.
5. Salajengipun nyerat asil saking proses maos sadaya *data* ingkang kalebet tembung basa Jawi Kina..
6. Salajengipun, dipunserat wonten ing kertu *data*. Nyerat *data* wonten ing kertu *data* menika supados nggampilaken panyerat anggenipun ngrembag *data*.

D. Piranti Panaliten

Piranti panaliten menika tegesipun piranti ingkang kaginakaken kange ngempalaken *data* (Siswantoro, 2010:73). Piranti panaliten ingkang kaginakaken

wonten ing panaliten menika arupi kertu data. Kertu *data* menika saged suka pambiyantu kangge nggampilaken wonten ing *klasifikasi data*. Kertu *data* menika saged ndadosaken padamelan kanthi *sistematik*.

Kertu *data* ingkang dipunginakaken menika ngewrat *data* ingkang wonten gayutanipun kaliyan wujud, jinis saha tegesipun basa Jawi kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Pamigunaning kertu *data* menika saged mbiyantu kanthi *sistematik* amargi nggampilaken nyerat *data* ingkang jumbuh saha mbiyantu anggenipun ngecek *data*.

Tabel 1: Kertu *Data Wujud Tembung, Jinis saha Tegesipun Tembung Basa Jawi Kina wonten ing Novel KND anggitanipun R. Tg. Jasawidagda*

Sumber <i>data</i>	<i>Kirti Njunjung Drajat</i> kaca 67
<i>Data</i>	mila ulatipun Mbok Nyapada lajeng radi padhang .
Jinis tembung	tembung kahanan/ <i>ajektiva</i>
Wujud tembung	tembung lingga
Teges	Terang, cetha

E. Caranipun Nganalisis Data

Wonten ing panaliten menika, caranipun nganalisis *data* ngginakaken cara *analisis deskriptif*. Cara *analisis deskriptif* inggih menika *teknik* ingkang ngginakaken cara ngandharaken sadaya *data* miturut *kategori* saha dipun-analisis maksud tuturanipun. Bab ingkang dipunandharaken, inggih menika wujud, jinis, saha tegesipun tembung basa Jawi kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

Cara *analisis deskriptif* wonten ing panaliten menika kaperang dados tigang lampah. Wondene lampahipun cara *analisis deskriptif* kados ing ngandhap menika.

1. *Data* saking kertu *data* dipunwaos malih saha dipun-cek wonten kamus, satemah panyerat mangretosi saestu *data-data* ingkang kalebet wujud kaliyan jinis tembung Jawi kina.
2. *Data* ingkang sampun dipunjumbuhaken menika lajeng dipunkempalaken, salajengipun dipuntata utawi dipunketik saha dipunlebetaken wonten ing kertu *data*, dipunurutaken utawi dipun-*identifikasi* lajeng dikelompokaken miturut *kriteria* ingkang sampun dipuntetepaken wonten ing kertu *data*.
3. Lampah ingkang pungkasan inggih menika *data* dipun-*analisis* bab wujud, jinis, saha tegesipun basa Jawi Kina, saha damel dudutan saking sadaya pirembagan ingkang dipunlampahi ingkang wonten gayutanipun kaliyan pamigunaning tembung basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

Tabel 2: Tuladha *Data* Jinis Tembung, Wujud, saha Tegesipun Tembung Basa Jawi Kina wonten ing Novel KND anggitanipun R. Tg. Jasawidagda

No.	<i>Data</i>	Jinis	Wu-jud	Tegesipun Tembung	Katrangan
1	2	3	4	5	6
1	“Gagasanipun Darba molak-malik boten kanten-kantenan,... (Jasawidagda, 2012: 33)	Kr	A	<p><i>walik</i> (Mardiwarsito, 1981:656), tegesipun <i>walik</i>.</p> <p><i>walik</i> (Poerwadarminta, 1939:654), tegesipun <i>raen</i> (lumah) ingkang wonten ing sisih sanesipun (ngandhapipun).</p> <p><i>Molak-malik</i> tegesipun nindakaken pakaryan malik kanthi</p>	<p>Tembung molak-malik saking tembung lingga <i>walik</i> angsal ater-ater {N-(ma-)} sarta dipunrangkep dwilingga salin swara.</p> <p>Wujud tembung {ma-/R-/L} minangka titikaning</p>

				ambal-ambalan (tumrap gagasanipun).	tembung kriya.
--	--	--	--	--	----------------

Katrangan:

- KND : *Kirti Njunjung Drajat*
 A : Tembung Andhahan
 Ar : Tembung Aran (*Nomina*)
 Kr : Tembung Kriya (*Verba*)
 Kt : Tembung Katrangan (*Adverbia*)
 L : Tembung Lingga
 Pr : *Partikel*
 Wl : Tembung Wilangan (*Numeralia*)
 Kh : Tembung Kahanan (*Adjektiva*)
 k : kaca
 DL : *data* lampiran

F. **Validitas saha Reliabilitas Data**

Validitas ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika *validitas triangulasi teori* kangge nliti *data* ingkang awujud tembung-tembung. Tembung-tembung menika lajeng dipuntlti wujud, jinis, saha tegesipun tembung. Sasampunipun angsal lajeng *validitas data* kaukur ngginakaken *triangulasi teori*. *Triangulasi teori* ing panaliten menika nandhingaken *data* saking asiling panaliten kaliyan *teori-teori* ingkang jumbuh (Setiyadi, 2006:32). *Triangulasi teori* ing panaliten menika ngginakaken *teori-nipun* Mardiwarsito saha Harimurti Kridalaksana bab wujud, jinis, saha teges basa Jawi Kina.

Tuladha uji *validitas* ngginakaken *triangulasi teori* saking tembung-tembung ingkang kapendhet saking *novel KND* ingkang dipuncocogaken ing

Kamus Jawa Kuna-Indonesia kaliyan *Baoesastra Djawa* inggih menika tembung *numpak*. Tembung *numpak* saking tembung lingga *tumpak* angsal ater-ater anuswara {N-}. Tembung *tumpak* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:2618), tegesipun nunggang, lenggah, ndherek. Makaten ugi *toempak* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:613) tegesipun nunggang. Miturut Kridalaksana saha Mardiwarsito (2012:61), ater-ater anuswara {N-} minangka titikaning tembung kriya saha ngewrat teges nindakaken kados lingganipun. *Numpak* tegesipun nindakaken padamelan nunggang. Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih *validitas triangulasi* ingkang dipunginakaken menika, jumbuh kaliyan *teori* ingkang dipunginakaken inggih menika bab wujud, jinis, saha tegesipun tembung miturut Kridalaksan saha L. Mardiwarsito.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken ing panaliten menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* inggih menika *reliabilitas* ingkang sipatipun ajeg. Miturut Bungin (2010:58), *reliabilitas stabilitas* inggih menika *reliabilitas* ingkang dipunginakaken manawi *data* menika asilipun sami/ajeg. Tuladhanipun inggih menika tembung *anak*, manawi dipunpadosi ing *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* utawi ing *Baoesastra Djawa*, tembung menika wujud saha tegesipun ajeg utawi boten ewah. Tembung *anak* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:42) tegesipun putra, tiyang. Dene tembung *anak* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:10) tegesipun putra, turunan. Menika ingkang dipunwastani *reliabilitas stabilitas* kabukti saking asiling *data* ingkang asilipun ajeg utawi sami.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika arupi *data wujud*, *jinis*, saha *tegesipun tembung* basa Jawi Kina wonten ing *novel KND* anggitanipun R.Tg. Jasawidgda. *Data* ingkang sampun dipunpanggihaken salajengipun dipun-*klasifikasi* supados saged nemtokaken wujud, *jinis*, saha *tegesipun tembung* saking basa Jawi Kina.

Klasifikasi data ingkang jangkep badhe dipunandharaken awujud *tabel*, ancasipun supados nggampilaken anggenipun *analisis data*. *Data* ingkang sampun kapanggihaken wonten ing panaliten menika langkung kathah, satemah *data* kasebut boten saged kaandharaken sadaya. Awit saking menika, wonten ing pirembagan menika dipunandharaken wujud, *jinis*, saha *tegesipun tembung* basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. *Data-data* ingkang jangkep bab wujud, *jinis*, saha *tegesipun tembung* saking basa Jawi Kina badhe dipunandharaken wonten ing kaca *lampiran*.

Tabel 3: Wujud, Jinis saha Tegesipun Tembung Basa Jawi Kina ing Novel *Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda

No.	Jinis Tem-bung	Wujud Tembun-g	Tegesipun Tembung	Indikator
1	2	3	4	5
1	tembung aran	tembung lingga	<i>Lampah</i> (Mardiwarsito, 1981: 308), tegesipun laku. <i>Lampah</i> (Poerwadarminta, 1939:259), tegesipun laku.	<i>Sayektos, tetiyang wau saweg mapan linggih srog, sepur sampun ebah-ebah, nunten anggeblas nglajengaken lampah.</i> (DL/10/11)

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
2		tembung andhahan mawi ater- ater	<i>Alem</i> (Mardiwarsito, 1981: 27), tegesipun puji. <i>Alem</i> (Poerwadarminta, 1939: 6), tegesipun disebut kabecikanipun. <i>Pangalem</i> tegesipun pamuji dhateng kabecikanipun tiyang.	<i>Ing batos gadhah <u>pangalem</u>, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau,... (DL/42/13)</i>
3		tembung andhahan mawi panam- bang	<i>Atur</i> (Mardiwarsito, 1981: 97), tegesipun tembung. <i>Atoer</i> (Poerwadarminta, 1939: 21), tegesipun menapa ingkang dipunngendikakaken. <i>Aturan</i> tegesipun menapa ingkang dipunatur (tatanan/pranatan).	“...ora ngerti <u>aturan</u> , kowe wong apa...” (DL/75/17)
4		tembung andhahan mawi <i>konfiks</i>	<i>Patih</i> (Mardiwarsito, 1981: 413), nama pangkat. <i>Patih</i> (Poerwadarminta, 1939: 476), priyagung ingkang nindakaken prentahipun nagara, pangkat sangandhapipun bupati. <i>Kapatihan</i> tegesipun dalem (kantor)ing patih.	<i>Bapakipun nyambeti, “Nun, kula dherekaken Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit ngungkuraken Mas Bei Mangunripta, sapunika miring mawi mengo, wangsulanipun cekak nanging taklim, “<u>Kapatihan</u>. ” (DL/48/14)</i>
5		tembung rangkep	<i>Jaka</i> (Mardiwarsito, 1981: 247), tegesipun jaka. <i>Djaka</i> (Poerwadarminta, 1939: 78), tegesipun lare jaler ingkang dereng rabi. <i>Jejaka</i> tegesipun lare ingkang taksih jaka.	<i><u>Jejaka</u> watawis umur 18 taun anama pun Darba, ugi mangangge pameran,... (DL/20/12)</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
6	tembung kriya	tembung lingga	<i>Mire</i> (Mardiwarsito, 1981: 351), tegesipun nyisih, nyumingkir, ngedohi. <i>Mire</i> (Poerwadarminta, 1939: 317), tegesipun nyisih nyimpang, nggiwar.	..., <i>tetiyang kathah sami blerengen boten wonten ingkang wani celak kepara sami mire ngurmati.</i> (DL/67/16)
7		tembung andhahan mawi ater-ater	<i>Alih</i> (Mardiwarsito, 1981: 27) tegesipun pindhah. <i>Alih</i> (Poerwadarminta, 1939: 7) tegesipun pindhah. <i>Ngalih</i> tegesipun nindakaken pakaryan pindhah.	<i>Mangkene bae Darba, bubar giling iki aku ngalih pagawean menyang pabrik wesi LindeTeves ing Semarang.</i> (DL/202/58)
8		tembung andhahan mawi seselan	<i>Tungkul</i> (Mardiwarsito, 1981: 621) tegesipun ndhekukul. <i>Toengkoel</i> (Poerwadarminta, 1939: 615) tegesipun boten ndangak, ndhekukul. <i>Tumungkul</i> tegesipun nindakaken polah ndhekukul.	<i>Lare kalih sami tumungkul, isin dipuntingali lare kathah.</i> (DL/184/46)
9		tembung andhahan mawi panam-bang	<i>Jaluk</i> (Mardiwarsito, 1981: 248), tegesipun nyuwun. <i>Djaloek</i> (Poerwadarminta, 1939: 79), tegesipun nyuwun. <i>Jalukana</i> tegesipun pakon supados nyuwun.	<i>Jalukana gendhing clunthang, Beng.</i> (DL/118/26)
10		tembung andhahan mawi konfiks	<i>Ungkur</i> (Mardiwarsito, 1981: 641), tegesipun wingking, walik. <i>Oengkoer</i> (Poerwadarminta, 1939: 443), tegesipun ing sawingkingipun, boten dipunajengaken.	<i>Sayektos, tetiyang Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit ngungkuraken Mas Bei Mangunripta, sapunika miring mawi</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
			<i>Ngungkuraken</i> tegesipun nindakaken padamelan madhep wingking dhateng tiyang sanes.	<i>mengo,</i> <i>wangsulanipun cekak nanging taklim,</i> “Kapatihan.” (DL/47/14)
11		tembung andhahan mawi <i>simulfiks</i>	<i>Pet uk</i> (Mardiwarsito, 1981: 421), tegesipun ketemu.. <i>Pet oek</i> (Poerwadarminta, 1939: 490), tegesipun gathuk, ketemu, cocog kajengipun. <i>Dipunpethukaken</i> tegesipun nindakaken pakaryan ketemu ingkang dipunjajarag.	<i>Dene Darba,</i> <i>dhatengipun njujug ing patehan,</i> <i>dipunpethukaken</i> <i>kaliyan ingkang kapatah wonten ngriku,</i> <i>kaleres adhinipun ingkang gadhah damel,...</i> (DL/93/20)
12		tembung rangkep	<i>walik</i> (Mardiwarsito, 1981: 656) tegesipun walik. <i>walik</i> (Poerwadarminta, 1939: 654) tegesipun raen (lumah) ingkang wonten ing sisih sanesipun (ngandhapipun). <i>Molak-malik</i> tegesipun nindakaken padamelan malik kanthi ambal-ambalan.	<i>Gagasanipun Darba</i> <i>molak-malik</i> boten kantenan-kantenan, <i>upami dipuntataa makaten, bokmanawi kados ingandhap punika.</i> (DL/141/33)
13	tembung kahanan	tembung lingga	<i>Pet ak</i> (Mardiwarsito, 1981: 421), tegesipun putih. <i>Pet ak</i> (Poerwadarminta, 1939: 482), tegesipun corak putih.	<i>Kejawi punika tiyang wau ngangge kuluk</i> <i>pethak</i>, kenging dipungrayangi bilih abdi dalem apangkat drajat. (DL/18/12)
14		tembung andhahan mawi panam- bang	<i>Peteng</i> (Mardiwarsito, 1981: 421) tegesipun boten padhang. <i>Peteng</i> (Poerwadarminta, 1939: 488) tegesipun boten terang (tumrap prekawis).	<i>Ingkang damel</i> <i>petenging</i> gagasanipun Darba punika tembung, “wong tuwa kuwi nek anake ketok anane mung bungah.”

			<i>Petenging (gagasan)</i>	(DL/144/34)
--	--	--	----------------------------	-------------

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
			tegesipun boten terang/ boten gadhah gagasan.	
15		tembung rangkep	<i>Sugih</i> (Mardiwarsito, 1981: 542) tegesipun kadunungan menapa- menapa ingkang kathah (bandha, kalenggahan, lan sapanunggalanipun). <i>Soegih</i> (Poerwadarminta, 1939: 570) tegesipun gadhah bandha kathah. <i>Sugih-sugih</i> tegesipun tiyang-tiyang ingkang kaananipun sugih.	<i>Lah wong sing <u>sugih-</u> <u>sugih</u> ing Kauman lan ing Lawiyan kuwi padha ngaya-aya tuku kapriyayen,... (DL/206/65)</i>
16	tembung katra- ngan	tembung lingga	<i>Sonten</i> (Mardiwarsito, 1981: 536), tegesipun sore. <i>Sonten</i> (Poerwadarminta, 1939: 579), tegesipun sore.	<i>Wanci jam gangsal <u>sonten</u>, kareta latu ingkang saking Semarang dhateng Ngayogyakarta, sampun dumugi ing setatsiyun Balapan Surakarta. (DL/3/11)</i>
17		tembung andhahan mawi <i>konfiks</i>	<i>Lawas</i> (Mardiwarsito, 1981: 313), tegesipun dangu (wekdal). <i>Lawas</i> (Poerwadarminta, 1939: 264), tegesipun lami, dangu, sampun kepengker dangu, sampun dangu wekdalipun. <i>Salawase</i> tegesipun ngantos sadangunipun wekdal.	<i>“<u>Salawase</u> aku ora wedi karo wong sing kokehan uni.” (DL/125/28)</i>
18		Tembung andhahan rangkep	<i>Telas</i> (Mardiwarsito, 1981: 595) tegesipun rampung, entek. <i>Telas</i> (Poerwadarminta, 1939: 599) tegesipun entek.	<i>..., wekasan <u>telas-</u> <u>telasaning</u> rembag para sepuh anggening damel sabab: nyumelangaken manawi Darba</i>

			<i>Telas-telasaning</i>	<i>kaselak kenging</i>
--	--	--	-------------------------	------------------------

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
			tegesipun ingkang dados rampungipun rembag.	<i>godha</i> (royal). (<i>DL/194/52</i>)
19	tembung wilangan	tembung lingga	<i>Kat ah</i> (Mardiwarsito, 1981: 273), tegesipun akeh. <i>Kat ah</i> (Poerwadarminta, 1939: 193), tegesipun akeh.	<i>Kacariyos</i> <i>ing setatsiyun Purwasari, kathah</i> sanget ingkang badhe numpak sepur, ingkang kathah kanca dhusun mentas sesadean dhateng nagari, bebektanipun sarwa rowa, senik isi angsal-angsal: roti, dolanan. (<i>DL/51/14-15</i>)
20			<i>Pisan</i> (Mardiwarsito, 1981: 426), tegesipun kaping satunggal. <i>Pisan</i> (Poerwadarminta, 1939: 494), tegesipun sarambanan, ambalan kaping satunggal.	" <i>Inggih, ta. (Anggenipun wicanten makaten punika kaliyan ngowahi linggihipun, dhuwungipun kainger, kakempit ing bau tengen, lajeng asesendhen, sukunipun kalih pisan kaslonjoraken, tumumpang</i> <i>ing bangku ngajengipun</i>). (<i>DL/35/13</i>)
21		tembung andhahan mawi ater-ater	<i>Eka</i> (Mardiwarsito, 1981: 175) tegesipun satunggal, sarujuk. <i>Eka</i> (Poerwadarminta, 1939: 112) tegesipun satunggal, ijening cacah. <i>Saeka</i> tegesipun satunggal iji.	<i>Guyub sayuk saeka kapti, darapon saged netepi kadi dene pralambanging sapu sada</i> <i>ingkang ingesuhan,...</i> (<i>DL/217/74</i>)
22			<i>Palih</i> (Mardiwarsito, 1981: 391), tegesipun paro. <i>Palih</i> (Poerwadarminta,	<i>Nanging pangunusipun saweg angsal sapalih, ugelandipun enggal</i>

			1939:	<i>ketekek dening</i>
--	--	--	-------	-----------------------

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
			459), tegesipun paro. <i>Sapalih</i> tegesipun wilangan <i>pecahan</i> satunggal paro.	<i>onderipun.</i> (DL/123/28)
23	<i>partikel</i>	tembung lingga	<i>Kana</i> (Mardiwarsito, 1981: 265) tegesipun ing mrika (tebih). <i>Kana</i> (Poerwadarminta, 1939: 184) tegesipun ngrika, panuduh papan ingkang tebih.	..., <i>awit ana nagarane kana kabeh padha kekurangan, lan ora bisa bisa golek kauntungan.</i> (DL/226/78)
24			<i>Sang</i> (Mardiwarsito, 1981: 505), tegesipun tembung panyilah biasa. <i>Sang</i> (Poerwadarminta, 1939: 544), tegesipun tembung panyilah pakurmatan.	<i>Para tamu sapajagongan, purugipun mripat namung dhateng sang pindha dewa lan dewi.</i> (DL/109/23)
25			<i>Saha</i> (Mardiwarsito, 1981: 489), tegesipun lan, kaliyan, sarta. <i>Saha</i> (Poerwadarminta, 1939: 538), tegesipun karo, lan.	<i>Ing batos gadhah pangalem, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau, sanget anggenipun anjagi saha mrenah-mrenahaken biyungipun, punapadene ingkang nyepeng karcis saha ngulungaken dhateng kondhektur inggih pun Darba.</i> (DL/44/13)
26			<i>Manawi</i> (Mardiwarsito, 1981: 338), tegesipun menawa, yen. <i>Manawi</i> (Poerwadarminta, 1939: 289), tegesipun yen.	..., amargi sumelang <i>manawi</i> boten uman papan, agengipun ngantos katilar sepur. (DL/7/11)

Tabel panaliten ing nginggil menika ngenggingi tembung saking basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken wonten ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. *Data-data* kasebut namung saperangan saking asilipun panaliten menika. *Data-data* menika sampun dipunpilah ingkang udakawis sampun saged makilaken sadaya *data* saking asilipun panaliten menika. Salajengipun *data-data* kasebut badhe dipunandaraken wonten ing bab pirembagan ing ngandhap menika.

B. Pirembagan

Wonten ing bab menika dipunandharaken pirembagan asiling panaliten. Asiling panaliten dipunrembag dipunsarengi *data* ingkang jumbuh kaliyan wosing prakawis ing panaliten menika. *Data-data* menika dipunandharaken satunggal mbaka satunggal. Pramila saged langkung terang saha gamblang kados pundi caranipun nemtokaken wujudipun tembung, jinisipun tembung, saha tegesipun tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

Ingkang sapisan badhe dipunrembag inggih bab wujudipun tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Salajengipun inggih jinisipun tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Ingkang pungkasan inggih menika tegesipun tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

1. Wujudipun Tembung saking Basa Jawi Kina ing *Novel Kirti Nunjung*

Drajat Anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

Wujudipun tembung saking basa Jawi Kina inggih menika; tembung lingga saha tembung andhahan. Wondene wujud tembung saking basa Jawi Kina

ingkang kapanggihaken langkung kathah inggih menika tembung lingga. Wujudipun tembung saking basa Jawi Kina menika dipuntemtokaken adhedhasar saking wonten menapa botenipun wuwuhan utawi rangkepaning tembung ingkang ngraketi. Wujudipun tembung saking basa Jawi Kina menika dhasaripun kasusun saking tembung lingga. Wondene pirembagan bab wujud tembung lingga kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Tembung Lingga

Pamigunaning tembung basa Jawi Kina ingkang awujud tembung lingga kapanggihaken ing; (1) tembung aran, (2) tembung kriya, (3) tembung kahanan, (3) tembung katrangan, (4) tembung wilangan lan (4) *partikel*. Anggenipun nemtokaken tembung lingga ing jinis tartamtu adhedhasar tegesipun tembung sarta papanipun ing salebeting ukara. Pirembagan ingkang sapisan inggih menika pamigunaning tembung lingga jinis aran saking basa Jawi Kina.

(1) Sayektos, tetiyang wau saweg mapan linggih srog, sepur sampun ebah-ebah, nunten anggeblas nglajengaken **lampah**. (DL/12/11)

Tembung ingkang kacithak kandel ing *data* (1) menika salah satunggal tuladha tembung lingga. Tembung *lampah* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 308), tegesipun laku. Makaten ugi tegesipun tembung *lampah* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 259), tegesipun laku. Tembung menika dipunwastani tembung lingga amargi tembungipun dereng rinaketan wuwuhan. Tembung *lampah* dumados saking kalih wanda. Inggih menika wanda *lam* saha *pah*.

(7) ..., tetiyang kathah sami blerengen boten wonten ingkang wani celak kepara sami **mire** ngurmati. (DL/81/16)

Tembung ingkang kacithak kandel ing *data* (7) menika salah satunggal tuladha wujud tembung lingga. Tembung *mire* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 351), tegesipun nyisih, nyumingkir, nebihaken. Makaten ugi tegesipun tembung *mire* ing bas Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 317), tegesipun nyisih nyimpang, nggiwar. Tembung menika dipunwastani tembung lingga amargi tembungipun dereng rinaketan wuwuhan. Tembung *mire* dumados saking kalih wanda menga inggih menika wanda *mi* saha *re*. Salajengipun pamigunanipun tembung lingga ugi kapanggihaken ing jinis tembung kahanan, ingkang kaandharaken ing *data* (14) ngandhap menika.

(14) Kejawi punika tiyang wau ngangge kuluk ***pethak***, kenging dipungrayangi bilih abdi dalem apangkat drajat. (DL/23/12)

Tembung *pethak* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 421) tegesipun putih, makaten ugi ing bas Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 482), tegesipun corak putih. Tembung menika dipunwastani tembung lingga amargi tembungipun dereng rinaketan wuwuhan. Tembung *pethak* dumados saking kalih wanda. Inggh menika wanda *pe* saha *thak*. Salajengipun pamigunanipun tembung lingga ugi kapanggihaken ing jinis tembung katrangan, ingkang badhe kaandharaken ing *data* (17) ngandhap menika.

(17) Wanci jam gangsal ***sonten***, kareta latu ingkang saking Semarang dhateng Ngayogyakarta, sampun dumugi ing setatsiyun Balapan Surakarta. (DL/2/11)

Tembung *sonten* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 536), tegesipun sore. Dene tembung *sonten* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 579), tegesipun wayah saderengipun ndalu, sore. Tembung menika dipunwastani tembung lingga amargi tembungipun dereng rinaketan wuwuhan. Tembung *sonten* dumados

saking kalih wanda. Inggih menika wanda *son* saha *ten*. Salajengipun pamigunanipun tembung lingga ugi kapanggihaken ing jinis tembung wilangan, ingkang badhe kaandharaken ing *data* (20) ngandhap menika.

(20) Kacariyos ing setatsiyun Purwasari, **kathah** sanget ingkang badhe numpak sepur, ingkang kathah kanca dhusun mentas sesadean dhateng nagari, bebektanipun sarwa rowa, senik isi angsal-angsal: roti, dolanan. (DL/63/14-15)

Tembung *kathah* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 273) tegesipun akeh. Makaten ugi tembung *kathah* (Poerwadarminta, 1939: 193) tegesipun tegesipun akeh utawi wilanganing barang ingkang boten sakedhik. Tembung menika dipunwastani tembung lingga amargi tembungipun dereng rinaketan wuwuhan. Tembung *kathah* dumados saking kalih wanda, inggih menika wanda *ka lan thah*. Salajengipun pamigunanipun tembung lingga ugi kapanggihaken ing jinis *partikel*, ingkang badhe kaandharaken ing *data* (17) ngandhap menika.

(22) ..., awit ana nagarane **kana** kabeh padha kekurangan, lan ora bisa bisa golek kauntungan. (DL/280/78)

Tembung *kana* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 265) tegesipun ing mrika (tebih). Dene tembung *kana* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 184) tegesipun ngrika, panuduh papan ingkang tebih. Tembung menika kalebet ing wujud tembung lingga amargi tembungipun dereng rinaket kaliyan wuwuhan. Tembung *kana* dumados saking kalih wanda. Inggih menika wanda *ka saha na*.

Pirembagan bab wujud tembung lingga saking basa Jawi Kina sampun kaandharaken ing inggil. Salajengipun badhe karembag bab wujudipun tembung andhahan saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

b. Tembung Andhahan

Wujudipun tembung andhahan saking basa Jawi Kina inggih menika; tembung andhahan mawi wuwuhan saha tembung rangkep. Wujud tembung basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken langkung kathah inggih menika tembung andhahan mawi wuwuhan. Wujudipun tembung andhahan basa Jawi Kina menika dipuntemtokaken adhedhasar wuwuhan utawi rangkepan tembung ingkang ngraketi. *Data-data* menika dipunandharaken satunggal mbaka satunggal, pramila saged langkung terang saha gamblang kados pundi caranipun nemtokaken wujud tembung andhahan mawi wuwuhan menapa dene wujud andhahan mawi tembung rangkep. Pirembagan ingkang kapisan inggih menika pirembagan bab tembung andhahan mawi wuwuhan.

1) Tembung Andhahan Mawi Wuwuhan

Wujud tembung andhahan mawi wuwuhan saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda kathah kapanggihaken. Ing antawisipun inggih menika wujud tembung andhahan ingkang mawi (1) ater-ater/*prefiks*, (2) seselan/ *infiks*, (3) panambang/ *sufiks*, (4) *konfiks*, saha (5) *simulfiks*. Saben

wuwuhan saged mujudaken jinis tembung ingkang maneka warni. Pirembagan ingkang kaping pisan inggih menika *morfologi* tembung saking basa Jawi Kina wujud tembung andhahan mawi ater-ater.

a) Tembung Andhahan mawi Ater-ater/ *Prefiks*

Pamigunanipun tembung basa Jawi Kina awujud tembung andhahan mawi ater-ater ing *novel* menika kapanggihaken ing jinis tembung aran, tembung kriya,

tembung wilangan, saha *partikel*. Pamigunanipun ater-ater ingkang kapisan inggih menika pamigunanipun ater-ater ing jinis tembung aran ing *data* ngandhap menika.

(4) Ing batos gadhah **pangalem**, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau,... (DL/51/13)

Tembung *pangalem* saking tembung lingga *alem*, angsal ater-ater {pa-} lan ater-ater anuswara {N-}. Tembung *alem* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 27) tegesipun puji. Dene tegesipun tembung *alem* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 6) inggih menika puji, disebut kabecikanipun. Wonten ing pandhapuking tembung, tembung lingga ingkang kawiwitinan swanten /a/ lajeng katambahan ater-ater anuswara (N-) satemah ater-ater anuswara ingkang dipunginakaken kanthi *alomorf* /ng-/. Tembung *alem* katambahan ater-ater anuswara dados wujud tembung *ngalem*, lajeng katambahan ater-ater {pa-} dados tembung *pangalem*. Ater-ater {paN-} menika ginanipun ndhapuk tembung lingga dados tembung aran. Salah satunggal titikanipun *morfologis* tembung aran menika ingkang tata tembungipun awujud {PaN-/L}. Salajengipun pamigunanipun ater-ater ing tembung kriya kaandharaken ing ngandhap menika.

(7) Mangkene bae Darba, bubar giling iki aku **ngalih** pagawean menyang pabrik wesi LindeTeves ing Semarang. (DL/202/58)

Saking *data* (7) ing inggil, tembung kriya saking basa Jawi Kina ingkang ngginakaken ater-ater inggih menika tembung *ngalih*. Wujud ater-ater menika beda kaliyan ater-ater ing tembung aran kala wau. Tembung *ngalih* kadhapuk saking tembung lingga *alih* angsal ater-ater anuswara {N-}. Tembung *alih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 27) tegesipun pindhah. Makaten ugi tegesipun

tembung *alih* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 7) tegesipun pindhah. Wonten ing pandhapuking tembung, tembung lingga ingkang kawiwitinan swanten /a/ lajeng katambahan ater-ater anuswara (N-) satemah ater-ater anuswara ingkang dipunginakaken kanthi *alomorf* /ng-/. Tembung *alih* katambahan ater-ater anuswara dados wujud tembung *ngalih*. Ater-ater {N-} menika ginanipun ndhapuk tembung lingga dados tembung kriya, satemah *ngalih* tegesipun nindakaken pakaryan pindhah. Salah satunggal titikanipun *morfologis* tembung kriya menika ingkang tata tembungipun awujud {N-/L}.

Ater-ater anuswara ugi saged ndhapuk tembung lingga dados tembung kriya tanduk. Tembung *alih* dhasaripun saking jinis tembung kriya ingkang tegesipun pindhah. Sasampunipun sinambung kaliyan ater-ater anuswara {ng-} ndadosaken jinis tembung kriya tanduk *ngalih* ingkang tegesipun nindakaken pakaryan pindhah. Pamigunanipun ater-ater salajengipun ugi kapanggihaken ing jinis tembung wilangan saking basa Jawi Kina. Wondene andharanipun kados ing ngandhap menika.

(21) Guyub sayuk ***saeka*** kapti, darapon saged netepi kadi dene pralambanging sapu sada ingkang ingesuhan,... (DL/269/74)

Tembung *saeka* saking tembung lingga *eka*. Tembung *eka* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 175) tegesipun satunggal, sarujuk. Makaten ugi tegesipun tembung *eka* (Poerwadarminta, 1939: 112) tegesipun satunggal, ijening cacah. Tembung *eka* angsal ater-ater {sa-}. Ater-ater {sa-} ing tembung *saeka* ngewrat teges satunggal, siji. Tembung *eka* piyambak ngewrat teges *satunggal*. Pramila ater-ater {sa-} ing *konteks* menika ginanipun kangge mujudaken tembung

wilangan. Menika dipunsebabaken tembung lingga ingkang dipunraketi ngandharaken teges wilangan.

Tembung-tembung saking basa Jawi Kina ing *novel* menika ugi kapanggihaken wujud tembung andhahan ingkang ngginakaken seselan/ *infiks*. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

b) Tembung Andhahan mawi Seselan/ *Infiks*

Pamigunanipun seselan ing tembung saking basa Jawi Kina ing *novel Kirti Njunjung Drajet* namung kapanggihaken ing jinis tembung kriya. Inggih menika tembung *tumungkul* ing salebeting *data* (8) ing ngandhap menika.

(8) Lare kalih sami **tumungkul**, isin dipuntingali lare kathah. (DL/184/46)

Tembung *tumungkul* kagolong ing tembung andhahan mawi seselan amargi tembung menika saged kawangsulaken ing lingganipun tembung *tungkul*. Tembung *tungkul* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 621) tegesipun ndhekukul. Dene tembung *tungkul* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 615) tegesipun boten ndangak, ndhekukul. Tembung *tumungkul* kadadosan saking tembung lingga *tungkul* angsal seselan {-um-}. Tembung tungkul dhasaripun saking jinis tembung kriya ingkang tegesipun ndhekukul/boten ndangak. Sasampunipun rinaketan seselan {-um-}, tembung *tumungkul* mujudaken tembung kriya ingkang tegesipun nindakaken tingkahing sirah ingkang tansah tungkul. Seselan {-um-} ginanipun mujudaken tembung kriya ing tembung lingga ingkang dipunraketi.

Tembung-tembung saking basa Jawi Kina ing *novel* menika ugi kapanggihaken wujud tembung andhahan ingkang ngginakaken panambang/ *sufiks*. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

c) **Tembung Andhahan mawi Panambang/ Sufiks**

Pamigunaniipun panambang ing tembung-tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* kapanggihaken ing jinis tembung aran, tembung kriya, saha tembung kahanan. Wondene pirembagan ingkang kapisan inggih menika pamigunaniipun panambang ing tembung aran abasa Jawi Kina ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(3) "...ora ngerti **aturan**, kowe wong apa..." (DL/89/17)

Tembung *aturan* saking tembung lingga *atur* angsal panambang {-an}. Tembung *atur* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 97) tegesipun tembung. Dene tembung *atur* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 21) tegesipun menapa ingkang dipunngendikakaken. Panambang {-an} menika ndhapuk tembung lingga dados tembung aran. Tembung lingga *atur* dhasaripun saking jinis tembung aran ingkang tegesipun menapa ingkang dipungendikaken. Panambang {-an} ing ukara menika tegesipun ingkag dipun (kados kasebut ing lingganipun). Salajengipun badhe dipunrembag bab pamigunaniipun panambang ing tembung kriya saking basa Jawi Kina ing ngandhap menika.

(9) **Jalukana** gendhing clunthang, Beng. (DL/145/26)

Tembung *jalukana* saking tembung lingga *jaluk* angsal panambang {-ana}. Tembung *jaluk* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 248) tegesipun nyuwun. Makaten ugi tembung *jaluk* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 79) tegesipun nyuwun. Tembung lingga ingkang dipunwuwuhi panambang {-ana} mujudaken tembung kriya tanggap. Tembung lingga *jaluk* asalipun saking jinis tembung kriya karaketan panambang {-ana} ingkang mujudaken tembung kriya.

Ing konteks menika panambang {-ana} ngewrat teges pakon. Pramila tembung *jalukana* tegesipun pakon supados njaluk makaping-kaping. Pamigunanipun panambang ingkang salajengipun inggih menika pamigunanipun panambang ing tembung kahanan saking basa Jawi Kina. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

- (15) Ingkang damel ***petenging*** gagasanipun Darba punika tembung, “wong tuwa kuwi nek anake ketok anane mung bungah. (DL/144/34)

Tembung *petenging* saking tembung lingga *peteng* lan panambang {-ing}. Tembung *peteng* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 421) tegesipun boten padhang. Makaten ugi tembung *peteng* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 488) tegesipun boten terang (tumrap prekawis). Panambang {-ing} minangka wujud *ragam* kramanipun panambang {-e} ing tembung ragam ngoko *petenge*. Panambang {-ing} rinaket ing tembung kahanan *peteng* kangge ngandharaken kahananipun tembung aran ing kananipun tembung kahanan. Beda malih manawi dipungentos ing sisih kiringipun tembung kahanan. Panambang {-ing} ing tembung *petenging gagasan*, boten dipunginakaken manawi tembung aranipun dipungentos papanipun ing kiring tembung kahanan dados tembung *gagasanipun peteng*.

Pirembagan bab wujud tembung andhahan saking basa Jawi Kina ingkang ngginakaken panambang sampun dipunrembag kala wau. Salajengipun badhe dipunrembag bab tembung andhahan saking basa Jawi Kina ingkang ngginakaken *konfiks*.

d) Tembung Andhahan mawi *Konfiks*

Konfiks inggih menika pamigunanipun kalih wuwuhan utawi langkung kanthi sesarengan saha boten saged kapisahaken. Pamigunanipun tembung saking basa Jawi Kina awujud tembung andhahan mawi *konfiks* ing *novel* menika kapanggihaken ing jinis tembung aran, tembung kriya, saha tembung katrangan. Pamigunanipun *konfiks* ingkang kapisan inggih menika pamigunanipun *konfiks* ing jinis tembung aran ing *data* ngandhap menika.

(4) Bapakipun nyambeti, “Nun, kula dherekaken Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit ngungkuraken Mas Bei Mangunripta, sapunika miring mawi mengo, wangulanipun cekak nanging taklim, “**Kapatihan**.” (DL/58/14)

Saking *data* (4) ing inggil, tembung ingkang kacithak kandel menika salah satunggal tuladha pamigunanipun *konfiks* ing tembung aran. Dipunwastani *konfiks* amargi kalih wuwuhan ingkang rinaket boten saged kapisahaken. Manawi kapisahaken saged ngewahi struktur *gramatikal*-ipun tembung. Tembung *kapatihan* kadhapuk saking tembung lingga *patih* angsal ater-ater {ka-} lan panambang {-an}. Tembung *patih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 413) tegesipun nama pangkat. Dene tembung *patih* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 476) tegesipun priyagung ingkang nindakaken prentahipun nagara, pangkat sangandhapipun bupati. *Konfiks* {ka-/an} ing *konteks* menika mujudaken teges papan panggenan kados ingkang kasebut ing tembung lingganipun. Tembung *kapatihan* manawi dipunicali salah satunggal wuwuhanipun ngewahi *struktur* tembung saha tegesipun tembung. Manawi kaicalaken panambangipun tembung *patih* boten jumbuh dipunginakaken ing *konteks* ukara ing nginggil. Tembung *patih* ngandharaken teges kriya, dene *konteks* ukara ing nginggil mbetahaken

wangsulan awujud papan panggenan inggih menika *kapatihan*. Pramila wuwuhan {ka-/an} ing tembung *kapatihan* sinebut *konfiks*.

Salajengipun pamigunanipun *konfiks* ugi kapanggihaken ing jinis tembung kriya. Wondene *data* ingkang ngandharaken pamigunanipun *konfiks* ing tembung kriya saking basa Jawi Kina, kaandharaken ing ngandhap menika.

(10) Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit **ngungkuraken** Mas Bei Mangunripta, sapunika miring mawi mengo, wangsulanipun cekak nanging taklim, “Kapatihan.”. (DL/57/14)

Tembung *ngungkurakenken* saking tembung lingga *ungkur* ater-ater anuswara N-{ng-} lan panambang {-aken} ingkang dipunginakaken sesareangan. Tembung *ungkur* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 641), tegesipun wingking, walik. Dene tembung *ungkur* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 443) tegesipun ing sawingkingipun. Wonten ing pandhapuking tembung, tembung lingga ingkang kawiwitana swanten /u/ lajeng katambahan ater-ater anuswara (N-), satemah ater-ater anuswara ingkang dipunginakaken kanthi *alomorf*/ng-/.

Tembung *ngungkuraken* dipunswastani *konfiks* amargi pamigunanipun ater-ater saha panambang kedah sesareangan. Tembung *ngungkuraken* tegesipun nindakaken pakaryan madep wingkingipun tiyang ingkang dipunajak gineman. *Konfiks* (N-/aken) menika mujudaken teges nindakaken pakaryan kados ingkang kasebut ing lingganipun dhateng jejer sanesipun. Manawi kapisahaken dados tembung *ngungkur*, tembung menika boten ngandharaken pakaryan ingkang dipuntindakaken dhateng tiyang sanes. Ananging ngandharaken pakaryan ingkang katindakaken tumrap jejer ingkang nindakaken. Manawi dipunginakaken ing *konteks* ukara “..sakawit *ngungkur Mas Bei Mangunripta...”, menika boten

jumbuh. Lajeng manawi dipunicali ater-ater anuswaranipun dados wujud *ungkuraken*, wujud menika ngewahi ing teges dhawuh supados madep wingking.

Pamigunanipun *konfiks* ugi kapanggihaken ing jinis tembung katrangan. Wondene *data* ingkang ngandharaken pamigunanipun *konfiks* ing tembung katrangan saking basa Jawi Kina, kaandharaken ing ngandhap menika.

(17) **Salawase** aku ora wedi karo wong sing kokehan uni. (DL/125/ 28)

Tembung *salawase* kalebet ing jinis wuwuhan *konfiks*. Pamigunanipun ater-ater {sa-} lan panambang {-e} kedah sareng amargi ngandharaken teges ngantos sadangunipun wekdal. Tembung *lawas* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 313) tegesipun dangu (wekdal). Makaten ugi tembung *lawas* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 264) tegesipun lami, dangu, sampun kepengker dangu, sampun dangu wekdalipun. Manawi kaicalaken panambangipun tembung *salawas* ngandharaken teges ingkang dereng cetha. Ater-ater (sa-) menika ngandharaken teges ngantos. Pramila tembung *salawas* tegesipun ngantos lawas, dene ukara ing nginggil mbetahaken tembung *salawase* kangge ngandharaken ngantos sadangunipun wekdal. Mliginipun ing ukara ing *data* (17), wuwuhanipun boten saged kaicalaken amargi ndadosaken rancu ing wosing ukara.

Pirembagan bab wujud tembung andhahan saking basa Jawi Kina ingkang ngginakaken *konfiks* sampun dipunrembag ing inggil. Salajengipun, dipunrembag bab tembung andhahan saking basa Jawi Kina ingkang ngginakaken *simulfiks*.

e) **Tembung Andhahan mawi *Simulfiks***

Simulfiks inggih menika pamigunanipun wuwuhan kanthi sesarengan saha manawi kaicalaken salah satunggal wuwuhanipun boten ngewahi *struktur*

gramatikal. Pamigunanipun tembung saking basa Jawi Kina awujud tembung andhahan mawi *simulfiks* ing *novel* menika kapanggihaken ing jinis tembung kriya. Wondene *data* ingkang ngandharaken bab pamigunanipun *simulfiks* ing tembung kriya saking basa Jawi Kina kaserat ing ngandhap menika.

(11) Dene Darba, dhatengipun njujug ing patehan, **dipunpethukaken** kaliyan ingkang kapatah wonten ngriku,... (DL/93/20)

Tembung *dipunpethukaken* saking tembung lingga *pethuk* angsal ater-ater tripurusa {dipun-} saka panambang {-aken}. Wonten ing pandhapuking tembung, wuwuhan {dipun-/aken} menika mujudaken teges dipunkengingi pakaryan ingkang dipuntindakaken dening madya purusa (*kata ganti orang kedua*). Tembung *pethuk* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 421) tegesipun ketemu. Makaten ugi tembung *pethuk* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 490), tegesipun gathuk, ketemu, cocog kajengipun. Dipunpethukaken tegesipun dipuntemokaken.

Tembung *dipupethukaken* tegesipun dipuntemokaken, saking tembung lingga *pethuk* ingkang tegesipun temu, panggih. Wuwuhan {dipun-/aken} ndhapuk tembung lingga dados tembung kriya. Pamigunanipun wuwuhan saged kaicalaken ing panambangipun tanpa ngewahi struktur saha tegesipun tembung. Tembung *dipunpethuk* ngewrat teges dipunpanggihaken. Bedanipun kaliyan ingkang ngginakaken panambang {-aken} inggih menika kaginakaken kange nggamblangaken pakaryan ingkang dipuntindakaken tiyang sanes.

Pirembagan bab wujud tembung andhahan saking basa Jawi Kina ingkang ngginakaken ater-ater, seselan, panambang, *konfiks*, lan *simulfiks* sampun dipunrembag ing inggil. Salajengipun badhe dipunrembag bab tembung andhahan

saking basa Jawi Kina ingkang wujudipun tembung rangkep. wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

2) Tembung Rangkep

Wujud tembung rangkep saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda langkung sakedhik kapanggihaken. Ing antawisipun kapanggihaken ing jinis tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung katrangan. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken pamigunanipun tembung rangkep saking basa Jawi Kina ing jinis tembung aran.

(5) **Jejaka** watawis umur 18 taun anama pun Darba, ugi mangangge pameran,... (DL/26/12)

Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil salah satunggal jinis tembung saking basa Jawi Kina awujud tembung rangkep. Tembung *jejaka* saking tembung lingga *jaka* dipunrangkep purwa lingganipun tembung. Tembung *jaka* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 247), tegesipun *jaka*. Makaten ugi tembung *jaka* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 78), tegesipun lare jaler ingkang dereng rabi. Tembung *jaka* kadhapuk saking kalih wanda inggih menika wanda /ja/ kaliyan /ka/. Tembung *jaka* dipunrangkep wanda purwanipun inggih menika wanda /ja/, mila dipunwastani tembung dwipurwa. Tembung dwipurwa biasanipun ngewahi swanten wanda kapisan dados swanten /e/, kajawi wanda kapisan ingkang gadhah *vokal* /e/. Inggih menika wanda /ja/ swantenipun ewah /je/ ing tembung dwipurwa *jejaka*. Tembung dwipurwa ing tembung *jejaka* mujudaken tembung aran, amargi lingganipun tembung saking jinis tembung aran *jaka*.

Wujud tembung rangkep saking basa Jawi Kina boten namung kapanggihaken wujud dwipurwa. Nanging tembung sanesipun ingkang kapanggihaken ing *data* (13) ing ngandhap menika.

(12) Gagasanipun Darba **molak-malik** boten kantenan-kantenan, upami dipuntataa makaten, bokmanawi kados ingandhap punika. (DL/141/33)

Tembung *molak-malik* saking tembung lingga *walik* angsal ater-ater anuswara {N-} lan dipunrangkep dwilingga salinswara. Wonten ing pandhapuking tembung, tembung lingga ingkang kawiwitam swanten /w/ lajeng katambahan ater-ater anuswara (N-), satemah ater-ater anuswara ingkang dipunginakaken kanthi *alomorf* /m-/. Tembung *walik* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 656) tegesipun walik. Makaten ugi tembung *walik* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 654) tegesipun raen (lumah) ingkang wonten ing sisih sanesipun (ngandhapipun). Tembung *malik* kadhapuk saking kalih wanda inggih menika wanda /ma/ kaliyan /lik/. Wanda kapisan /ma/ gadhah *vokal* /a/, dene wanda kalih /lik/ gadhah *vokal* /i/. Tembung ‘*molak-malik*’ gadhah *struktur* swanten /o/ /a-/a/ /i/. Saking *struktur* menika saged katingal tembung ingkang dipunsalin swantenipun *molak* mapan wonten ing sangajenging tembung asalipun *malik*. *Struktur* menika sami kaliyan tembung dwilingga salinswara *bola-bali*. Dudutanipun tembung lingga ingkang swanten wanda purwanipun /a/ saha swanten wanda pungkasnipun /i/ mujudaken struktur swanten /o/ /a-/a/ /i/ manawi karangkepaken dwilingga salinswara.

Dwilingga salinswara mujudaken teges nindakaken pakaryan ingkang dipuntindakaken kanthi ambal-ambalan. Manawi dipuntegesi tembung *molak-malik* tegesipun nindakaken pakaryan malik kanthi ambal-ambalan. Pramila

tembung dwilingga salinswara ginanipun ndhapuk tembung lingga ing tembung kriya. Salajengipun tembung rangkep kapanggihaken ugi kados *data* (15) ing ngandhap menika.

(15) Lah wong sing **sugih-sugih** ing Kauman lan ing Lawiyan kuwi padha ngaya-aya tuku kapriyayen,... (DL/206/65)

Tembung *sugih-sugih* ing inggil dipunwastani tembung dwilingga wantah amargi dipunrangkep wetah ing lingganipun. Inggih menika tembung *sugih*. Tembung *sugih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 542) tegesipun kadunungan menapa-menapa ingkang kathah (bandha, kalenggahan, lan sapanunggalanipun). Makaten ugi tembung *sugih* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 570) tegesipun gadhah bandha kathah. Tembung menika wetah rangkepipun. Tembung *sugih* gadhah *struktur* swanten /u//i/. Mila anggenipun ngrangkep tembung menika wetah /u//i/-/u//i/ sakalihan swantenipun, tegesipun boten ngalami salin swanten kados tembung ing *data* (13) ing nginggil.

Tembung dwilingga wantah ing *konteks* menika mujudaken teges sadaya ingkang gayutanipun kaliyan tembung aran ingkang dipunsandhangi, asipat kados dene lingganipun. Tembung *sugih-sugih* tegesipun sadaya tiyang ingkang kaananipun sugih. Ing *data* (15) ginanipun tembung dwilingga wantah inggih menika kangge mujudaken tembung kaanan. Ananging tembung dwilinga wantah ugi saged mujudaken tembung katrangan kados ing *data* (18) ing ngandhap menika.

(18) ..., wekasan **telas-telasaning** rembag para sepuh anggening damel sabab: nyumelangaken manawi Darba kaselak kenging godha (royal). (DL/194/52)

Tembung *telas-telasaning* kalebet inggih menika tembung katrangan ingkang ngandharaken tembung aran *rembag*. Tembung *telas-telasaning* saking tembung lingga *telas* angsal panambang {-an} saha *enklitik* {-ing}. Tembung *telas* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 595) tegesipun rampung, entek. Makaten ugi tembung *telas* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 599) tegesipun entek. Telas-telasaning tegesipun katrangan ingkang dados rampungipun rembag. Tembung menika wetah rangkepipun. Tembung *telas* gadhah *struktur* swanten /e//a/. Mila anggenipun ngrangkep tembung menika wetah /e//a/-/e//a/ sakalihan swantenipun, boten ngalami salin swanten. Tembung katrangan *telas* dipunrangkep dwilingga wantah dados tembung *telas-telas*. Proses ngrangkepaken tembung menika mujudaken jinis tembung kados dene lingganipun tembung. *Telas-telasaning* ngandharaken katrangan ingkang dados rampungipun tumrap tembung aran *rembag*.

Pirembagan bab wujudipun tembung lingga saha tembung andhahan saking basa Jawi Kina sampun kaandharaken ing inggil. Saben-saben wujud tembung temtu gadhah jinis ingkang beda-beda. Salajengipun badhe dipunrembag bab jinisipun tembung saking basa Jawi Kina ingkang sampun kapanggihaken. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

2. Jinisipun Tembung saking Basa Jawi Kina ing *Novel Kirti Nunjung Drajat Anggitanipun R. Tg. Jasawidagda*.

Jinisipun tembung ingkang kapanggihaken inggih menika; (1) tembung aran, (2) tembung kriya, (3) tembung kahanan, (4) tembung katrangan, (5)

tembung wilangan, saha (5) *partikel*. Wondene jinis tembung ingkang langkung kathah kapanggihaken inggih menika tembung kriya. Jinisipun tembung menika dipuntemtokaken adhedhasar saking pamigunanipun wuwuhan saha papanipun ing ukara.

Jinis tembung ingkang sapisan inggih menika tembung aran. Wondene caranipun nemtokaken tembung aran saged dipuntingali saking andharan ing ngandhap menika.

a. Tembung Aran

Tembung aran saking basa Jawi Kina ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda kathah kapanggihaken. Awit saking kathahipun *data*, pramila ingkang badhe dipunrembag namung saperangan kemawon. Saperangan ingkang dipunpendhet menika sampun dipunpilah ingkang sampun saged makili sadaya *data* kala wau. Wondene pirembagan ngengingi tembung aran kados ing ngandhap menika.

(1) Sayektos, tetiyang wau saweg mapan linggih srog, sepur sampun ebah-ebah, nunten anggeblas nglajengaken **lampah**. (DL/12/11)

Data (1) ing inggil kapanggihaken ing kaca 11. Tembung *lampah* kalebet tembung aran abasa Jawi Kina. Tembung *lampah* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:308), tegesipun laku. Makaten ugi tembung *lampah* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:259), tegesipun laku. Katitik saking tegesipun, tembung aran ngewrat teges barang ingkang asipat *konkret* menapade ne *abstrak*. Tembung *lampah* menika asipat *abstrak/* tanpa wujud amargi ngandaraken barang ingkang wujudipun boten saged langsung karaosaken dening panca indranipun tiyang sanes.

Salah satunggal titikanipun *sintaksis* tembung aran inggih menika minangka lesan ing tataran ukara. Ing *data* (1) dumados saking tigang *klausa*. *Klausa* satunggal “*Sayektos, tetiyang wau saweg mapan linggih srog*”. *Klausa* kaping kalih inggih menika “*Sepur sampun ebah-ebah*”. *Klausa* katiga “(*sepur*) *nunten anggeblas nglajengaken lampah*”. Manawi *klausa* kaping katiga dipunpantha ing *fungsi sintaksis*, tembung *sepur* minangka jejer, tembung *nunten* minangka *partikel* panggandheng, tembung *anggeblas nglajengaken* minangka wasesa, saha tembung *lampah* minangka lesan. Titikanipun tembung aran sanesipun inggih menika saged gandheng kaliyan tembung kriya. Menika kabuktekaken saking *data* (1). Tembung *lampah* kagandhengaken kaliyan tembung kriya *nglajengaken*. Tembung *lampah* minangka lesan ingkang kenging pakaryan ingkang dipuntindakaken dening wasesa *nglajengaken*.

Data tembung aran ingkang kapanggihaken wonten ugi ingkang wujudipun boten wungkul/ boten lingga. Salajengipun *data* tembung aran awujud tembung andhahan kapanggihaken ing *data* ngandhap menika.

(2) Ing batos gadhah **pangalem**, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau,... (DL/51/13)

Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil salah satunggal tuladha tembung aran andhahan saking basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken ing *novel*. Tembung *pangalem* saking tembung lingga *alem*. Tembung lingga *alem* dhasaripun saking jinis tembung kriya. Dipunwastani tembung kriya amargi tembung *alem* ngandharaken pakaryan muji kabecikanipun tiyang sanes. Dipunsengkuyung tegesipun tembung *alem* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito,

1981:27), tegesipun puji. Kaliyan tegesipun tembung *alem* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:6), tegesipun dipunsebut kabecikanipun.

Pandhapuking tembung *alem* ing tembung aran *pangalem* dipunsebabaken wuwuhan ingkang rinaket. Inggih menika ater-ater {paN-} ingkang ginanipun mujudaken tembung aran. Tata tembung {paN-L} menika salah satunggalipun titikan *morfologis* tembung aran.

Salajengipun kapanggihaken ugi tembung aran andhahan ingkang ngginakaken wuwuhan, nanging wuwuhan menika awujud panambang. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

(3) ...ora ngerti **aturan**, kowe wong apa... (DL/89/17)

Tembung *atur* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 97), tegesipun tembung. Dene tembung *atur* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 21), tegesipun menapa ingkang dipunngendikakaken. Tembung *aturan* ing inggil kalenet ing jinis tembung aran amargi ngandharaken samubarang. Samubarang menika awujud *abstrak* inggih menika *aturan*. *Aturan* tegesipun bab ingkang dipunatur. Dipunwastani tembung aran tanpa wujud amargi *aturan* boten katingal langsung dening panca indra. Anggenipun nemtokaken tembung aran ing tembung aran ugi katitik miturut tata tembungipun. Tembung *aturan* gadhah tata tembung {L-an}. Inggih menika kadhapuk saking tembung lingga *atur* lan panambang {-an}. Panambang {-an} ginanipun andhapuk tembung lingga ing tembung aran.

Salajengipun tembung aran andhahan wonten ugi kapanggihaken ingkang ngginakaken kalih wuwuhan sesareangan. Tuladhanipun kados tembung ingkang kacithak kandel ing *data* (4) ing ngandhap menika.

- (4) Bapakipun nyambeti, “Nun, kula dherekaken Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit ngungkuraken Mas Bei Mangunripta, sapunika miring mawi mengo, wangulanipun cekak nanging taklim, “**Kapatihan.**” (DL/58/14)

Data (4) kapanggihaken ing *novel Kirti Njunjung Drajat* kaca 13. Salah satunggal titikan *morfologis* tembung aran menika inggih gadhah urutan tata tembung {ka-L-an}. Salaras kaliyan tembung *kapatihan* ingkang kadhapuk saking tembung lingga *patih*, ater-ater {ka-} saha panambang {-an}. Tembung *patih* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 413), tegesipun nama pangkat. Makaten ugi tembung *patih* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 476), tegesipun priyagung ingkang nindakaken prentahipun nagara, pangkat sangandhapipun bupati. Saking lingganipun tembung, *patih* kalebet ing jinis tembung aran.

Salajengipun titikanipun *sintaksis* tembung aran inggih menika minangka lesanipun ukara. Ing *klausa* “*wangsulanipun cekak nanging taklim, ‘Kapatihan’,*” tembung *wangsulanipun* minangka jejer, dene tembung *cekak* minangka tembung kahanan, tembug *nanging* minangka *partikel*, tembung *taklim* minangka wasesa, saha tembung *kapatihan* minangka lesan. Tembung *kapatihan* menika tembung aran ingkang ngandharaken aranipun papan dumununging para patih.

Tembung aran sanesipun ugi kapanggihaken ingkang wujud tembung rangkep. Tembung menika kaandharaken ing *data* (6) ing ngandhap menika.

- (5) **Jejaka** watawis umur 18 taun anama pun Darba, ugi mangangge pameran,... (DL/26/12)

Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil salah satunggal jinis tembung aran rangkep saking basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken ing kaca 12 *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Tembung *jejaka*

kalebet ing jinis tembung aran katitik saking tegesipun tembung ingkang ngandharaken araning tiyang. *Jejaka* saking tembung lingga *jaka*. Tembung *jaka* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 247), tegesipun *jaka*. Dene tembung *jaka* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 78), tegesipun lare jaler ingkang dereng rabi. Pramila tembung *jejaka* tegesipun sawijining lare jaler ingkang taksih *jaka*/dereng rabi.

Jinis tembung ingkang salajengipun badhe dipunrembag inggih menika jinis tembung kriya saking basa Jawi Kina. Wondene pirembaganipun badhe dipunandharaken wonten bab ing ngandhap menika.

b. Tembung Kriya

Tembung kriya saking basa Jawi Kina ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda kathah kapanggihaken. Awit saking kathahipun *data*, pramila ingkang badhe dipunrembag namung saperangan kemawon. Saperangan ingkang dipunpendhet menika sampun dipunpilah ingkang sampun saged makili sadaya *data* kala wau. *Data-data* menika lajeng dipunlebetaken wonten ing tabel *analisis* wonten ing nginggil kala wau. Wondene pirembagan ngengungi tembung aran kados ing ngandhap menika.

(6) ..., tetiyang kathah sami blerengen boten wonten ingkang wani celak kepara sami **mire** ngurmati. (DL/81/16)

Data (6) ing nginggil, kapendhet saking kaca 16. Saking *data* (6) menika, tembung kriya ingkang kalebet ing tembung Jawi Kina inggih menika tembung *mire*. Tembung *mire* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 351), tegesipun nyisih, nyumingkir, ngedohi. Makaten ugi tembung *mire* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 317), tegesipun nyisih nyimpang, nggiwar. Tembung

mire kalebet ing jinis tembung kriya amargi tegesipun tembung ingkang ngandharaken pakaryan nyisih/ nebihi.

Anggenipun nemtokaken tembung *mire* ing jinis tembung kriya ugi katitik kanthi *sintaksis*. Tegesipun katitik saking ginanipun/ *fungsi sintaksis*. Tembung *mire* gadhah *fungsi* minangka wasesa. Langkung cetha malih, tembung *mire* dipunsarengi tembung *padha*, minangka tembung katrangan ingkang ngandharaken tembung kriya ingkang dipunraketi. Salajengipun tembung kriya ingkang kapanggihaken ing *novel*, boten namung awujud tembung lingga nanging wonten ingkang wujud andhahan ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (7) Mangkene bae Darba, bubar giling iki aku **ngalih** pagawean menyang pabrik wesi LindeTeves ing Semarang. (DL/202/58)

Tembung *ngalih* katitik ing tembung kriya amargi tegesipun ngandharaken pakaryan pindhah. Salah satunggal titikanipun tembung kriya inggih menika ingkang wujud tata tembungipun {N-/L}. Salaras kaliyan tembung *ngalih* ingkang kadhapuk saking tembung lingga *alih* saha ater-ater {ng-}. Tembung *alih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:27) tegesipun pindhah. Makaten ugi tembung *alih* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 7) tegesipun pindhah. Saking ginanipun ukara, tembung *ngalih* minangka wasesanipun ukara. Menika ingkang dados titikan bilih tembung menika kalebet ing jinis tembung kriya. Boten namung ing *data* (7) ing inggil, jinis tembung kriya ugi kapanggihaken ing *data* (8) ing ngandhap menika.

- (8) Lare kalih sami **tumungkul**, isin dipuntingali lare kathah. (DL/224/46)

Saking *data* (8) ing inggil, tembung kriya ingkang kalebet ing tembung kriya andhahan abasa Jawi Kina menika tembung *tumungkul*. Tembung *tumungkul* dipunsebut tembung kriya andhahan amargi saged dipunwangslaken ing lingganipun inggih menika tembung *tungkul*. Tembung *tungkul* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 621) tegesipun ndhekukul. Makaten ugi tembung *tungkul* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 615) tegesipun boten ndangak, ndhekukul. Anggenipun nemtokaken tembung *tumungkul* ing jinis tembung kriya katitik saking tata tembungipun (*morfologisipun*). Inggih menika awujud {L/-um-}. Saking wujud tembung menika, *tumungkul* ngewrat teges nindakaken polahing badan ingkang ndhekukul. Teges ingkang ngandharaken pakaryan dados tetenger bilih tembung menika kalebet ing tembung kriya. Kajawi menika tembung kriya saking basa Jawi Kina sanesipun ugi kapanggihaken ing *data* (9) ing ngandhap menika.

(9) **Jalukana** gendhing clunthang, Beng. (DL/145/26)

Tembung *jalukana* katitik ing tembung kriya amargi ngandharaken pakaryan pakon supados nyuwun. Kajawi menika saking tata tembungipun, *jalukana* gadhah *struktur* {L-ana}. Inggih menika kadhapuk saking tembung lingga *jaluk* sah panambang {-ana}. Tembung *jaluk* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 248), tegesipun nyuwun. Makaten ugi tembung *jaluk* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 79) tegesipun nyuwun. Menika ingkang dados titikanipun *morfologisipun* tembung kriya. Kajawi menika ukara ing *data* (9) manawi kaperang ing ginanipun tembung ing ukara, tembung *jalukana* kaginakaken minangka wasesa. Menika ingkang dados ciri *sintaksis* tembung *jalukana* ing

tembung kriya. Tembung kriya salajengipun kapanggihaken ugi ing *data* (10) ing ngandhap menika.

- (10) Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit ***ngungkuraken*** Mas Bei Mangunripta, sapunka miring mawi mengo, wangsulanipun cekak nanging taklim, “Kapatihan.” (DL/51/14)

Tembung *ngungkuraken* katitik ing tembung kriya amargi *struktur* tembungipun {N-/L/-aken}. *Struktur* menika ingkang dados cirinipun tembung kriya. Kadhapuk saking tembung lingga *ungkur*, ater-ater anuswara{N-}, saha panambang {-aken}. Tembung *ungkur* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 641), tegesipun wingking, walik. Makaten ugi tembung *ungkur* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 443), tegesipun ing sawingkingipun, boten dipunajengaken. Katitik saking tegesipun tembung *ngungkuraken* ngewrat teges ngandharaken pakaryan ebahing badan madhep ing sawingkingipun tiyang ingkang gineman. Teges ingkang ngandharaken pakaryan menika minangka tetengeripun tembung kriya. Ing *klausa* “*sakawit ngungkuraken Mas Bei Mangunripta*”, tembung *ngungkuraken* kaginakaken minangka wasesanipun ukara. Menika ingkang dados titikanipun *sintaksis* tembung *ngungkuraken* ing tembung kriya. Pamigunaning tembung kriya saking basa Jawi Kina, ugi kapanggihaken ing *data* (11) ing ngandhap menika.

- (11) Dene Darba, dhatengipun njujug ing patehan, **dipunpethukaken** kaliyan ingkang kapatah wonten ngriku,... (DL/93/20)

Tembung *dipunpethukaken* katitik ing tembung kriya amargi *struktur* tembungipun {dipun-/L/-aken}. *Struktur* menika ingkang dados cirinipun tembung kriya. Kadhapuk saking tembung lingga *pethuk*, ater-ater

tripurusa{dipun-}, saha panambang {-aken}. Tembung *pethuk* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 421), tegesipun ketemu. Makaten ugi tembung *pethuk* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 490), tegesipun gathuk, ketemu, cocog kajengipun. Katitik saking tegesipun, tembung *dipunpethukaken* ngewrat teges ngandharaken kenging pakaryan pethuk ingkang dipuntindakaken sesulih madya purusa. Teges ingkang ngandharaken pakaryan menika minangka tetengeripun tembung kriya. Ing *klausa dipunpethukaken kaliyan ingkang kapatah wonten ngriku*, tembung *dipunpethukaken* kaginakaken minangka wasesanipun ukara. Menika ingkang dados titikanipun *sintaksis* tembung *dipunpethukaken* ing tembung kriya.

Saking mapinten-pinten tembung kriya saking basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken, wonten ugi ingkang awujud tembung rangkep. Wondene pirembaganipun kados *data* ing ngandhap menika.

(12) Gagasanipun Darba **molak-malik** boten kanten-kantenan, upami dipuntataa makaten, bokmanawi kados ingandhap punika. (DL/176/33)

Saking ukara ing *data* (12), ingkang kalebet tembung kriya rangkep abasa Jawi Kina inggih menika tembung *molak-malik*. Tembung menika lingganipun *walik*. Tembung *walik* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:656) tegesipun walik. Dene tembung *walik* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:654) tegesipun raen (lumah) ingkang wonten ing sisih sanesipun (ngandhapipun). *molak-malik* tegesipun nindakaken padamelan malik kanthi ambal-ambalan. Saking tegesipun, tembung *molak-malik* ngandharaken pakaryan, mila dipunlebetaken ing jinis tembung kriya.

Tembung *molak-malik* dipunlebetaken ing jinis tembung kriya ugi adhedhasar tata tembung ingkang ngginakaken ater-ater anuswara {N-} saha dipunrangkep dwilingga salinswara. Sajatosipun, ater-ater {N-} minangka sesulihipun utama pusura. Mila ngewrat teges pakaryan ingkang dipuntindakaken dening sesulih utama purusa. Satemah tembung *molak-malik* dipunwastani tembung kriya tanduk. Salah satunggal titikanipun *sintaksis* tembung kriya inggih menika gadhah *fungsi* minangka wasesa. Manawi dipunpantha-pantha ing ginanipun, tembung ingkang nedahaken wasesa menika tembung *molak-malik*. Tembung *gagasanipun Darba* minangka jejer, lan tembung *boten kanten-kantenan* minangka katrangan.

Jinis tembung kriya saking basa Jawi Kina sampun dipunandharaken bab ing inggil kala wau. Salajengipun bab ingkang badhe dipunrembag inggih menika jinis tembung kahanan saking basa Jawi Kina. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

c. Tembung Kahanan

Kathah jinis tembung aran lan tembung kriya saking basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken, boten makaten ing jinis tembung kahanan. Tegesipun, pamigunanipun tembung kahanan saking basa Jawi Kina ing *novel* menika langkung sakedhik katandhingaken tembung aran lan tembung kriya. Saperangan tembung kahanan ingkang badhe dipunrembag kaandharaken ing ngandhap menika.

(13) Kejawi punika tiyang wau ngangge kuluk **pethak**, kenging dipungrayangi bilih abdi dalem apangkat drajat. (DL/23/12)

Data (13) kapanggihaken ing kaca 12. Saking ukara ing inggil, tembung saking basa Jawi Kina ingkang mratelakaken kaanan utawi kahanan sawijining barang inggih menika tembung *pethak*. Papanipun tembung kahanan biasanipun wonten ing sawingkinging barang/ bab ingkang dipunandharaken. Barang ingkang dipunkajengaken menika *kuluk*. Tembung *kuluk* papanipun ing sangajengipun tembung kahanan *pethak*. Mila tembung *pethak* ngandharaken sipating tembung *kuluk* ingkang papanipun ing sangajengipun.

Kuluk menika barang ingkang saged dipunraosaken dening indra paningal, tegesipun tembung ingkang mawi wujud. Kaleres tembung kahanan ingkang ngraketi awujud tembung kaanan ingkang saged dipunraosaken dening indra paningal. Tembung *pethak* menika ngandharaken barang ingkang dipunte dahaken gadhah corak putih. Katitik saking tegesipun tembung *pethak* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:421), tegesipun putih, lan *pethak* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:482), tegesipun corak putih. Dados, tembung kahanan *pethak* ngandharaken sipating barang ingkang awujud corak, lan anggenipun mbedakaken corak satunggal kaliyan sanesipun sarana indra paningal.

Tembung kahanan salajengipun menika tembung kahanan ingkang dhasaripun satunggal jinis kaliyan tembung kahanan ing inggil. Ananging barang ingkang dipunandharaken beda sipatipun. Andharanipun kados ing ngandhap menika.

(14) Ingkang damel **petenging** gagasanipun Darba punika tembung, “wong tuwa kuwi nek anake ketok anane mung bungah. (DL/179/34)

Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil menika inggih tembung kahanan saking basa Jawi Kina. Beda kaliyan tembung kahanan ing *data* 14 kala

wau, bab utawi barang ingkang dipunandharaken ing *data* 15 menika wonten ing sawingkingipun tembung kahanan. Kajawi menika, bab ingkang dipunandharaken asipat tanpa wujud/ *abstrak*. Tembung *petenging* ngandharaken kaananipun tembung *gagasan*. Tembung *peteng* ing basa Jawi Kina tegesipun (Mardiwarsito, 1981:421), tegesipun boten padhang. Lajeng *peteng* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:488), tegesipun boten terang (tumrap prekawis). Sajatosipun *peteng* menika saged dipunraosaken dening indra paningal. Peteng tegesipun boten saged ningali menapa-menapa. Nanging, peteng ing bab menika tegesipun kaanan cupeting gagasan. Tegesipun *abstrak*, satemah boten saged katingal dening tiyang sanes.

Tembung kahanan saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda ingkang kapanggihaken wonten ugi ingkang awujud tembung rangkep. *Data* ingkang dipunkajengaken kaandharaken ing ngandhap menika.

(15) Lah wong sing **sugih-sugih** ing Kauman lan ing Lawiyan kuwi padha ngaya-aya tuku kapriyayen,... (DL/251/65)

Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil nedahaken tembung kahanan. Tembung kahanan ing *data* menika papanipun wonten ing sasampunipun barang ingkang dipunandharaken. Tembung *sugih-sugih* ngandharaken kaananipun tembung aran *wong*. Tembung *sugih* ing Jawi (Mardiwarsito, 1981:542), tegesipun kadunungan menapa-menapa ingkang kathah (bandha, kalenggahan, lan sapanunggalanipun). Dene *sugih* Poerwadarminta, 1939:570), tegesipun gadhah bandha kathah. *Sugih-sugih* tegesipun tiyang-tiyang ingkang kaananipun sugih.

Salajengipun, jinis tembung saking basa Jawi Kina ingkang badhe dipunrembag inggih menika jinis tembung katrangan. *Data-data* wonten ing tabel kala wau badhe kaandharaken ing bab salajengipun menika.

d. Tembung Katrangan

Pamigunanipun tembung katrangan ing *novel* menika kathah kapanggihaken, nanging boten sadaya tembung katrangan kalebet ing basa Jawi Kina. Saking mapinten-pinten tembung katrangan ingkang sampun kapanggihaken, namung saperangan kemawon ingkang badhe dipunrembag. Saperangan *data* ingkang dipendhet menika sampun dipunpilah ingkang sampun makili sadaya *data* kala wau. Wondene pirembagan bab jinis tembung katrangan kaandharaken ing ngandhap menika.

- (16) Wanci jam gangsal **sonten**, kareta latu ingkang saking Semarang dhateng Ngayogyakarta, sampun dumugi ing setatsiyun Balapan Surakarta. (DL/2/11)

Data (16) ing inggil kapanggihaken ing kaca 11. Tembung katrangan ngewrat teges suka katrangan ing tembung sanesipun. Ing antawisipun suka katrangan ing tembung kriya, tembung kahanan, tembung wilangan, lan ugi ngandharaken tembung katrangan. Saking pethikan ukara ing *data* (16), tembung ingkang kalabet ing tembung katrangan saking basa Jawi Kina inggih menika tembung *sonten*. Tembung *sonten* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 536) tegesipun sore. Makaten ugi tembung *sonten* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 579) tegesipun sore. Tembung *sonten* ngandharaken katrangan ing tembung wilangan *gangsal*, saha suka katrangan ing *frasa* katrangan *wanci jam gangsal*. Tembung *sonten* gadhah *fungsi* nggamblangaken katrangan *wanci jam gangsal*.

Frasa wanci jam gangsal nedahaken wekdal jam gangsal lajeng langkung cetha malih kaandharaken dening tembung *sonten*. Tegesipun, wekdal jam gangsal ingkang dipunkajengaken inggih jam gangsal wayah sonten.

Jinis tembung aran saking basa Jawi Kina ingkang kapanggihaken boten namung ingkang wujud tembung lingga. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken tembung aran saking basa Jawi Kina ingkang wujudipun tembung andhahan.

(17) **Salawase** aku ora wedi karo wong sing kokehan uni. (DL/155/ 28)

Data (17) ing inggil kapanggihaken ing kaca 28. Saking pethikan ukara ing *data* (17), tembung ingkang kalabet ing tembung katrangan saking basa Jawi Kina inggih menika tembung *salawase*. Tembung *salawase* ngandharaken katrangan ing tembung aran *aku*. Tembung *salawase* kadhapuk saking tembung lingga *lawas* angsal ater-ater {sa-} saha panambang {-e}. Tembung *lawas* ing Jawi Kina Lawas (Mardiwarsito, 1981: 313) tegesipun dangu (wekdal). Makaten ugi tembung *lawas* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 264) tegesipun lami, dangu, sampun kepengker dangu, sampun dangu wekdalipun. Anggenipun nemtokaken tembung *salawase* ing jinis tembung katrangan katitik saking tata tembungipun. Salah satunggal titikanipun tembung katrangan inggih menika ingkang wujudipun {sa-/L/-e}. Tegesipun tembung lingga ingkang angsal wuwuhan {sa-e}, mujudaken tembung katrangan ing ukara. Tembung *salawase* ngewrat teges sadangunipun wekdal. Pramila tembung menika kalebet ing tembung katrangan ingkang suka katrangan wekdal ing salebeting ukara.

Salajengipun tembung katrangan saking basa Jawi Kina kapanggihaken ugi ingkang wujud tembung rangkep. wondene *data* ingkang ngandharaken bab menika kaandharaken ing *data* (18) ing ngandhap menika.

(18) ..., wekasan ***telas-telasaning*** rembag para sepuh anggening damel sabab: nyumelangaken manawi Darba kaselak kenging godha (royal). (DL/194/52)

Data (18) ing inggil kapanggihaken ing kaca 52. Tembung *telas-telasaning* kalebet tembung katrangan saking basa Jawi Kina. Tembung *telas-telasaning* saking tembung lingga *telas*. Tembung *telas* isng basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 595) tegesipun rampung, entek. Dene tembung *telas* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 599) tegesipun entek. Pramila tembung *telas-telasaning* tegesipun katrangan ingkang dados telas. Tembung katrangan saged ngandharaken katrangan ing sadaya jinis tembung. Salah satunggalipun ngandharaken ing tembung aran. Tembung *telas-telasaning* ngandharaken katrangan tumrap tembung aran rembag.

Pirembagan bab tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, saha tembung katrangan sampun dipunandharaken ing inggil. Jinis tembung ingkang badhe dipunrembag salajengipun inggih menika tembung wilangan. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

e. Tembung Wilangan

Katandhingaken kaliyan jinis tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung katrangan saking basa Jawi Kina ing inggil, tembung wilangan langkung sakedhik kapanggihaken. Tembung-tembung wilangan ingkang kapanggihaken sampun kapilah lan kaserat ing tabel wau. Tembung

wilangan ingkang kapanggihaken inggih menika jinis tembung wilangan babon, tembung wilangan susun, saha tembung wilangan *pecahan*. Wondene pirembaganipun *data-data* jinis tembung wilangan kaandharaken kados ing ngandhap menika.

(19) Kacariyos ing setatsiyun Purwasari, **kathah** sanget ingkang badhe numpak sepur, ingkang kathah kanca dhusun mentas sesadean dhateng nagari, bebektanipun sarwa rowa, senik isi angsal-angsal: roti, dolanan. (DL/63/14-15)

Data (19) ing inggil kapanggihaken ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda ing kaca 14-15. Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil katitik ing jinis tembung wilangan saking basa Jawi Kina. Tembung *kathah* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 273) tegesipun tegesipun akeh. Makaten ugi tembung *kathah* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 193) tegesipun akeh. Tembung *kathah* ngewrat teges ngandharaken gunggungipun tiyang. Ing *konteks* menika cacah ingkang dipunandharaken inggih menika cacahing tiyang ingkang numpak sepur. Tembung wilangan *kathah* kalebet ing jinis tembung wilangan babon ingkang ngandharaken cacah ingkang dereng cetha gunggungipun. Pramila kalebet ing jinis tembung wilangan babon sadhengah. Tembung wilangan babon awujud kumpulan ugi kapanggihaken ing *data* (20) ing ngandhap menika.

(20) Guyub sayuk **saeka** kapti, darapon saged netepi kadi dene pralambanging sapu sada ingkang ingesuhan,... (DL/269/74)

Data (20) ing inggil kapanggihaken ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda ing kaca 74. Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil katitik ing jinis tembung wilangan saking basa Jawi Kina. Tembung *saeka* saking tembung lingga *eka*. Tembung *eka* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 175) tegesipun

satunggal, sarujuk. Dene tembung *eka* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 112) tegesipun satunggal, ijening cacah. Tembung *saeka* ing *data* (20) ngandharaken manunggaling gagasan utawi pikiranipun tiyang. Tembung *eka* ngandharaken cacah ingkang sampun cetha inggih menika satunggal. Pramila dipunwastani tembung wilangan babon kumpulan. Salajengipun tembung wilangan susun ugi kapanggihaken ing *data* (21) ing ngandhap menika.

(21) Inggih, ta. (Anggenipun wicanten makaten punika kaliyan ngowahi linggihipun, dhuwungipun kainger, kakempit ing bau tengen, lajeng asesendhen, sukunipun kalih **pisan** kaslonjoraken, tumumpang ing bangku ngajengipun). (DL/35/13)

Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil katitik ing jinis tembung wilangan saking basa Jawi Kina. Tembung *pisan* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 426), tegesipun kaping satunggal. Makaten ugi tembung *pisan* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 494), tegesipun sarambanan, ambalan kaping satunggal. Tembung *pisan* ngewrat teges ngandharaken wilangan susun saking pakaryan ingkang dipuntindakaken ambal kaping satunggal. Ing *konteks* menika wilangan susun ingkang dipunandharaken inggih menika sepisan anggenipun nylonjoraken sukunipun. Salajengipun tembung wilangan *pecahan* ugi kapanggihaken ing *data* (22) ing ngandhap menika.

(22) Nanging pangunusipun saweg angsal **sapalih**, ugel-ugelipun enggal ketekem dening onderipun. (DL/123/28)

Data (22) ing inggil kapanggihaken ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda ing kaca 28. Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil katitik ing jinis tembung wilangan saking basa Jawi Kina. Tembung *sapalih* saking tembung lingga *palih*. Tembung *palih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 391), tegesipun

paro. Makaten ugi tembung *palih* ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 459), tegesipun paro. Tembung *palih* ngewrat teges ngandharaken *pecahan* saking satunggal. Ing konteks menika *pecahan* ingkang dipunandharaken inggih menika sebalih pangonusipun dhuwung. Tembung wilangan *sapalih* kalebet ing jinis tembung wilangan *pecahan* ingkang ngandharaken cacah ingkang gunggungipun kirang saking satunggal.

Jinis tembung aran, tembung kriya, tembung katrangan, tembung wilangan sampun kaandharaken ing pirembagan ing inggil. Salajengipun badhe dipunrembag bab jinis *partikel*. wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

f. *Partikel*

Partikel inggih menika tembung ingkang gadhah tugas sasanesipun tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, saha tembung katrangan. Ginanipun *partikel* maneka warni, ing antawisipun minangka panggandheng, panyilah, panuduh, ancer-ancer, sesulih, lan sapanunggalanipun. Jinis *partikel* ingkang badhe dipunrembag kaping satunggal iggih menika *partikel* ingkang ngandharaken panuduh papan. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

(23) ..., awit ana nagarane **kana** kabeh padha kekurangan, lan ora bisa golek kauntungan. (DL/280/78)

Tembung ingkang kacithak kandel ing nginggil menika salah satunggal tuladha *partikel*. Tembung *kana* kalebet ing *partikel* panuduh papan. Tembugn *kana* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 265) tegesipun ing mrika (tebih). Makaten ugi tembung *kana* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 184)

tegesipun ngrika, panuduh papan ingkang tebih. Tembung *kana* ngandharaken panuduh papan ingkang tebih. Tembung *kana* nedahaken tembung aran nagara. Inggih menika nagara ing papan ingkang tebih saking nagaranipun pangandikan. salajengipun, *partikel* ugi kapanggihaken ingkang minangka panyilah. Tembung menika kapanggihaken ing *data* (24) ing ngandhap menika.

(24) Para tamu sapajagongan, purugipun mripat namung dhateng **sang** pindha dewa lan dewi. (DL/130/23)

Tembung *sang* katitik ing jinis tembung *partikel* amargi tembung menika gadhah tugas minangka panyilah ing tembung aran utawi minangka sandhanganipun tembung aran. Tembung *sang* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 505), tegesipun tembung panyilah biasa. Makaten ugi tembung *sang* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 544), tegesipun tembung panyilah pakurmatan. Tembung *sang* minangka panyilahing tembung aran *dewa lan dewi*. Tembung panyilah mapan ing ngajengipun tembung aran, mila tembung panyilah gadhah *fungsi* mujudaken tembung aran. Tembung menika dipunginakaken kangege medharaken raos kurmat minangka pangabdinipun dhateng *dewa lan dewi*.

Partikel salajengipun ingkang badhe dipunadnahraken inggih menika jinis *partikel* panggandheng. Wondene *data* ingkang nyengkuyung kapanggihaken ing *data* (25) ing ngandhap menika.

(25) Ing batos gadhah pangalem, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau, sanget anggenipun anjagi **saha** mrenah-mrenahaken biyungipun, punapadene ingkang nyepeng karcis saha ngulungaken dhateng kondhektur inggih pun Darba. (DL/44/13)

Tembung ingkang kacithak kandel ing inggil salah satunggal tuladha *partikel* saking basa Jawi Kina ingkang ginanipun nggandheng gagasaning ukara. Tembung *saha* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 489), tegesipun lan, kaliyan, sarta. Makaten ugi tembung *saha* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 538) tegesipun karo, lan. Tembung *saha* nggandhengaken gagasanipun tembung kriya *anjagi* saha tembung kriya *mrenah-mrenahaken*. Tembung *saha* ngempalaken tembung kriya dados satunggal kelompok gagasan tembung kriya ingkang katindakaken sesarengan. Perangan ingkang sami menika awujud pakaryan. Tembung *saha* minangka tembung panggandheng ingkang ngandharaken tembung, *frasa*, utawi *klausa* ingkang sami (*konjungsi penghubung satuan setara*). Jinis *partikel* salajengipun inggih menika jinis *partikel* ingkang ngandharaken janggelaning tindak. Wondene *data* ingkang nyengkuyung kados *data* (26) ing ngandhap menika.

(26) ..., amargi sumelang **manawi** boten uman papan, agengipun ngantos katilar sepur. (DL/8/11)

Tembung *manawi* kalebet ing *partikel* ingkang ngandharaken janggelaning tindak utawi sarat. Tembung *manawi* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 338), tegesipun menawa, yen. Makaten ugi tembung *manawi* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 289), tegesipun yen. Tembung *manawi* ngandharaken janggelaning tindak sumelang tumrap gagasan boten uman papan. Sarat supados boten sumelang, kedah uman papan. Tembung *manawi* nggandhengaken *klausa amargi sumelang* saha *klausa boten uman papan*.

Jinis tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan,

tembung katrangan, tembung wilangan, lan *partikel*. Sadaya jinis tembung saking basa Jawi Kina sampun dipunrembag ing inggil. Saben-saben jinis tembung saking basa Jawi Kina kala wau temtu ngewrat teges ingkang beda-beda. Pramila salajengipun ingkang badhe dipunrembag inggih bab tegesipun tembung saking basa Jawi Kina ing *novel KND* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

3. Tegesipun Tembung saking Basa Jawi Kina ing *Novel Kirti Nunjung Drajat Anggitanipun R. Tg. Jasawidagda*.

Saking andharan wujud ing inggil sampun dipunandharaken bilih tegesipun tembung saking basa Jawi Kina dipundayani saking wuwuhaning saben-saben tembung. Ing bab tegesipun tembung menika badhe kaandharaken langkung cetha bab tegesipun tembung lingga saha ewahing teges saking tembung lingga ing tembung andhahan. Bab ingkang badhe dipunandharaken kaping satunggal inggih menika bab tegesipun tembung ing tembung aran. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

a) Tegesipun Tembung Aran

Tegesipun tembung aran ingkang badhe dipunrembag inggih menika tegesipun tembung aran wujud lingga saha wujud andhahan. Tembung lingga menika tembung ingkang kadhapuk saking satunggal *morfem*. Mila anggenipun negesi tembung ingkang kapisan kedah adhedhasar kamus utawi baoesastra. Salajengipun dipungayutaken kaliyan *konteks*-ipun. Tuladha tembung aran lingga inggih menika tembung *lampah* ing *data* (1) ing ngandhap menika.

- (1) Sayektos, tetiyang wau saweg mapan linggih srog, sepur sampun ebah-ebah, nunten anggeblas nglajengaken **lampah**. (DL/12/11)

Tembung *lampah* kalebet ing tembung saking Jawi Kina. Anggenipun nemtokaken ing basa Jawi Kina adhedhasar nandhingaken wujud tembung saha tegesipun tembung ing Jawi Kina kaliyan Jawi Enggal. Tembung *lampah* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:308) tegesipun laku. Makaten ugi tegesipun *lampah* Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:259) tegesipun laku. Tembung *lampah* biasanipun dipunginakaken kangge ngandharaken aran laku tindakipun tiyang. Dipungayutaken kaliyan *konteks*, tegesipun tembung *lampah* minangka lesan ingkang dipuntindakaken dening jejer *sepur*. Tembung *sepur* menika minangka jejer amargi dipungayutaken kaliyan tembung *nglajengaken* minangka pakaryan ingkang dipuntindakaken dening *sepur*. Pramila ing *konteks* menika tembung *lampah* tegesipun lajuning *sepur*.

Tegesipun tembung ingkang kaping kalih inggih menika tegesipun tembung andhahan ingkang ngginakaken ater-ater {paN-}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(2) Ing batos gadhah **pangalem**, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau,... (DL/51/13)

Tembung *pangalem* kadhapuk saking tembung lingga *alem* kalihan ater-ater {paN-}. Tembung *alem* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:27) tegesipun puji. Dene tembung *alem* ing Jawi Enggal ngewrat teges ingkang ajeg inggih menika *alem* (Poerwadarminta, 1939:6) tegesipun dipunsebut kabecikanipun. Teges *struktural* tembung *pangalem* inggih menika ingkang dipunpuji. Teges menika dipunwujudaken saking wuwuhan {paN-} ing tembung *alem*, ingkang mujudaken teges ingkang dipunalem, ingkang dipunpuji. Satemah teges menika

sinebut teges *struktural* amargi dipunpangaribawani dening wuwuhan utawi *konteks-ipun*. *Pangalem* ing konteks menika pujian ing salebeting batos dhateng paraga Darba amargi tandangipun Darba ingkang becik nalika minggah kreta.

Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung aran andhahan ingkang ngginakaken panambang {-an}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(3)...ora ngerti **aturan**, kowe wong apa... (DL/92/17)

Tembung *aturan* kalebet ing tembung aran saking basa Jawi Kina. Kadhapuk saking tembung lingga *atur* saha panambang {-an}. Tembung aran *atur* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:97) tegesipun tembung. Sami kaliyan tegesipun tembung *atur* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:21) tegesipun menapa ingkang dipunngendikakaken. Sinaosa andharanipun boten sami, nanging teges kakalihipun ngewrat suraos ingkang sami. Tembung *atur* dhasaripun saking tembung lingga aran. Aranipun samukawis ingkang dipungendikakaken menika ingkang sinebut *atur*.

Tembung *atur* sasampunipun angsal panambang {-an} tegesipun bab ingkang dipunatur. Ewahing teges menika dipunpangaribawani dening panambang {-an} ingkang rinaket. Kagayutaken kaliyan *konteks-ipun*, tembung *aturan* menika ngewrat teges pranatan utawi tatanan. *Data* (3) ing nginggil, tembung *aturan* katujokaken dening tiyang ingkang boten mangretos adat/ kukum ingkang dipunginakaken. Pramila tembung *ora ngerti aturan* minangka tembung pisuhan dhateng tiyang ingkang tindak tandukipun tanpa tata. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung aran andhahan ingkang

ngginakaken *konfiks* {ka-an}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(4) Bapakipun nyambeti, “Nun, kula dherekaken Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit ngungkuraken Mas Bei Mangunripta, sapunika miring mawi mengo, wangsulanipun cekak nanging taklim, “**Kapatihan.**” (DL/58/14)

Tembung *kapatihan* kadhapuk saking tembung lingga *patih* angsal *konfiks* {ka-an}. Tembung *patih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:413) tegesipun nama pangkat. Menika kaginakaken ugi ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:476) tembung *patih* tegesipun priyagung ingkang nindakaken prentahipun nagari, pangkat sangandhapipun bupati. Kanthi *gramatikal*, tembung *kapatihan* tegesipun dalem (kantor) ing patih. Menika dipunsebabaken pamigunanipun *konfiks* {ka-an} ing tembung aran *patih*, satemah mujudaken teges ingkang ngandharaken papan panggenan. Ing *konteks* menika tembung *kapatihan* minangka wangsulanipun saking pitakenanipun Mas Bei Mangunripta dening paraga Ki Mas Nayapada. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung aran rangkep ingkang ngginakaken tembung rangkep. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(5) **Jejaka** watawis umur 18 taun anama pun Darba, ugi mangangge pameran,... (DL/26/12)

Tembung *jejaka* kadhapuk saking tembung lingga *jaka* dipunrangkep ing purwa wandanipun tembung. Tembung *jaka* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 247) tegesipun *jaka*. Menika kaginakaken ugi ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:78), tembung *jaka* tegesipun lare jaler ingkang dereng rabi. Kanthi *gramatikal*, tembung *jejaka* tegesipun sawijining tiyang ingkang *jaka*.

Menika dipunsebabaken pamigunanipun tembung dwipurwa ing tembung aran *jaka*, satemah mujudaken teges ingkang ngandharaken ndadosaken sawijining bab kados dene ingkang kasebut ing lingganipun tembung. Miturut *konteks* ukara, tembung *jejaka* tegesipun sawijing tiyang ingkang taksih jika watawis umur 18 taun inggih menika paraga utama Darba.

b) Tegesipun Tembug Kriya

Pirembagan bab tegesipun tembung menika badhe ngandharaken tegesipun tembung kriya wujud lingga saha tembung kriya ingkang ngginakaken wuwuhan. Ingkang sepisan inggih menika ngrembag bab tegesipun tembung kriya wujud lingga. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(6) ..., tetiyang kathah sami blerengen boten wonten ingkang wani celak kepara sami **mire** ngurmati.(DL/81/16)

Tembung *mire* kalebet ing tembung ingkang asalipun saking Jawi Kina. Anggenipun nemtokaken ing basa Jawi Kina adhedhasar nandhingaken wujud tembung saha tegesipun tembung ing Jawi Kina kalihan Jawi Enggal. Tembung *mire* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:351) tegesipun nyisih, nyumingkir, ngedohi. Dene tegesipun *mire* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:317) tegesipun nyisih nyimpang, nggiwar. Dipungayutaken kaliyan *konteks*, tegesipun tembung *mire* minangka wasesa ingkang ngandharaken pakaryan nyumingkir saking papan ingkang dipunsebutaken kangge ngurmati tiyang sanes. Jejer ingkang nindakaken pakaryan mire menika tiyang ingkang sami numpak sepur, dene ingkang dipunurmati menika priyantun satemah boten wantun sami celak. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung kriya ingkang

ngginakaken ater-ater anuswara {N-}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(7) Mangkene bae Darba, bubar giling iki aku ***ngalih*** pagawean menyang pabrik wesi LindeTeves ing Semarang. (DL/202/58)

Tembung *ngalih* kalebet ing tembung kriya saking basa Jawi Kina. Kadhapuk saking tembung lingga *alih* saha ater-ater anuswara {ng-}. Tembung kriya *alih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 27) tegesipun pindhah. Sami kaliyan tegesipun tembung *alih* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 7) tegesipun pindhah. Tembung *alih* dhasaripun saking tembung lingga jinis kriya. Tembung *alih* sasampunipun angsal ater-ater {ng-} tegesipun nindakaken pakaryan pindhah. Teges menika dipunpangaribawani wontenipun ater-ater anuswara {ng-} ingkang rinaketan. Ater-ater {ng-} ndhapuk tembung lingga jinis kriya *alih* dados jinis tembung kriya *ngalih*. Kagayutaken kaliyan *konteks-ipun*, tembung *ngalih* menika pakaryan pindhah ingkang dipuntindakaken dening paraga Tuwan Masinis. *Ngalih* tegesipun pindhah saking padamelan kawitanipun.

Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung kriya ingkang ngginakaken seselan {-um-}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(8) Lare kalih sami ***tumungkul***, isin dipuntingali lare kathah. (DL/224/46)

Tembung *tumungkul* kadhapuk saking tembung lingga *tungkul* saha seselan {-um-}. Tembung *tungkul* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:621), tembung *tungkul* tegesipun ndhekukul. Menika kaginakaken ugi ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:615), tembung *tungkul* tegesipun boten ndangak,

ndhekukul. Kanthi *gramatikal*, tembung *tumungkul* tegesipun nindakaken pakaryan ndhekukul/ boten ndangak. Menika dipunsebabaken pamigunanipun seselan {-um-} ing tembung kriya *tungkul*, satemah mujudaken teges ingkang ngandharaken pakaryan ingkang dipuntindakaken kados dene lingganipun tembung. Miturut *konteks* ukara *data* (9), tembung *tumungkul* tegesipun pakaryan ingkang tansah ndhekukul ingkang dipuntindakaken dening lare kalih amargi lingsem. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung kriya ingkang ngginakaken panambang {-ana}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(9) **Jalukana** gendhing clunthang, Beng. (DL/145/26)

Tembung *jalukana* kadhapuk saking tembung lingga *jaluk* saha panambang {-ana}. Tembung *jaluk* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:248), tegesipun nyuwun. Menika kapanggihaken ugi ing basa Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:79) tembung *jaluk* tegesipun nyuwun. Kanthi *gramatikal*, tembung *jalukana* tegesipun nindakaken pakaryan pakon dhateng tiyang sanes supados nyuwun. Menika dipunsebabaken pamigunanipun panambang {-ana} ing tembung kriya *jaluk*, satemah mujudaken teges ingkang ngandharaken pakaryan pakon kangge nindakaken kados dene lingganipun tembung. Miturut *konteks* ukara *data* (10), tembung *jalukana* tegesipun pakon dhateng paraga Beng supados nyuwun gendhing clunthang. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung kriya ingkang ngginakaken *konfiks* {N-aken}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

- (10) Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit **ngungkuraken** Mas Bei Mangunripta, sapunika miring mawi mengo, wangsumanipun cekak nanging taklim, “Kapatihan.” (DL/57/ 14)

Tembung *ngungkuraken* kadhapuk saking tembung lingga *ungkur* saha *konfiks* {N-aken}. Tembung *ungkur* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 641) tegesipun wingking, walik. Menika kapanggihaken ugi ing basa Jawi Enggal tembung *ungkur* (Poerwadarminta, 1939: 443) tegesipun ing sawingkingipun, boten dipunajengaken. Kanthi *gramatikal*, tembung *ngungkuraken* tegesipun nindakaken padamelan ebahing badan madhep ing sawingkingipun. Menika dipunsebabaken pamigunanipun *konfiks* {N-aken} ing tembung kriya *ungkur*, satemah mujudaken teges ingkang ngandharaken nindakaken pakaryan kados dene lingganipun tembung. Miturut *konteks* ukara *data* (10), tembung *ngungkuraken* tegesipun nindakaken padamelan ngewahi adheipun badan ing sawingkingipun paraga Mas Bei Mangunripta. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung kriya ingkang ngginakaken *simulfiks* {di-/aken}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

- (11) Dene Darba, dhatengipun njujug ing patehan, **dipunpethukaken** kaliyan ingkang kapatah wonten ngriku, kaleres adhinipun ingkang gadhah damel,... (DL/93/20)

Tembung *dipunpethukaken* kadhapuk saking tembung lingga *pethuk* angsal *simulfiks* {di-/aken}. Tembung *pethuk* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 421) tegesipun ketemu. Dene tembung *pethuk* ing Jawi Enggal ngewrat teges ingkang ajeg inggih menika *pethuk* (Poerwadarminta, 1939: 490), tegesipun gathuk, ketemu, cocog kajengipun. Teges kanthi *struktural* saking tembung *dipunpethukaken* inggih menika kenging pakaryan dipunpanggihaken ingkang

dipuntindakaken sesulih madya purusa. Teges menika mijil saking *simulfiks* {dipun-/aken} ing tembung *pethuk* ingkang mujudaken teges kenging pakryan ingkang dipuntindakaken sesulih madya purusa. Satemah teges menika sinebut teges *struktural* amargi dipunpangaribawani wontenipun wuwuhan utawi *konteks-ipun*. Ing *konteks* ukara *data* (11), tembung *dipunpethukaken* ingkang dipunkajengaken inggih menika paraga ingkang dipunpanggihaken kaliyan paraga ingkang kapatah ing ngriku inggih menika rayinipun paraga Mas Demang Karyabau.

Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung kriya ingkang ngginakaken dwilingga salin swara. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(12) Gagasanipun Darba ***molak-malik*** boten kantenan-kantenan, upami dipuntataa makaten, bokmanawi kados ingandhap punika. (DL/176/33)

Tembung *molak-malik* kadhapuk saking tembung lingga *walik* angsal ater-ater anuswara {N-} saha dipunrangkep dwilingga salinswara. Tembung *walik* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:656) tegesipun walik, lumah. Dene tembung *walik* ing Jawi Enggal ngewrat teges ingkang ajeg. Inggih menika *walik* (Poerwadarminta, 1939:654) tegesipun raen (lumah) ingkang wonten ing sisih sanesipun (ngandhapipun). Teges kanthi *struktural* saking tembung *molak-malik* inggih menika nindakaken pakryan malik kanthi ambal-ambalan. Teges menika kawujudaken saking dwilingga salinswara ing tembung *walik*, ingkang mujudaken teges nindakaken pakryan (kados dene lingganipun) kanthi ambal-ambalan. Satemah teges menika sinebut teges *struktural* amargi dipunpangaribawani wontenipun rangkeping tembung utawi *konteks-ipun*. Ing *konteks* ukara *data* (12),

tembung *molak-malik* tegesipun gagasanipun ingkang molak-malik kanthi ambalan-ambalan.

Tegesipun tembung kriya sampun kaandharaken ing nginggil. Salajengipun jinis tembung ingkang badhe dipunrembag tegesipun inggih menika tembung kahanan. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

c) Tegesipun Tembung Kahanan

Pirembagan bab tegesipun tembung menika badhe ngandharaken tegesipun tembung kahanan wujud lingga saha tembung kriya ingkang ngginakaken wuwuhan. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(13) Kejawi punika tiyang wau ngangge kuluk ***pethak***, kenging dipungrayangi bilih abdi dalem apangkat drajat.(DL/23/12)

Tembung *pethak* kalebet ing tembung ingkang asalipun saking Jawi Kina. Anggenipun nemtokaken ing basa Jawi Kina adhedhasar nandhingaken wujud tembung saha tegesipun tembung ing Jawi Kina kalihan Jawi Enggal. Tembung *pethak* ing basa Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:421) tegesipun putih. Dene tegesipun *pethak* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:482), tegesipun corak putih. Dipungayutaken kaliyan *konteks*, tegesipun tembung *pethak* minangka kahanan ingkang ngandharaken corak putih ing kuluk. Tembung *pethak* ngandharaken kahanan werninipun kuluk.

Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung kahanan ingkang ngginakaken panambang {-ing}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

- (14) Ingkang damel **petenging** gagasanipun Darba punika tembung, “wong tuwa kuwi nek anake ketok anane mung bungah.” (DL/179/34)

Tembung *petenging* kadhapuk saking tembung lingga *peteng* angsal panambang {-ing}. Tembung *peteng* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:421) tegesipun boten padhang. Makaten ugi tembung *peteng* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:488), tegesipun boten terang (tumrap prekawis). Teges kanthi *struktural* saking tembung *petenging* inggih menika peteng utawi boten terang tumrap tembung aran ingkang dipunraketi. Teges menika kawujudaken wontenipun panambang {-ing} ing tembung *peteng*, ingkang mujudaken teges pandarbe kaanan tembung lingganipun. Ing *konteks* ukara *data* (13), tembung *petenging* tegesipun peteng utawi boten terangipun gagasanipun paraga Darba. Tembung *peteng* ngandharaken kahananipun gagasan ingkang cupet.

Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung kahanan ingkang ngginakaken dwilingga wantah. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

- (15) Lah wong sing **sugih-sugih** ing Kauman lan ing Lawiyan kuwi padha ngaya-aya tuku kapriyayen,... (DL/251/65)

Tembung *sugih-sugih* kadhapuk saking tembung lingga *sugih* dipunrangkep dwilingga wantah. Tembung *sugih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:542), tegesipun kadunungan menapa-menapa ingkang kathah (bandha, kalenggahan, lan sapanunggalanipun). Makaten ugi tembung *sugih* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:570), tegesipun gadhah bandha kathah. Teges kanthi *struktural* saking tembung *sugih-sugih* inggih menika tiyang-tiyang ingkang kaananipun sugih. Teges menika mijil saking dwilingga wantah ing

tembung *sugih*, ingkang mujudaken teges kaanan tiyang ingkang kaananipun kados dene ing lingganipun. Ing *konteks* ukara *data* (14), tembung *sugih-sugih* tegesipun tiyang-tiyang ingkang kaananipun kadunungan bandha ingkang kathah ing dhusun Kauman saha dhusun Lawiyan.

Tegesipun tembung kahanan sampun kaandharaken ing nginggil. Salajengipun jinis tembung ingkang badhe dipunrembag tegesipun inggih menika tembung katrangan. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

d) Tegesipun Tembung Katrangan

Pirembagan bab tegesipun tembung menika badhe ngandharaken tegesipun tembung katrangan wujud lingga saha tembung kriya ingkang ngginakaken wuwuhan. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(16) Wanci jam gangsal ***sonten***, kareta lalu ingkang saking Semarang dhateng Ngayogyakarta, sampun dumugi ing setatsiyun Balapan Surakarta. (DL/2/11)

Tembung *sonten* kalebet ing tembung ingkang asalipun saking Jawi Kina. Anggenipun nemtokaken ing basa Jawi Kina adhedhasar nandhingaken wujud tembung saha tegesipun tembung ing Jawi Kina kalihan Jawi Enggal. Tegesipun tembung *sonten* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:536) tegesipun sore. Makaten ugi tegesipun *sonten* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 579) tegesipun sore. Dipungayutaken kaliyan *konteks*, tegesipun tembung *sonten* minangka katrangan ingkang ngandharaken wekdal jam gangsal sore. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung katrangan ingkang ngginakaken *konfiks* {sa-e}. Wondene pirembaganipun

kaandharaken ing ngandhap menika.

(17) **Salawase** aku ora wedi karo wong sing kokehan uni. (DL/155/ 28)

Tembung *salawase* kadhapuk saking tembung lingga *lawas* angsal ater-ater {sa-} saha panambang {-e}. Tembung *lawas* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:313) tegesipun dangu (wekdal). Makaten ugi tembung *lawas* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:264), tegesipun lami, dangu, sampun kepengker dangu, sampun dangu wekdalipun. Teges kanthi *struktural* saking tembung *salawase* inggih menika ngantos sadangunipun wekdal. Teges menika mijil saking *konfiks* {sa-e} ing tembung *lawas*, ingkang mujudaken teges katrangan ngantos sadangunipun bab.

Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung katrangan ingkang ngginakaken dwilingga wantah. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(18) ..., wekasan **telas-telasaning** rembag para sepuh anggening damel sabab: nyumelangaken manawi Darba kaselak kenging godha (royal). (DL/194/52)

Tembung *telas-telasaning* kadhapuk saking tembung lingga *telas* dipunrangkep dwilingga wantah, panambang {-an}, saha *enklitik* {-ing}. Tembung *telas* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 595) tegesipun rampung, entek. Makaten ugi tembung *telas* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 599) tegesipun entek. Teges kanthi *struktural* saking tembung *telas-telasaning* inggih menika ingkang dados rampungipun rembag. Teges menika kawujudaken wontenipun dwilingga wantah ing tembung *telas*, ingkang mujudaken teges katrangan ingkang ngandharaken bab kados tembung lingganipun tumrap

tembung aran *rembag*. *Telas-telasaning* minangka katrangan ingkang ngandharaken tembung aran *rembag*, satemah rembagan menika tegesipun sampun telas.

Tegesipun tembung katrangan sampun kaandharaken ing nginggil. Salajengipun jinis tembung ingkang badhe dipunrembag tegesipun inggih menika tembung wilangan. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

e) Tegesipun Tembung Wilangan

Pirembagan bab tegesipun tembung menika badhe ngandharaken tegesipun tembung wilangan wujud lingga saha tembung kriya ingkang ngginakaken wuwuhan. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(19) Kacariyos ing setatsiyun Purwasari, ***kathah*** sanget ingkang badhe numpak sepur, ingkang kathah kanca dhusun mentas sesadean dhateng nagari, bebektanipun sarwa rowa, senik isi angsal-angsal: roti, dolanan. (DL/63/14-15)

Tembung *kathah* kalebet ing tembung ingkang asalipun saking Jawi Kina. Anggenipun nemtokaken ing basa Jawi Kina adhedhasar nandhingaken wujud tembung saha tegesipun tembung ing Jawi Kina kalihan Jawi Enggal. Tembung *kathah* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:273) tegesipun akeh. Makaten ugi tegesipun *kathah* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:193) tegesipun akeh. Dipungayutaken kaliyan konteks, tegesipun tembung *kathah* inggih menika cacahing tiyang ing stasiun ingkang boten sakedhik.

Tembung wilangan *kathah* kalebet ing jinis tembung wilangan babon sadhengah amargi gunggungipun barang ingkang dipunandharaken dereng cetha. Kathah tegesipun boten sakedhik, nanging kathah ingkang dipunandharaken

dereng cetha. *Kathah* ing konteks menika tegesipun sakathahing tiyang ingkang badhe numpak sepur ing stasiun Purwasari. Ing ukara menika boten kaandharaken cacahipun tiyang ingkang dipunsebut kathah. Tegesipun tembung wilangan salajengipun inggih menika tegesipun tembung wilangan babon kumpulan, ingkang kandharaken ing ngandhap menika.

- (20) Guyub sayuk ***saeka*** kapti, darapon saged netepi kadi dene pralambanging sapu sada ingkang ingesuhan,... (DL/269/74)

Tembung *saeka* kadhapuk saking tembung lingga *eka* angsal ater-ater {sa-}. Tembung *eka* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:175) tegesipun satunggal, sarujuk. Makaten ugi tembung *eka* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:112) tegesipun satunggal, ijening cacah. Teges kanthi *struktural* saking tembung *saeka* inggih menika satunggal iji. Teges menika mijil saking *konfiks* {sa-} ingkang mujudaken teges wilangan satunggal. Tegesipun tembung *saeka* kagayutaken *konteks* inggih menika satunggalipun kapti kangege anggayuh gesang sayuk rukun. Tegesipun tembung wilangan salajengipun inggih menika tegesipun tembung wilangan jinis wilangan susun ingkang kandharaken ing ngandhap menika.

- (21) Inggih, ta. (Anggenipun wicanten makaten punika kaliyan ngowahi linggihipun, dhuwungipun kainger, kakempit ing bau tengen, lajeng asesendhen, sukunipun kalih ***pisan*** kaslonjoraken, tumumpang ing bangku ngajengipun). (DL/35/13)

Tembung *pisan* saking Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 426), tegesipun kaping satunggal. Makaten ugi tegesipun tembung *pisan* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 494), tegesipun sarambanan, ambalan kaping satunggal. Tembung *pisan* kalebet ing jinis tembung wilangan susun amargi ngandharaken susunipun pakaryan ingkang dipuntindakaken ambal kaping satunggal. Pakaryan

ingkang dipuntindakaken inggih menika sukunipun ingkang kaslonjoraken tumumpang ing bangku ngajengipun ambal kaping satunggal. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun tembung wilangan ingkang ngginakaken ater-ater {sa-}. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(22) Nanging pangunusipun saweg angsal **sapalih**, ugel-ugelipun enggal ketekem dening onderipun. (DL/123/28)

Tembung *sapalih* kadhapuk saking tembung lingga *palih* pikantuk ater-ater {sa-}. Ater-ater {sa-} menika ginanipun ndhapuk tembung dados tembung wilangan saha tembung katrangan. Ing tembung *sapalih*, sater-ater {sa-} menika dipunginakaken ndhapuk tembung wilangan amargi dhasaripun teges tembung lingganipun ngandharaken wilangan. Tembung *palih* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 391), tegesipun paro. Makaten ugi tegesipun tembung *palih* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 459), tegesipun paro. Ater-ater {sa-} mawarni-warni tegesipun, kagayutaken kaliyan konteks ukara ing nginggil, tembung {sa-} ngewrat teges satunggal, satemah *sapalih* tegesipun wilangan pecahan satunggal paro. *Sapalih* ing *data* (24) tegesipun separo anggenipun ngunus dhuwungipun.

Tegesipun tembung wilangan sampun kaandharaken ing nginggil. Salajengipun jinis tembung ingkang badhe dipunrembag tegesipun inggih menika *partikel*. Wondene pirembaganipun kados ing ngandhap menika.

f) Tegesipun *Partikel*

Pirembagan bab tegesipun tembung menika badhe ngandharaken tegesipun *partikel* wujud lingga saha tembung kriya ingkang ngginakaken wuwuhan. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(23) ..., awit ana nagarane **kana** kabeh padha kekurangan, lan ora bisa bisa golek kauntungan. (DL/280/ 78)

Tembung *kana* kalebet ing tembung *partikel* ingkang nedahaken dununing papan. Uwal saking *konteks*-ipun tegesipun tembung *kana* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:265) tegesipun ing mrika (tebih). Makaten ugi tegesipun *kana* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:184) tegesipun ngrika, panuduh papan ingkang tebih. Dipungayutaken kaliyan *konteks*, tegesipun tembung *kana* inggih menika nagara ingkang papanipun tebih saking nagari ingkang dipunlenggahi paraga. Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun *partikel* ingkang ngandharaken panyilah. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(24) Para tamu sapajagongan, purugipun mripat namung dhateng **sang** pindha dewa lan dewi. (DL/130/ 23)

Tembung *sang* kalebet ing tembung *partikel* ingkang ngandharaken panyilahing tiyang. Tembung *sang* ing Jawi Kina Mardiwarsito, 1981:505) tegesipun tembung panyilah biasa. Makaten ugi tegesipun *sang* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:544) tegesipun tembung panyilah pakurmatan. Dipungayutaken kaliyan *konteks*, tegesipun tembung *sang* inggih menika tembung ingkang nyarengi tembung aran *dewa lan dewi*. Tembung *sang* minangka tembung ingkang mujudaken pakurmatan dhateng ingkang dipungandhengi. Tembung menika ngandharaken panyilah pakurmatan dhateng ingkang dipunurmati inggih menika *dewa saha dewi*. Tegesipun *partikel* salajengipun inggih menika tegesipun *partikel* ingkang nggandengaken tembung utawi *klausa* satunggal kaliyan sanesipun.

(25) Ing batos gadhah pangalem, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau, sanget anggenipun anjagi **saha** mrenah-mrenahaken biyungipun, punapadene ingkang nyepeng karcis saha ngulungaken dhateng kondhektur inggih pun Darba. (DL/44/13)

Tembung *saha* kalebet ing *partikel* ingkang ngempalaken gagasan ing salebetipun ukara. Tembung *saha* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981: 489), tegesipun lan, kaliyan, sarta. Makaten ugi tegesipun *saha* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939: 538), tegesipun karo, lan. Dipungayutaken kaliyan *konteks*, tegesipun tembung *saha* inggih menika minangka tembung panggandheng ingkang ngempalaken gagasan saking tembung kriya *anjagi* saha *mrenah-mrenahaken*. Tembung *saha* minangka panggandheng ingkang ngandharaken *kesetaraan* gagasan ing salebetipun ukara. *Kesetaraan* menika awujud kalih tembung kriya ingkang dipunkempalaken ing satunggal ukara, satemah mbetahaken panggandheng ingkang ngandharaken *kesetaraan* gagasan.

Tegesipun tembung salajengipun inggih menika tegesipun *partikel* ingkang ngandharaken janggelaning tindak utawi sarat. Wondene pirembaganipun kaandharaken ing ngandhap menika.

(26) ..., amargi sumelang **manawi** boten uman papan, agengipun ngantos katilar sepur. (DL/8/11)

Tembung *manawi* kalebet ing *partikel* ingkang ngandharaken janggelaning tindak utawi sarat. Tembung *manawi* ing Jawi Kina (Mardiwarsito, 1981:338) tegesipun menawa, yen. Makaten ugi tegesipun *manawi* ing Jawi Enggal (Poerwadarminta, 1939:289) tegesipun yen. Dipungayutaken kaliyan *konteks*, tegesipun tembung *manawi* inggih menika minangka janggelaning tindak utawi sarat saking tembung *boten uman papan* dhateng musababipun *sumelang*.

Tembung *manawi* tegesipun saged kadadosan saged ugi boten kadadosan.
Manawi saratipun boten uman papan katindakaken mila njalari manah sumelang.
Ananing manawi saratipun uman papan katindakaken mila mboten ndadosaken
manahipun sumelang.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Wonten ing bab menika dipunandharaken dudutan ngengingi asilipun panaliten ingkang sampun kalampahan. *Data* ngengingi tembung saking basa Jawi Kina ing *novel* Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R. Tg. Jasawidagda inggih kados ing ngandhap menika.

1. Wujudipun tembung saking basa Jawi Kina wonten ing *novel* Kirti Njunjung Drajat inggih menika; (1) tembung lingga (2) tembung andhahan, dene tembung andhahan ingkang dipunpanggihaken inggih menika(a) tembung andahan wuwuhan (b) tembung rangkep.
2. Jinisipun tembung saking basa Jawi Kina wonten ing *novel* Kirti Njunjung Drajat inggih menika; (1) tembung aran, (2) tembung kriya, (3) tembung kahanan, (4) tembung katrangan, (5) tembung wilangan, saha (6) *partikel*.
3. Tegesipun tembung saking basa Jawi Kina wonten ing *novel* Kirti Njunjung Drajat inggih menika, saben perangan gadhah makna piyambak-piyambak miturut tembung lingga saha wuwuhanipun.

B. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan ingkang sampun dipunandharaken, panyerat saged nyukani pamrayogi. Bab ingkang dipunteliti saking panaliten tembung basa Jawi Kina inggih menika ngengingi sadaya jinis tembung, satemah langkung prayogi manawi dipunkaji kanthi mligi ing jinis tembung tartamtu. Bab menika

upaminipun jinising tembung aran kemawon menapa dene bab tembung kriya, lan sapanunggalanipun. Awit saking menika, panaliti ingkang badhe nglajengaken panaliten menika, saged nliti bab sanesipunupaminipun bab ewah-ewahanipun tembung basa Jawi Kina, supados panaliten menika langkung sampurna.

C. Implikasi

Panaliten menika ngrembag bab tembung saking basa Jawi Kina ing *novel* Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Awit saking menika, *implikasi* saking asiling panaliten dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika minangka *bahan ajar* kangge paraga pendidikan ing tataran *perguruan tinggi* wonten ing pamulangan basa Jawi ngengingi bab widya tembung, mliginipun ngengingi bab tembung basa Jawi Kina.
2. Panaliten menika ugi saged dipunginakaken kangge *referensi* panaliten salajengipun, ngengingi wujud, jinis, saha tegesipun tembung basa Jawi Kina utawi panaliten enggal bab jinis-jinis tembung sanesipun ingkang wonten ing basa Jawi.

KAPUSTAKAN

- Abdullah, Wakit saha Sri Lestari Handayani. 2007. *Bahasa Jawa Kuna: Sejarah, Struktur dan Leksikonnya*. Surakarta Jurusan Sastra Daerah Universitas Sebelas Maret Surakarta.
- Adiwijaya, Bagus. 2011. *Peribahasa Jawa*. Yogyakarta: Absolut.
- Antunsuhono. 1960. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Bungin, Burhan. 2012. *Analisis Data Penelitian Kualitatif: Pemahaman Filosofis dan Metodologis ke Arah Penguasaan Model Aplikasi*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- _____. 1995. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata Sastra*. Yogyakarta: Percetakan RI.
- Hardiyanto. 2008. *Leksikologi (Sebuah Pengantar)*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Jasawidagda, R.Tg. 2012. *Kirti Njunjung Drajat*. Bandung: Kiblat Buku Utama.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. 2012. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Lexy, J. Moleong. 2004. *Metodologi Penelitian Kualitatif. Edisi Revisi*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Mardiwarsito, L. 1981. *Kamus Jawa Kuna-Indonesia*. Flores: Penerbit Nusa Indah.
- Mardiwarsito L. saha Kridalaksana, Harimurti. 2012. *Struktur Bahasa Jawa Kuna*. Jakarta: Komunitas Bambu.
- Moeliono, Anton M. dkk. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia. Edisi ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Mulyana, 2007. *Morfologi Bahasa Jawa: Bentuk dan Struktur Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

- Mulyani. 2008. *Fonologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Nurlina, Wiwin Erni Siti, dkk. 2004. *Pembentukan Kata dan Pemilihan Kata dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal Edisi Kedua*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Poerwadarminta, W.J.S.1939. *Baoesastraa Djawa*. Batavia: Groningen.
- Quinn, George. 1992. *Novel Berbahasa Jawa*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Ramlan, M. 1997. *Ilmu Bahasa Indonesia: Morfologi Suatu Tinjauan Deskriptif*. Cetakan Kedua. Yogyakarta: CV Karyono.
- Samsuri. 1989. *Analisis Bahasa*. Jakarta: Penerbit Erlangga.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 1989. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian untuk Pengajaran Bahasa Asing: Pendekatan Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta; Graha Ilmu.
- Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Subalidinata. 1994. *Kawruh Kasusastran Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara.
- Sudaryanto, dkk. 1982. *Dhasar-dhasar Ilmu Sastra*. Surakarta: Widya Duta.
- _____. 1988. *Metode Linguistik: Bagian Pertama ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Sudaryanto. 1992. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suwandi, Sarwiji. 2008. *Semantik Pengantar Kajian Makna*. Yogyakarta: Media Perkasa.
- Suwondo, Tirto saha Herry Mardianto. 2001. *Sastra Jawa Balai Pustaka 1917-1942*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.

- Verhaar, J.W.M. 1981. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 2008. *Asas-asas Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
173	Nayakaning praja Tuwan Colbert kadangu dening Sang Prabu Lodewijk ingkang kaping XIV,... (KND, k. 42)	Ar	A	<i>Nayaka</i> (Mardiwarsito, 1981: 366) tegesipun pemimpin. <i>Najaka</i> (Poerwadarminta, 1939: 335) tegesipun panuduh, panuntun, pangarep. <i>Nayakaning</i> tegesipun tiyang ingkang dados nayaka/ pemimpin.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>nayakaning</i> saking tembung lingga <i>nayaka</i> angsal pangiket {-ing}. • Tembung <i>nayakaning</i> ngandharaken araning tiyang ingkang dados pamimpin.

Tabel Salajengipun

174	“Kasantosaning praja punika boten saking jembaring wewengkon, nanging gumantung wonten ing kapinteran saha kakendelipun para kawula .” (KND, k. 42)	Kr	A	<p><i>Gantung</i> (Mardiwarsito, 1981: 184) tegesipun gandhul.</p> <p><i>Gantoeng</i> (Poerwadarminta, 1939: 131) tegesipun gandhul.</p> <p><i>Gumantung</i> tegesipun dipungadhul.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>gumantung</i> saking tembung lingga <i>gantung</i> angsal seselan {-um}. • Wujud tembung {L-um-} minangka titikaning tembung kriya.
175	“Kasantosaning praja punika boten saking jembaring wewengkon, nanging gumantung wonten ing kapinteran saha kakendelipun para kawula .” (KND, k. 42)	Ar	L	<p><i>Kawula</i> (Mardiwarsito, 1981: 275) tegesipun kula, abdi.</p> <p><i>Kawula</i> (Poerwadarminta, 1939: 195) tegesipun batur, abdi.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kawula</i> minangka tembung aran saking tiyang ingkang dados abdi. • Tembung <i>kawula</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
176	“Pagawean abot kang katindakake kanthi bingaring ati, iku agawe warasing awak,... (KND, k. 42)	Kh	L	<p><i>Bingar</i> (Mardiwarsito, 1981: 115) tegesipun bingah.</p> <p><i>Bingar</i> (Poerwadarminta, 1939: 45) tegesipun katinggal padhang polatanipun, bingah.</p> <p><i>Bingaring</i> tegesipun bingahing manah.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>bingaring</i> saking tembung lingga <i>bingar</i> angsal pangiket {-ing}. • Tembung <i>bingaring</i> ngandharaken kahanan ingkang bingah.
177	Awakmu dhewe tulunganana, amesthi Gusti Allah amitulungi ing kowe.” (KND, k. 42)	Ar	A	<p><i>Awak</i> (Mardiwarsito, 1981: 98) tegesipun badan, raga.</p> <p><i>Awak</i> (Poerwadarminta, 1939: 22) tegesipun badan, slira.</p> <p><i>Awakmu</i> tegesipun badan/sliranipun tiyang ingkang dipuntehaken.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>awakmu</i> saking tembung lingga <i>awak</i> angsal seulih purusa/enklitik {-mu}. • Tembung ingkang dipunraketi dening enklitik {-mu} nedahaken tembung aran.
178	..., wekasan lawanipun namung saged mastani: inggih leres, nanging boten kelimrah ing tiyang. (KND, k. 43)	Ar	A	<p><i>Lawan</i> (Mardiwarsito, 1981: 312) tegesipun mungsuh.</p> <p><i>Lawan</i> (Poerwadarminta, 1939: 263) tegesipun mungsuh,</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>lawanipun</i> saking tembung lingga <i>lawan</i> angsal panambang {-ipun}. • Wujud tembung {L/-ipun} minangka

Tabel Salajengipun

				tandhing. <i>Lawanipun</i> tegesipun mungsuhipun tiyang ingkang dipuntedahaken.	titikaning tembung aran.
179	Sukunipun redi Merapi ingkang sisih kidul wetan, toyanipun gumpang,... (KND, k. 44)	Ar	A	<i>Toya</i> (Mardiwarsito, 1981: 609) tegesipun banyu. <i>Toja</i> (Poerwadarminta, 1939: 618) tegesipun banyu. <i>Toyanipun</i> tegesipun banyu ingkang dipuntedahaken.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>toyanipun</i> saking tembung lingga <i>toya</i> angsal panambang {-ipun}. • Wujud tembung {L/-ipun} minangka titikaning tembung aran.
180	..., toyanipun gumpang, tulus ingkang sarwa tinanem. (KND, k. 44)	Kh	L	<i>Tulus</i> (Mardiwarsito, 1981: 617) tegesipun lestari. <i>Toeloes</i> (Poerwadarminta, 1939: 612) tegesipun lestari slamet.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tulus</i> ngandharaken kahananing taneman ingkang lestari. • Tembung <i>tulus</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
181	Pasiten wau kathah ingkang dados kabudidayan, katanem rosan, tom , pantun. (KND, k. 44)	Ar	L	<i>Tom</i> (Mardiwarsito, 1981: 607) tegesipun tarum, ronipun dipunginakaken kange werni biru. <i>Tom</i> (Poerwadarminta, 1939: 618) tegesipun araning taneman ron ingkang dipundamel nila.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tom</i> minangka tembung aran saking taneman ingkang dipunginakaken kange werni biru/nila. • Tembung <i>tom</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
182	Ing wanci tengange , sabibaring adus, lare kali abebarakken nama Dalil kaliyan Jayus,... (KND, k. 44)	Kt	L	<i>Tengange</i> (Mardiwarsito, 1981: 598) tegesipun tengah dinten. <i>Tengange</i> (Poerwadarminta, 1939: 602) tegesipun wayah tengah-tengah siang udakawis tabuh 11-12.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tengange</i> ngandharaken tembung katrangan wekdal. • Tembung <i>tengange</i> kadhapuk saking tembung lingga <i>tengang</i> angsal enklitik {-e}.

Tabel Salajengipun

183	“E, oleh ta wis, wong aku didhawuhi Ndara Onder, dikon ngajak kanca.” (KND, k. 44-45)	Kr	A	<p><i>Ajak</i> (Mardiwarsito, 1981: 16) tegesipun ajak <i>Adjak</i> (Poerwadarminta, 1939: 3) tegesipun aken melu nindakaken. <i>Ngajak</i> tegesipun ngaken ndherek nindakaken.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>ngajak</i> saking tembung lingga <i>ajak</i> angsal ater-ater anuswara {N-(ng-)}. • Wujud tembung {N-L} minangka titikaning tembung kriya. • Ater-ater {N-} mujudaken teges nindakaken padamelan kados dene lingganipun.
184	“Embuhs, ta. Nanging kok isih cundhuk jungkat bae, tekane saka Sala durung selapan dina .” (KND, k. 45)	Ar	L	<p><i>Dina</i> (Mardiwarsito, 1981: 155) tegesipun dinten. <i>Dina</i> (Poerwadarminta, 1939: 69) tegesipun dinten, dangunipun wekdal.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>dina</i> ngandharaken araning dangunipun wekdal. • Tembung <i>dina</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
185	Anggenipun mungel makaten punika kaliyan gumujeng , Jayus inggih tumut kekelen. (KND, k. 45)	Kr	A	<p><i>Gujeng</i> (Mardiwarsito, 1981: 197) tegesipun guyu. <i>Goedjeng</i> (Poerwadarminta, 1939: 153) tegesipun guyu. <i>Gumujeng</i> tegesipun gumuyu.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>gumujeng</i> saking tembung lingga <i>gujeng</i> angsal seselan {-um-}. • Wujud tembung {L-um-} minangka titikaning tembung kriya.
186	Layak tandurane tebu padha rusak. (KND, k. 45)	Ar	L	<p><i>Tandur</i> (Mardiwarsito, 1981: 581) tegesipun tanem. <i>Tandoer</i> (Poerwadarminta, 1939: 589) tegesipun tanem. <i>Tandurane</i> tegesipun taneman ingkang dipunsebutaken.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tandurane</i> saking tembung lingga <i>tandur</i> angsal panambang {-an} lan tembung sesulih purusa/ <i>enklitik</i> {-e}. • Panganggenipun sesulih purusa {-e} kaliyan tembung aran minangka titikaning tembung aran.
187	Layak tandurane tebu padha rusak . (KND, k. 45)	Kh	L	<p><i>Rusak</i> (Mardiwarsito, 1981: 483) tegesipun risak. <i>Roesak</i> (Poerwadarminta, 1939: 534) tegesipun risak.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • tembung <i>rusak</i> ngandharaken kahananing samubarang ingkang sampun boten tumata kados saderengipun. • Tembung <i>rusak</i> wujudipun tembung

Tabel Salajengipun

					lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
188	Takarani dipangani luwak , jebulane setan-setan padha tlusupan mlebu patebon. (KND, k. 45)	Ar	L	<p><i>Luwak</i> (Mardiwarsito, 1981: 327) tegesipun kewan luwak, musang.</p> <p><i>Loewak</i> (Poerwadarminta, 1939: 280) tegesipun araning kewan sabangsa kucing biasanipun mangan ayam, kopi, lan sapanunggalanipun.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>luwak</i> minangka araning salah satunggaling kewan ingkang sabangsa kucing ingkang mangan taneman. • Tembung <i>luwak</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
189	Kowe nyolong mesthi takukum. (KND, k. 46)	Kr	A	<p><i>Colong</i> (Mardiwarsito, 1981: 141) tegesipun njupuk tanpa nembung.</p> <p><i>Tjolong</i> (Poerwadarminta, 1939: 645) tegesipun ngalap tanpa nembung.</p> <p><i>Nyolong</i> tegesipun nindakaken ngalap/mendhet tanpa idin.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>nyolong</i> saking tembung lingga <i>colong</i> angsal ater-ater anuswara {N-(ny-)}. • Wujud tembung {N-/L} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun ater-ater {N-} mujudaken teges nindakaken padamelan kados dene tembung lingganipun.
190	Lare kalih sami tumungkul , isin dipuntingali lare kathah. (KND, k. 46)	Kr	A	<p><i>Tungkul</i> (Mardiwarsito, 1981: 621) tegesipun ndhekukul.</p> <p><i>Toengkoel</i> (Poerwadarminta, 1939: 615) tegesipun boten ndangak, ndhekukul.</p> <p><i>Tumungkul</i> tegesipun nindakaken polah ndhekukul.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tumungkul</i> saking tembung lingga <i>tungkul</i> angsal seselan {-um-}. • Wujud tembung {L/-um-} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun seselan {-um} kaliyan tembung kriya mujudaken teges nindakaken padamelan kados dene tembung lingganipun.
191	..., amargi ketaman soroting srengenge tiripun saya ajer . (KND, k. 46)	Kh	L	<p><i>Ajer</i> (Mardiwarsito, 1981: 18) tegesipun cuwer.</p> <p><i>Adjer</i> (Poerwadarminta, 1939:</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>ajer</i> ngandharaken sipating barang ingkang cuwer. • Tembung <i>ajer</i> wujudipun tembung

Tabel Salajengipun

				3) tegesipun luluh sarta dadi cuwer.	lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
192	Dalil saha Jayus nangis asenggruk-senggruk, luhipun dleweran, sareng dipunusapi mawi tangan,... (KND, k. 46)	Kr	A	<i>Usap</i> (Mardiwarsito, 1981: 646) tegesipun dipunelap. <i>Oesap</i> (Poerwadarminta, 1939: 446) tegesipun elap, dipunresiki. <i>Dipunusapi</i> tegesipun dipunelapi.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>dipunusapi</i> saking tembung lingga <i>usap</i> angsal ater-ater {dipun-} lan panambang {-i}. • Wujuding tembung {dipun-/L/-i} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun <i>konfiks</i> {di-/i} kaliyan tembung kriya mujudaken teges nindakaken padamelan kados dene lingganipun.
193	Dhatengipun Dalil njungkel ing patileman, kaliyan nangis ingkang sanget, amargi boten betah ngraosaken bentering rainipun. (KND, k. 46)	Kh	L	<i>Betah</i> (Mardiwarsito, 1981: 114) tegesipun tahan. <i>Betah</i> (Poerwadarminta, 1939: 43) tegesipun krasan, jenak.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>betah</i> ngandharaken kahanan ingkang krasan. • Tembung <i>betah</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
194	“Nyatane kowe kena panggrayangan.” (KND, k. 47)	Kr	L	<i>Kena</i> (Mardiwarsito, 1981: 279) tegesipun angsal. <i>Kena</i> (Poerwadarminta, 1939: 208) tegesipun ketaman ing.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kena</i> ngandharaken padamelan ingkang dipuntindakaken dening tiyang sanes. • Tembung <i>kena</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
195	Nitik patitising pandumuk, punapadene sumerepipun ing panganggit dhateng gelitaning prakawis,... (KND, k. 47)	Kr	A	<i>Titik</i> (Mardiwarsito, 1981: 606) tegesipun tandha. <i>Titik</i> (Poerwadarminta, 1939: 608) tegesipun tandha ingkang mratelakaken, tetenger, ciri. <i>Nitik</i> tegesipun nindakaken nyukani tandha.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>nitik</i> aking tembung lingga <i>titik</i> angsal ater-ater anuswara {N-}. • Wujud tembung {N-/L} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun ater-ater {N-} kaliyan tembung aran mujudaken nindakaken padamelan kados dene

Tabel Salajengipun

					lingganipun.
196	Mangka piwulang Jawi, menawi nglampahi ayahaning ratu punika boten badhe ajrih rekaos, sampun malih sakit, dumugining pejah dipunantepi. (KND, k 50)	Pr	L	<i>Mangka</i> (Mardiwarsito, 1981: 343) tegesipun mangka, ingkang dipunanggep dados. <i>Mangka</i> (Poerwadarminta, 1939: 293) tegesipun tetembungan pangiket ngandharaken surasanipun kosok balen.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>mangka</i> minangka partikel ingkang ngiket ukara satunggal kaliyan ukara sanesipun. • Tembung <i>mangka</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
197	Mangka piwulang Jawi, menawi nglampahi ayahaning ratu punika boten badhe ajrih rekaos, sampun malih sakit, dumugining pejah dipunantepi. (KND, k. 50)	Ar	L	<i>Ratu</i> (Mardiwarsito, 1981: 468) tegesipun raja. <i>Ratoe</i> (Poerwadarminta, 1939: 522) tegesipun raja.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>ratu</i> ngandharaken aranipun tiyang ingkang dados pemimpin/ raja. • Tembung <i>ratu</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
198	Mangka piwulang Jawi, menawi nglampahi ayahaning ratu punika boten badhe ajrih rekaos, sampun malih sakit , dumugining pejah dipunantepi. (KND, k. 50)	Kh	L	<i>Sakit</i> (Mardiwarsito, 1981: 493) tegesipun lara. <i>Sakit</i> (Poerwadarminta, 1939: 539) tegesipun lara.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>sakit</i> ngandharaken kahananipun badan ingkang lara. • Tembung <i>sakit</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
199	Kados nalika Darba dipunoyak-oyak kapurih rabi ,... (KND, k. 51)	Kr	L	<i>Rabi</i> (Mardiwarsito, 1981: 455) tegesipun krama. <i>Rabi</i> (Poerwadarminta, 1939: 513) tegesipun krama, nindakaken jeodhoan.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>rabi</i> ngandharaken padamelan nindakaken jeodhoan. • Tembung <i>rabi</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
200	..., wekasan telas-telasaning rembag para sepuh anggening damel sabab: nyumelangaken manawi Darba kaselak kenging godha (royal). (KND, k. 52)	Kt	A	<i>Telas</i> (Mardiwarsito, 1981: 595) tegesipun rampung, entek. <i>Telas</i> (Poerwadarminta, 1939: 599) tegesipun entek. <i>Telas-telasaning</i> tegesipun	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>telas-telasaning</i> saking tembung lingga <i>telas</i> dipunrangkep dwilingga wantah angsal panambang {-an} lan tembung pangiket {-ing}. • Tembung <i>telas-telasaning</i>

Tabel Salajengipun

				ingkang dados rampungipun rembag.	ngandharaken katrangan telasaning tembung aran <i>rembag</i> .
201	..., sarana aprasetya temen-temen badhe boten nglampahi tindak ingkang dudu. (KND, k. 52)	Kh	A	<p><i>Temen</i> (Mardiwarsito, 1981: 596) tegesipun tuhu.</p> <p><i>Temen</i> (Poerwadarminta, 1939: 601) tegesipun terusing manah, kalawan mempeng.</p> <p><i>Temen-temen</i> tegesipun mempeng.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>temen-temen</i> saking tembung lingga <i>temen</i> dipunrangkep dwilingga wantah. • Tembung <i>temen-temen</i> ngandharaken watak ingkang tuhu/ mempeng.
202	Nalika punika panuju terang sumilak, angin midid lirih, amewahi segering badan. (KND, k. 53)	Kh	A	<p><i>Seger</i> (Mardiwarsito, 1981: 522) tegesipun sumyah.</p> <p><i>Seger</i> (Poerwadarminta, 1939: 552) tegesipun kraos enak asumyah.</p> <p><i>Segering</i> tegesipun raos enak asumyah ing badan.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>segering</i> saking tembung lingga <i>seger</i> angsal pangiket {-ing}. • Tembung <i>segering</i> ngandharaken kahananing badan ingkang kraos enak asumyah.
203	Darba kendel linggih ing sela ageng celak margi, nyawang redi Merapi kumuluk kukusipun . (KND, k. 53)	Ar	A	<p><i>Kukus</i> (Mardiwarsito, 1981: 294) tegesipun kebul.</p> <p><i>Koekoes</i> (Poerwadarminta, 1939: 233) tegesipun kebul, uwab.</p> <p><i>Kukusipun</i> tegesipun kebul/uwabipun barang ingkang dipunsebutaken (redi Merapi).</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kukusipun</i> saking tembung lingga <i>kukus</i> angsal panambang{-ipun}. • Tembung <i>kukusipun</i> minangka tembung aran <i>kukus</i> ingkang ngandharaken barang ingkang saged dipuntingali dening indra paningal.
204	Manahipun keraos, enget dhateng ingkang nitahaken redi, bumi, surya sapiturutipun,... (KND, k. 53)	Kr	A	<p><i>Titah</i> (Mardiwarsito, 1981: 606) tegesipun tembung aran pepesthen.</p> <p><i>Titah</i> (Poerwadarminta, 1939: 608) tegesipun takdir,</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>nitahaken</i> saking tembung lingga <i>titah</i> angsal ater-ater anuswara {N-} lan panambang {-aken}. • Wujud tembung {N-/L-/aken} minangka titikaning tembung kriya.

Tabel Salajengipun

				pepesthen. <i>Nitahaken</i> nakdiraken.	tegesipun	<ul style="list-style-type: none"> • Konfiks {N-/aken} mujudaken teges nindakaken padamelan kados dene ingkang kasebut ing lingganipun.
205	“Tuwan, sampun dados penggalih, kula boten ngalap epah,... (KND, k. 54)	Kr	A	<i>Alap</i> (Mardiwarsito, 1981: 25) tegesipun pendhet. <i>Alap</i> (Poerwadarminta, 1939: 6) tegesipun pendhet. <i>Ngalap</i> tegesipun mendhet.		<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>ngalap</i> saking tembung lingga <i>alap</i> angsal ater-ater anuswara {N-(ng-)}. • Wujud tembung {N/L} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun ater-ater {N-} ing tembung kriya mujudaken teges nindakaken padamelan kados dene ingkang kasebut ing lingganipun.
206	Sakawit tuwanipun mandheg mangu , nanging dangu-dangu mangertos bilih Darba dede tiyang Jawi sembarangan,... (KND, k. 54)	Kh	L	<i>Mangu</i> (Mardiwarsito, 1981: 344) tegesipun binget. <i>Mangoe</i> (Poerwadarminta, 1939: 294) tegesipun binget pikiranipun.		<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>mangu</i> ngandharaken kahananipun pikiran ingkang binget. • Tembung <i>mangu</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
207	Panemuku , sing aweh pangan aku iki pagawean,... (KND, k. 58)	Ar	A	<i>Temu</i> (Mardiwarsito, 1981: 597) tegesipun panggih. <i>Temoe</i> (Poerwadarminta, 1939: 601) tegesipun panggih. <i>Panemuku</i> tegesipun pamanggihipun tiyang ingkang dipunsebutaken.		<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>panemuku</i> saking tembung lingga <i>temu</i> angsal ater-ater {pa-} lan sesulih purusa {-ku}. • Tembung ingkang dipunraketi sesulih purusa {-ku} minangka titikaning tembung aran. • Panganggenipun ater-ater {pa-} ing tembung kriya mujudaken teges aranipun bab ingkang dipunsebat ing lingganipun.
208	Mangkene bae Darba, bubar giling iki aku ngalih pagawean menyang pabrik wesi LindeTeves ing Semarang. (KND, k. 58)	Kr	A	<i>Alih</i> (Mardiwarsito, 1981: 27) tegesipun pindhah. <i>Alih</i> (Poerwadarminta, 1939:		<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>ngalih</i> saking tembung lingga <i>alih</i> angsal ater-ater anuswara

Tabel Salajengipun

					7) tegesipun pindhah. <i>Ngalih</i> tegesipun nindakaken pakaryan pindhah.	{N-(ng-)} <ul style="list-style-type: none"> • Wujud tembung {N-/L} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun ater-ater {N-} ing tembung kriya mujudaken teges nindakaken padamelan ingkang kasebut ing lingganipun.
209	..., saged ugi rumaos kepedhotan tresna utawi putung manahipun. (KND, k. 60)	Kh	L		<i>Putung</i> (Mardiwarsito, 1981: 452) tegesipun tugel. <i>Poetoeng</i> (Poerwadarminta, 1939: 505) tegesipun tugel.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>putung</i> ngandharaken kahananipun manah ingkang sakit. • Tembung <i>putung</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
210	..., ingkang kula engeti namung kudangan panjenengan. (KND, k. 63)	Ar	A		<i>Kudang</i> (Mardiwarsito, 1981: 293) tegesipun puji, alem. <i>Koedang</i> (Poerwadarminta, 1939: 232) tegesipun gadhang, alem. <i>Kudangan</i> tegesipun tetembungan (pangalem) ingkang dipunginakaken kange ngudang.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kudangan</i> saking tembung lingga <i>kudang</i> angsal panambang {-an}. • Wujud tembung {L-an} minangka titikaning tembung aran. • Tembung <i>kudangan</i> dipunsarengi tembung sesulih purusa <i>panjenengan</i>, menika minangka titikaning tembung aran.
211	Wis Darba tutugna kandhamu. (KND, k. 64)	Kr	A		<i>Tutug</i> (Mardiwarsito, 1981: 624) tegesipun rampung. <i>Toetoeg</i> (Poerwadarminta, 1939: 616) tegesipun rampung. <i>Tutugna</i> tegesipun pakon supados ngrampungaken.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tutugna</i> saking tembung lingga <i>tutug</i> angsal panambang {-na}. • Wujud tembung {L-na} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun panambang {-na} ing tembung <i>tutug</i> mujudaken dhawuh supados nindakaken ngrampungaken.
212	Lah wong sing sugih-sugih ing Kauman lan	Kh	A		<i>Sugih</i> (Mardiwarsito, 1981:	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>sugih-sugih</i> saking tembung

Tabel Salajengipun

	ing Lawiyan kuwi padha ngaya-aya tuku kapriyayen,... (KND, k. 65)			542) tegesipun kadunungan menapa-menapa ingkang kathah (bandha, kalenggahan, lsp). <i>Soegih</i> (Poerwadarminta, 1939: 570) tegesipun gadhah bandha kathah. <i>Sugih-sugih</i> tegesipun tiyang-tiyang ingkang kaananipun sami sugih.	lingga <i>sugih</i> dipunrangkep dwilingga wantah. • Tembung <i>sugih-sugih</i> ngandharaken kahanan tiyang ingkang sami sugih.
213	“Iya, pancen jamane kudu salin . (KND, k. 66)	Kr	L	<i>Salin</i> (Mardiwarsito, 1981: 494) tegesipun gantos. <i>Salin</i> (Poerwadarminta, 1939: 540) tegesipun malih, gantos kahanan.	• Tembung <i>salin</i> ngandharaken pakaryan gantosing jaman. • Tembung <i>salin</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
214	..., mila ulatipun Mbok Nayapada lajeng radi padhang . (KND, k. 67)	Kh	L	<i>Padang</i> (Mardiwarsito, 1981: 387) tegesipun terang, cetha. <i>Padang</i> (Poerwadarminta, 1939: 456) tegesipun boten peteng, terang.	• Tembung <i>padhang</i> dipunrumiyini tembung katrangan <i>radi</i> , menika minangka titikaning tembung watak. • Tembung <i>padhang</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
215	Mbok Nayapada meksa boten saged ketingal bingar ,... (KND, k. 68)	Kh	L	<i>Bingar</i> (Mardiwarsito, 1981: 115) tegesipun bungah. <i>Bingar</i> (Poerwadarminta, 1939: 45) tegesipun katingal padhang polatanipun (bungah).	• Tembung <i>bingar</i> ngandharaken kahananipun paraga ingkang bungah. • Tembung <i>bingar</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
216	..., mbokmanawi nggagas anggenipun badhe pisah tebih kaliyan anak,... (KND, k. 68)	Kr	L	<i>Pisah</i> (Mardiwarsito, 1981: 426) tegesipun boten kumpul. <i>Pisah</i> (Poerwadarminta, 1939: 493) tegesipun boten kumpul.	• Tembung <i>pisah</i> kalebet tembung kriya amargi dipunrumiyini tembung katrangan (badhe) ingkang ngandharaken katranganing pakaryan

Tabel Salajengipun

					ingkang badhe dipuntindakaken.
217	..., sarta dipunlelipur mawi tembung ingkang ngagengaken manah. (KND, k. 69)	Kr	A	<i>Lipur</i> (Mardiwarsito, 1981: 322) tegesipun lerem. <i>Lipoer</i> (Poerwadarminta, 1939: 279) tegesipun lejar, lerem. <i>Dipunlelipur</i> tegesipun dipundamel supados lerem.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>pisah</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan. • Tembung <i>dipunlelipur</i> saking tembung lingga <i>lipur</i> dipunrangkep dwipurwa angsal ater-ater tripurusa {dipun-}. • Tembung <i>dipunlelipur</i> ngandharaken pakaryan ingkang dipuntindakaken dening sesulih madya purusa.
218	..., punika ingkang kenging dados warga namung para abdidalem. (KND, k. 71-72)	Ar	L	<i>Warga</i> (Mardiwarsito, 1981: 664) tegesipun golongan, kelompok. <i>Warga</i> (Poerwadarminta, 1939: 656) tegesipun gegolongan, jinis.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>warga</i> ngandharaken tembung aran awujud tiyang ingkang nunggil ing satunggal jinis/ golongan/ kelompok. • Tembung <i>warga</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
219	..., malem midadareni mawi klenengan terkadang tayuban,... (KND, k. 73)	Kt		<i>Malem</i> (Mardiwarsito, 1981: 337) tegesipun wekdal dalu. <i>Malem</i> (Poerwadarminta, 1939: 288) tegesipun dalu ngajengaken dinten cindhakipun.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>malem</i> ngandharaken katrangan wekdal. • Tembung <i>malem</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
220	..., tamtu kemawon dipuntampeni kalayan genging pamundhi saha kaanggep sih nugraha jati. (KND, k. 74)	Ar	L	<i>Sih</i> (Mardiwarsito, 1981: 528) tegesipun tresna, katresnan, welas. <i>Sih</i> (Poerwadarminta, 1939: 562) tegesipun tresna, katresnan, kawelasan.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>sih</i> ngandharaken araning raos tresna welas asih. • Tembung <i>sih</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.

Tabel Salajengipun

221	..., tamtu kemawon dipuntampeni kalayan genging pamundhi saha kaanggep sih nugraha jati. (KND, k. 74)	Ar	L	<p><i>Nugraha</i> (Mardiwarsito, 1981: 377) tegesipun ganjaran, peparing.</p> <p><i>Noegraha</i> (Poerwadarminta, 1939: 347) tegesipun ganjaran, peparing.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>nugraha</i> ngandharaken araning peparingan/ ganjaran. • Tembung <i>nugraha</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
222	..., supados para abdidalem punika ageng alit saged raket-rumaket sih-sinihan,... (KND, k. 74)	Kr	A	<p><i>Raket</i> (Mardiwarsito, 1981: 459) tegesipun celak.</p> <p><i>Raket</i> (Poerwadarminta, 1939: 517) tegesipun celak sanget, mepet sanget.</p> <p><i>Raket-rumaket</i> tegesipun sami celak sanget.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>raket-rumaket</i> saking tembung lingga <i>raket</i> dipunrangkep dwilingga bawa ma tundha. Tembung <i>raket-rumaket</i> ngandharaken pakaryan tiyang ingkang tansah cinaketan.
223	Guyub sayuk saeka kapti, darapon saged netepi kadi dene pralambanging sapu sada ingkang ingesuhan,... (KND, k. 74)	WI	A	<p><i>Eka</i> (Mardiwarsito, 1981: 175) tegesipun satunggal, sarujuk.</p> <p><i>Eka</i> (Poerwadarminta, 1939: 112) tegesipun satunggal, ijening cacah.</p> <p><i>Saeka</i> tegesipun satunggal iji.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>saeka</i> ngandharaken manunggaling gagasan. • Tembung <i>saeka</i> kalebet ing jinis wilangan babon kumpulan • Ater-ater {sa-} gandheng kaliyan tembung wilangan mujudaken teges wilanganipun barang.
224	Guyub sayuk saeka kapti, darapon saged netepi kadi dene pralambanging sapu sada ingkang ingesuhan,... (KND, k. 74)	Kt	L	<p><i>Kadi</i> (Mardiwarsito, 1981: 259) tegesipun kados.</p> <p><i>Kadi</i> (Poerwadarminta, 1939: 178) tegesipun kados, kaya.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kadi</i> ngandharaken katrangan kanthi nyamikaken barang ingkang dipunsebutaken. • Tembung <i>kadi</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
225	..., saestu kemawon dahat anggenipun sami ngluhuraken tumerahing dhawuh wau. (KND, k. 74)	Kt	L	<p><i>Dahat</i> (Mardiwarsito, 1981: 146) tegesipun sanget.</p> <p><i>Dahat</i> (Poerwadarminta, 1939: 63) tegesipun sanget.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>dahat</i> kalebet ing tembung katrangan amargi tembung <i>dahat</i> ngandharaken katrangan ingkang nyengetaken tumrap barang ingkang

Tabel Salajengipun

					dipunsebutaken.
226	..., ananging ingkang tepang wates kaliyan Kamantren Sawit,... (KND, k. 75)	Ar	L	<p><i>Wates</i> (Mardiwarsito, 1981: 668) tegesipun ingkang dados pungkasanipun (let-let, antawis)..</p> <p><i>Wates</i> (Poerwadarminta, 1939: 658) tegesipun kikis, ingkang dados pungkasanipun (let-let, antawis).</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>dahat</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan. • Tembung <i>wates</i> kalebet tembung aran amargi ngandharaken araning barang ingkang dados pungkasanipun let-let. • Tembung <i>wates</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
227	..., miwah pamurih kula dhateng para bekel dhusun, sampun ketungkul anggenipun mangun kabregasan,... (KND, k. 76)	Kr	A	<p><i>Tungkul</i> (Mardiwarsito, 1981: 621) tegesipun ndhekukul, boten ndangak, limpe.</p> <p><i>Toengkoel</i> (Poerwadarminta, 1939: 615) tegesipun ndhekukul, limpe, samur, tansah nindakaken kanthi kirang weweka.</p> <p><i>Ketungkul</i> tegesipun kenging lena/ limpe.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>ketungkul</i> saking tembung lingga <i>tungkul</i> angsal ater-ater {ke-}. • Wujud tembung {ke-/L} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun ater-ater {ke-} kaliyan tembung kriya <i>tungkul</i> mujudaken teges ngalami bab ingkang kasebut ing lingganipun.
228	..., murih sagesta mindhak aji saha antuka argi pantes. (KND, k. 76)	Kr	A	<p><i>Antuk</i> (Mardiwarsito, 1981: 50) tegesipun oleh.</p> <p><i>Antoek</i> (Poerwadarminta, 1939: 13) tegesipun entuk, oleh.</p> <p><i>Antuka</i> tegesipun menawi angsal.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>antuka</i> saking tembung lingga <i>antuk</i> angsal panambang {-a}. • Wujud tembung {L/-a} minangka titikaning tembung kriya. • Panganggenipun panambang {-a} ing tembung kriya <i>antuk</i> mujudaken teges pangajeng-ajeng dhateng bab ingkang kasebut ing lingganipun.

Tabel Salajengipun

229	..., lan inggih boten tega nilar panggenan wutah rahipun,... (KND, k. 78)	Kt	A	<p><i>Wutah</i> (Mardiwarsito, 1981: 702) tegesipun medal saking wadhapun.</p> <p><i>Woetah</i> (Poerwadarminta, 1939: 668) tegesipun mawut saking wadhanipun, mili anjog ing.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>wutah</i> ngandharaken kaanan ingkang boten sangaja dipuntindakaken. • Tembung <i>wutah</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
230	..., tandhanipun sadaya tiyang ingkang dipun pindhah dhumateng Sumatra miwah dhumateng tanah Suriname,... (KND, k. 78)	Ar	L	<p><i>Tanah</i> (Mardiwarsito, 1981: 581) tegesipun palemahan.</p> <p><i>Tanah</i> (Poerwadarminta, 1939: 589) tegesipun palemahan, tlatah, laladan.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tanah</i> kalebet ing tembung aran amargi ngandharaken araning laladan utawi palemahan ing papan ingkang dipunsebutaken. • Tembung <i>tanah</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
231	..., awit ana nagarane kana kabeh padha kekurangan, lan ora bisa bisa golek kauntungan. (KND, k. 78)	WI	L	<p><i>Kabeh</i> (Mardiwarsito, 1981: 258) tegesipun sadaya.</p> <p><i>Kabeh</i> (Poerwadarminta, 1939: 177) tegesipun sadaya, boten wonten ingkang boten katut.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kabeh</i> kalebet ing tembung wilangan sadhengah amargi ngandharaken wilanganing barang ingkang dereng cetha/ terang. • Tembung <i>kabeh</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
232	..., awit ana nagarane kana kabeh padha kekurangan, lan ora bisa bisa golek kauntungan. (KND, k. 78)	Pr	L	<p><i>Kana</i> (Mardiwarsito, 1981: 265) tegesipun ing mrika (tebih).</p> <p><i>Kana</i> (Poerwadarminta, 1939: 184) tegesipun ngrika, panuduh papan ingkang tebih.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kana</i> kalebet ing <i>partikel</i> panuduh amargi nedahaken papan panggenan ingkang dipunsebutaken. • Tembung <i>kana</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
233	Kang mesthi mangkono, manawa oraa teka kelakon atinggal nagarane. (KND, k. 78)	Pr	L	<p><i>Manawa</i> (Mardiwarsito, 1981: 338) tegesipun yen.</p> <p><i>Manawa</i> (Poerwadarminta,</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>manawa</i> kalabet tembung pangandheng ingkang ngandharaken janggelaning tindak/sarat.

Tabel Salajengipun

				1939: 289) tegesipun yen, mungguh ing.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>manawa</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
234	..., gek kapriye nggonku bisa oleh pangan lan kabegjan. (KND, k. 78)	Ar	L	<p><i>Pangan</i> (Mardiwarsito, 1981: 397) tegesipun dhaharan.</p> <p><i>Pangan</i> (Poerwadarminta, 1939: 467) tegesipun rejeki (sekul lelewuhan).</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>pangan</i> kalebet ing tembung aran amargi ngandharaken araning barang ingkang dipunginakaken sarana gesang inggih menika dhaharan. • Tembung <i>pangan</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
235	Barang bangsane beling: cangkir, piring , sapanunggilanipun. (KND, k. 79)	Ar	L	<p><i>Piring</i> (Mardiwarsito, 1981: 426) tegesipun wadhah sekul.</p> <p><i>Piring</i> (Poerwadarminta, 1939: 493) tegesipun cawan ageng dipundamel wadhah sekul.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>piring</i> kalebet ing tembung aran amargi ngandharaken araning barang ingkang dipunginakaken kangge wadhah sekul. • Tembung <i>piring</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
236	Tiyang siti kedah dipunajar nenun sawarnining sinjang, kados ta: mori, sembagi, sutra, bludru. (KND, k. 79)	Kr	A	<p><i>Tenun</i> (Mardiwarsito, 1981: 597) tegesipun anaman.</p> <p><i>Tenoen</i> (Poerwadarminta, 1939: 602) tegesipun anaman.</p> <p><i>Nenun</i> tegesipun nindakaken pakaryan damel anaman.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>nenun</i> saking tembung lingga <i>tenun</i> angsal ater-ater anuswara {N-}. • Wujud tembung {N/L} minangka titikaning tembung kriya. • Ater-ater {N-} rinaket kaliyan tembung aran, mujudaken teges ndamel barang ingkang dipunsebutaken ing tembung aran.
237	..., namanipun Bintang Hindia, punika rinengga gambar sae sanget. (KND, k. 82)	Kr	A	<i>Rengga</i> (Mardiwarsito, 1981: 472) tegesipun pajangan, pacakan.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>rinengga</i> saking tembung lingga <i>rengga</i> angsal seselan {-in-}.

Tabel Salajengipun

					<p><i>Rengga</i> (Poerwadarminta, 1939: 528) tegesipun pajangan, pacakan. <i>Rinengga</i> tegesipun dipunpajang/ dipunpacak.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud tembung {L/-in-} minangka titikaning tembung kriya. • Seselan {-in-} mujudaken teges padamelan
238	..., nggelaraken pamanggih: saupami para priyantun sasaminipun purun urunan sakedhik-kedhikipun satangkul sawulan,... (KND, k. 83)	Kr	A		<p><i>Gelar</i> (Mardiwarsito, 1981: 189) tegesipun jembreng. <i>Gelar</i> (Poerwadarminta, 1939: 140) tegesipun jereng, jembreng. <i>Nggelaraken</i> tegesipun njembrengaken barang ingkang dipunsebutaken.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>nggelaraken</i> saking tembung lingga <i>gelar</i> angsal ater-ater anuswara {N-} lan panambang {-aken}. • Wujud tembung {N-/L/-aken} minangka titikaning tembung kriya. • <i>Konfiks</i> {N/-aken} rinaket kaliyan tembung kriya <i>gelar</i>, mujudaken teges nindakaken pdamelan kados ing lingganipun.
239	..., ingkang kathah tiyang Jawi dereng jembar seserepanipun, bebasan kados kodhok kinureban bathok,... (KND, k. 83)	Kr	A		<p><i>Kureb</i> (Mardiwarsito, 1981: 299) tegesipun lumah. <i>Koereb</i> (Poerwadarminta, 1939: 239) tegesipun lumah. <i>Kinureban</i> tegesipun kelumahan.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kinureban</i> saking tembung lingga <i>kureb</i> angsal seselan {-in-} lan panambang {-an}. • Wujud tembung {L/-in/-an} minangka titikaning tembung kriya. • <i>Simulfiks</i> {-in/-an} mujudaken teges kenging padamelan kados dene ingkang kasebut ing tembung lingganipun.
240	Dangu-dangu para sepuh tumut-tumut, kelampahan kala tanggal kaping 5 Oktober 1908... (KND, k. 84)	Ar	L		<p><i>Tanggal</i> (Mardiwarsito, 1981: 583) tegesipun rembulan/wekdal miturut petangan rembulan. <i>Tanggal</i> (Poerwadarminta, 1939: 591) tegesipun petangan</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tanggal</i> ngandharaken araning wekdal. • Tembung <i>tanggal</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.

Tabel Salajengipun

				dinten miturut medaling rembulan.	
241	Nek wong kene bisa cara Landa rak ora gelem dadi tukang pit, mesthine dadi priyayi. (KND, k. 87)	Kr	L	<i>Gelem</i> (Mardiwarsito, 1981: 189) tegesipun kersa. <i>Gelem</i> (Poerwadarminta, 1939: 140) tegesipun purun, kersa.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>gelem</i> kalebet tembung kriya amargi ngandharaken pakaryaning manah ingkang kersa. • Tembung <i>gelem</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
242	“Iya, nek nyata, tinimbang aku tuku enggone Babah Tan Hong Kwan,... (KND, k. 87)	Kr	L	<i>Tuku</i> (Mardiwarsito, 1981: 616) tegesipun tumbas. <i>Toekoe</i> (Poerwadarminta, 1939: 611) tegesipun tumbas, mundhut barangipun tiyang sanes dipunliru arta.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>tuku</i> kalebet ing tembung kriya amargi ngandharaken pakaryan tumbas barang. • Tembung <i>tuku</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
243	Kejawi punika mawi wewarah sakedhik, paedahipun tiyang sayuk arukun. (KND, k. 93)	Ar	A	<i>Warah</i> (Mardiwarsito, 1981: 661) tegesipun (tembung aran) nasihat. <i>Warah</i> (Poerwadarminta, 1939: 656) tegesipun pitutur, pitedah, wewarah. <i>Wewarah</i> tegesipun pitutur/pitedah.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>wewarah</i> saking tembung lingga <i>warah</i> dipunrangkep dwipurwa. • Dwipurwa rinaket kaliyan tembuung <i>wewarah</i> mujudaken teges aranipun pitutur.
244	Wangsuling artanipun priyantun dhateng tiyang alit punika namung kangge tumbas sekul tumpang, jangan ceme, saha uleg-uleg layah,... (KND, k. 95)	Ar	L	<i>Sekul</i> (Mardiwarsito, 1981: 523) tegesipun sega. <i>Sekoel</i> (Poerwadarminta, 1939: 553) tegesipun sega.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>sekul</i> kalabet ing tembung aran amargi ngandharaken araning barang dhaharan inggih menika sega. • Tembung <i>sekul</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
245	..., minangka panumbasing gangsingan bumbung utawi minangka epahan	Kr	A	<i>Resik</i> (Mardiwarsito, 1981: 473) tegesipun boten reged.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>ngresiki</i> saking tembung lingga <i>resik</i> angsal ater-ater anuswara

Tabel Salajengipun

	anggenipun ngresiki pitipun,... (KND, k. 96)				<i>Resik</i> (Poerwadarminta, 1939: 528) tegesipun boten reged. <i>Ngresiki</i> tegesipun mbucal regedan.	<ul style="list-style-type: none"> {N-(ng-)} lan panambang {-i}. Wujud tembung {N-/L/-i} minangka titikaning tembung kriya. Panganggenipun <i>konfiks</i> {N/-i} ing tembung watak <i>resik</i>, mujudaken teges nindakaken padamelan kados dene lingganipun kanthi ambalan.
246	Bab punika dipununingani dhateng Kangjeng Gupernemen,... (KND, k. 96)	Kr	A		<i>Uninga</i> (Mardiwarsito, 1981: 639) tegesipun supados dipunpirengaken. <i>Oeninga</i> (Poerwadarminta, 1939: 441) tegesipun weruh, sumerep. <i>Dipununingani</i> tegesipun dipunweruhi.	<ul style="list-style-type: none"> Tembung <i>dipununingani</i> saking tembung lingga <i>uninga</i> angsal ater-ater tripurusa {dipun-} lan panambang {-i}. Wujud tembung {dipun-/L/-i} minangka titikaning tembung kriya. Panganggenipun <i>konfiks</i> {di/-i} ing tembung kriya <i>weruh</i>, mujudaken teges dipunkengi padamelan kados dene tembung lingganipun.
247	..., lajeng sami kepengin manggihi, nanging kepalang Darba saweg ingandikan dhateng para ageng,... (KND, k. 97)	Kr	A		<i>Palang</i> (Mardiwarsito, 1981: 390) tegesipun alangan. <i>Palang</i> (Poerwadarminta, 1939: 459) tegesipun alangan, reribet. <i>Kepalang</i> tegesipun kenging alangan/ reribet.	<ul style="list-style-type: none"> Tembung <i>kepalang</i> saking tembung lingga <i>palang</i> angsal ater-ater {ke-}. Wujud tembung {ke-/L} minangka titikaning tembung kriya. Ater-ater {ke-} mujudaken teges kenging padamelan kados dene ingkang kasebut ing lingganipun.
248	..., salah satunggiling warga pangreh majeng, medhar sabda bab ihtiyar ngindhakaken seserepan. (KND, k. 97)	Kr	A		<i>Wedar</i> (Mardiwarsito, 1981: 673) tegesipun wedal. <i>Wedar</i> (Poerwadarminta, 1939: 659) tegesipun wedal, wudhar.	<ul style="list-style-type: none"> Tembung <i>medhar</i> saking tembung lingga <i>wedhar</i> angsal ater-ater anuswara {N-(ma-)}. Wujud tembung {N-/L} minangka titikaning tembung kriya.

Tabel Salajengipun

				<i>Medhar</i> tegesipun nindakaken pakaryan mudhar.	<ul style="list-style-type: none"> • Ater-ater {N-} mujudaken teges nindakaken padamelan kados dene ingkang kasebut ing lingganipun.
249	Wong bisa ndunungake awake kuwi, wong sing sugih sangu . (KND, k. 100)	Ar	L	<p><i>Sangu</i> (Mardiwarsito, 1981: 511) tegesipun ingkang dipunbeta.</p> <p><i>Sangoe</i> (Poerwadarminta, 1939: 545) tegesipun ingkang dipunbeta ing salebeting lelampaahan.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>sangu</i> kalebet ing tembung aran amargi ngandharaken aranipun barang ingkang dipunbeta ing lelampaahan. • Tembung <i>sangu</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
250	..., samanten wau ingkang tumbas sami kapanci, tiyang sabatih ing sadintenipun namung tiga kawan kati . (KND, k. 102)	Ar	L	<p><i>Kati</i> (Mardiwarsito, 1981: 273) tegesipun ukuran bobot.</p> <p><i>Kati</i> (Poerwadarminta, 1939: 192) tegesipun ukuran bobot.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>kati</i> ngandharaken araning ukuran bobot. • Tembung <i>kati</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
251	..., wekasan lajeng watuk utawi prasasat lajeng lumpuh. (KND, k. 103)	Ar	L	<p><i>Watuk</i> (Mardiwarsito, 1981: 668) tegesipun cekoh.</p> <p><i>Watoek</i> (Poerwadarminta, 1939: 658) tegesipun cekoh, lelara ing gurung njalari serak sarta nyuanten cekrah-cekreh.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>watuk</i> minangka araning lelara ingkang saged njalari serak. • Tembung <i>watuk</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
252	Kejawi punika panularipun influenza punika gampil sanget,... (KND, k. 103)	Ar	A	<p><i>Tular</i> (Mardiwarsito, 1981: 616) tegesipun mremen.</p> <p><i>Toelar</i> (Poerwadarminta, 1939: 612) tegesipun mremen ngengungi sanesipun.</p> <p><i>Panularipun</i> tegesipun caranipun mremen.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>panularipun</i> saking tembung lingga <i>tular</i> angsal ater-ater {pa-} lan sesulih purusa {-ipun}. • Tembung ingkang dipunsarengi tembung sesulih purusa minangka titikaning tembung aran.
253	Kacariyos, ing satunggiling dinten Den Bei Prajasusastra wilujengan ngraosaken,	Ar	A	<i>Putu</i> (Mardiwarsito, 1981: 452) tegesipun wayah.	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung <i>putunipun</i> saking tembung lingga <i>putu</i> angsal sesulih purusa {-}

Tabel Salajengipun

	ngawandasa dinten ajaling putunipun. (KND, k. 103)			<i>Poetoe</i> (Poerwadarminta, 1939: 503) tegesipun wayah, anakang anak. <i>Poetenipun</i> tegesipun wayahipun.	ipun}. • Panganggenipun sesulih purusa {-ipun} mujudaken teges pandarbe bab kados dene lingganipun.
254	“Ngrembug apa maneh ta, kok pijer blegandring bae kuwi?” (KND, k. 104)	Kt	L	<i>Pijer</i> (Mardiwarsito, 1981: 422) tegesipun tansah. <i>Pidjer</i> (Poerwadarminta, 1939: 490) tegesipun tansah.	• Tembung <i>pijer</i> ngandharaken katrangan <i>frekuensi</i> . • Tembung <i>pijer</i> wujudipun tembung lingga amargi boten rinaketan wuwuhan.
255	..., saha dados panglipur sawetawis ing atasipun tiyang kapegatan tresna. (KND, k. 106)	Kr	A	<i>Pegat</i> (Mardiwarsito, 1981: 417) tegesipun pedhot. <i>Pegat</i> (Poerwadarminta, 1939: 482) tegesipun pedhot, pepisahan. <i>Kapegatan</i> tegesipun kenging pedhot (tresnanipun).	• Tembung <i>kapegatan</i> saking tembung lingga <i>pegat</i> angsal ater-ater {ka-} lan panambang {-an}. • Wujud tembung {ka-/L/-an} minangka titikaning tembung kriya.

Tabel Salajengipun

Katrangan:

KND : *Kirti Njunjung Drajat*

k : kaca

A : Tembung Andhahan

Ar : Tembung Aran (*Nomina*)

Kh : Tembung Kahanan (*Adjektiva*)

Kr : Tembung Kriya (*Verba*)

Kt : Tembung Katrangan (*Adverbia*)

L : Tembung Lingga

Pr : *Partikel*

Wl : Tembung Wilangan (*Numeralia*)